Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги

Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети

Қарақалпақ әдебияты кафедрасы

# Миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебияты тарийхы

Улыўма жыл бойлық оқытылатуғын саат: 74
Лекция саат: 30
Әмелий саат: 28
Семинар саат: 16

Пән оқытыўшысы: Оразымбетова М.

НӨКИС-2007-ж.

# МИЛЛИЙ ОЯНЫЎ ДӘЎИРИ ӘДЕБИЯТЫ ТАРИЙХЫ ПӘНИНИҢ МАҚСЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

## Ж О Б А С Ы

1. Пәнниң мақсети ҳәм ўазыйпалары.
2. Миллий ояныў дәўири әдебиятының дәслепки басқышлары.
3. Дәўирге тарийхый, сиясий сыпатлама.
4. Миллий ояныў дәўири әдебиятында қыссаханлық.
5. Демократиялық идеялардың раўажланыўы.

XIX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы дәўирдиң ҳәр қандай тарийхый сиясий экономикалық, жәмийетлик бағдарларына сүйене отырып турмыс шынлықларын дәўир ўақыялары арқалы сәўлелендирип барды.

XIX әсир қарақалпақ шайырлары өз дәўиринде түрк халықларының ҳәм шығыстың уллы классиклери болған Беруний, Хорезмий, Ибн Сино, Фарабий, Хожа Ахмед Яссаўий, Нажмаддин Қубра, Нахшбандий, Замахшарий, Физулий, Низамий, Суўпы Аллаяр, Мәшраб, Наўайы, Мақтумқулы ҳ.т. басқалардың дунья жүзлик әдебияттағы орнын түсинип, өзлерине оларды устаз тутып, үлкен әдебий жолын қабыллап, поэзияға негиз салды. Бул негиз тек ғана талантлыларға тән болды.

Миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебияты мазмуны жағынан қарақалпақ әдебияты тарийхының даўамы сыпатында өзиниң мақсет ҳәм ўазыйпаларына ийе. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхына жанаша көз қараста анализлеў, сондай-ак әдебият тарийхында аз сөз етилип киятырған Қоразбек, Сапиўра, Қазақбай шайыр ҳаққында пикир жүргизиледи. Бул дәўир әдебияты ўәкиллеринин миллий демократиялық идеялары, Ўатанға сүйиспеншилик, терең гуманистлик пикирлер бизиң ғәрезсиз дәўиримизде өз әҳмийетин жоғалтқан жок.

„Перзентлеримиздиң тамырларында инсанияттың руўхый байлығына үлес қосқан Ә.Тимур,Имам Бухарий, ибн сино, мырза Улығбек, А.Наўайы, Бабур сыяқлы бабаларымыздың қаны ақпақта“ деп жазған еди президентимиз И.Каримов.

Қарақалпақлар қарақалпақ халқы деген этниканы алғаннан баслап, ҳәттеки оннан бурын халық арасында талантлылар, шайырлар, бақсылар-жыраўлар, шешенлер, дилўарлар болған ҳәм олар өз дәўирине, талантына ылайықлы дунья көз қарасларына сәйкес түрде белгили дәрежеде үлкен, киши әдебий көркем шығармалар дөретип отырған. Бизге белгили Жийен, Кунхожа Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Гулмурат, Сарыбайларға дейинги аты бизге нәмәлим шайырлардың болғанлығы, бирақ жазыў сызыўдың белгили мәмлекетлик ғамхорлығында

болмағанлықтан, ғалаба халық аралық баспасына ийе болмағанлықтан олардың халыққа берген шығармалары да, жақсы ойларыда, пикирлери де умытылып кеткен. Бундай көркем әдебияттың болғанлығын, шайырлардың болғанлығын ҳәм олар үлкен, киши шығармалар дөреткенин дәлиллейтуғын дәлиллер бар. Ол қарақалпақ халқының бизиң дәўиримизге келип жеткен көркем аўыз еки дөретпелери болып табылады. Бүгинги күнги ХХ томлық қарақалпақ фольклоры-ның ХХ әсирге жетиўи ҳақыйқый мысал. Қарақалпақ фольклорындағы нақыл-мақал, халық қосықларынан баслап дәстанлар дөреткенге дейинги мысал мол мәдений, әдебий ғәзийнениң алтын фонды екенлиги ҳеш кимди гуманландырмаса керек. Әлбетте қарақалпақ миллий ояныў дәўири әдебияты тарийхына мысал етип алынатуғын ҳәр бир көркем шығарма бирден күн шыққандай шашырап шыққан, тосаттан болған дөретпелер емес. Оның белгили авторлары бар. Ел, халық, жәмийетшилик елегинен өткен шығармалар ояныў дәўири ушын анализленетуғын дөретпелер. Ҳәр қандай дөретпениң сол халықтың әдебий алтын ғәзийнесинен шығып басқа халықларға өз халықының шайырларының шығармасындай етип қабыл етилиўи, танылыўы өз дәўиринде қарақалпақ классик шайырларының утысы болды. Демек Жийен, Кунхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳ.т.б. шайырлардың дөретепелери қоңсылас өзбек, қазақ, түркмен ҳәм басқа да халықлар арасында жоқары баҳаланды ҳәм олар өз қунын жойтпаған.

XIX әсирде жасаған ҳәр бир шайыр қарақалпақ әдебиятында сол дәўир ушын дуньялық тарийхый, жәмийетлик сиясий бағдарда жуўап берерликтей шығармалар дөретти. Олар ҳақыйқый өзи жасаған дәўирдиң адамлардың сана-сезимин оятқан, дунья жаңалақларына көзлерин ашқан, ҳәр бир инсанның ҳүждан тәрезисин өлшес-тирген сол дәўирдеги тарийхый турмыстың шынлығын демократик бағдарда жазып түсиндирген шайырлар болды. Сонлықтан да олардың ҳәр бир дөретпелери бүгинги күнимизге дейин әўладлар жүрегинде мәңги сақланып келмекте. Ал XIX әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхының миллий ояныў дәўирине арналған дөретпелери XIX әсирдиң классикалық әдебиятында заңлы рәўиште раўажланған әдебий көркем дөретпелериниң бири болып, ол миллетимиздиң әсирлер даўамын-дағы халық дүрданасы болған көркем шығармаларының заңлы даўамы болып есапланғанлығын билемиз. Бул дәўирдеги қарақалпақ әдебияты (XIX әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басы) XIX әсир миллий ояныў дәўиринде дәслепки шығармалардан гөре анағурлым тезлескен, ҳәр тәреплеме раўажланған, жетилискен, жәмийетлик, сиясий, тарийхый дәўирдиң уллы бурылыслар қатарындағы әдебияты болды. Бул дәўирдеги миллий әдебияттың ояныў бағдары тез-тезден өзгерислерге ушырап атырған жәмийеттеги үлкен тосқынлықлардың этаплы өзгериў бағдары менен үнлес болды.

1873-жылғы Россия патшалығының Хийўа ханлығына топылысы усының нәтий-жесинде халықтың екиге бөлинип Әмиударьяның сол жағасындағы миллетлер Хийўа ханлығының сиясатын даўам етип қалғанлығы ҳәр бир қарақалпақ шайырына еки-үш тәреплеме тәсир етти. Ким, қайсышайыр, қайсы патшалық,ханлықтың идеологиясын, елди раўажландырыў бағдарын қалай, қәйтип жырлаў керек деген мәселелер турды. Қарақалпақ халқының Хийўа ханлығына ҳәм ақпатшаға қараған еки топарына да патшалық, ханлық сиясатына бөлиниўлер халықлардың этникалық бөлиниўлерине, бузылыўларына жол қоймады. Оған бириншиден халықлардың, миллетлердиң өзлери-ниң жасаў тиришилигин сақлап қалыўына умтылыўлары себеп болса, екиншиден, еки тәрептиң халықларының әсирлер бойы қоңсы қатар отырыўы, жасаўы, қыз алысып, қыз бериўи қарым-қатнаслардың бурынғысынша даўам еттирилиўине мүмкиншилик туўдырды. Үшиншиден еки халық еки ханлыққа қарап турса да той мерекелериниң, салт-саналарының, үрп-әдетлериниң бурынғысынша сыйласықлы түрде қалыўы узақ әсирлер бойы терең байланыстың келешекте де үзилмейтуғынының тийкарғы себепшиси болды. Бул қарақалпақ халқының енди бөлинип жоқ болып кетеди, дарьяның арғы жағы, берги жағы, бир-бирине өшпенли болып қалады,-деген басқа халықлардың гейпара басқарыў-шы топарларының ойларының пассыққа шығып, қарақалпақ халқының келешекте де мәнги бөлинбей жасайтуғынына исеним туўдырды. Ең тийкарғысы ҳәр қандай тарийхый шәриятлар жүз бергени менен қарақалпақларда елдиң үрп-әдетин, әдеп-икрамлығын, бирлигин өз-алдына халықлар психологиясын, характерин, минез-қулқын, жасаў тиришилигин, тил бирлигин дәлиллейтуғын миллий әдебияты менен көркем өнерлерин де халықлық мәдениаттың раўажланыўына да, сақланыўына да терең тәсир етти. Халықтың бул миллийлик өзгешелиги жаңа басқышта да даўам етти. Қайта бул дәўирде халық шайырларының қосықлары халықтың мәпин, бирлигин жырлайтуғын ҳәм қорғайтуғын көркем әдебият болып раўажлана баслады. Бул дәўирде дөретилген көркем әдебияттың руўхы халықтың көз-қарасын жаңа заманға, дунья әлеминде болып атырған жаңалықларға айрықша оятты. Бул дәўирдеги миллий қарақалпақ әдебиятты өзинен бурынғы Жийен, Кунхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш, Сарыбай, Гүлмурат шайырлардың дөретпелериндеги баслы проблемалардың, көз-қарасларының тийкарында раўажланып олардың традицияларын жаңа дәстүрлер менен байытты. Демек халықта жаңа дәстүрлер, ҳәдийселерди таныў, халықтың дәўир сиясатына, тарийхый жағдайына болған көз-қарасын қозғады ҳәм бурыннан бир қәлипте жатып қалған жабық кеўиллерине қозғаў салған дәўир болды. Солай етип XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ миллий әдебиятында ояныў дәўириндеги дәслепки тарийхый басқышының қарлығаш-лары болды. Олар: Аннақул Мәмбетхожа улы, Қулмурат шайыр, Бегжан Нурым улы, Қоразбек Разбек улы, Садық Тоқпан улы, Әбдиқәдир Бекимбет улы, Қазы Мәўлик

Бекмухаммед улы, Сәпиўра Жайылбек қызы, Жаңабай Қаратай улы, Омар Сүйирбек улы, Аяпберген Муўса улы, Аббаз Дабыл улы ҳ.т.б. талант ийелери болды. Булар заманның өзгерислерине бирден түсинип кетпестен әсте ақырынлық пенен, ҳәттеки айырым қарама-қарсылықлар менен шығармалар дөретти.

1873-жылдан соң қарақалпақлардың бир бөлегиниң Россия қол астына қарағанлығы себепли Астрахан, Оренбург, Казань, Маскеў, Санкт-Петербург қалалары менен тынбай байланыс жүргизди. Ҳәтте орыс мәмлекети арқалы Европа мәденияты, әдебияты, тарийхы менен кеңнен танысыўға мүмкиншиликлер ашты. Усының себебинен араб-парсы шығысының көп гүрриңлери, ертеклери, дәстанлары араб парыс тиллеринен аўдарма есабында қарақалпақ оқыўшыларының қолларында болды. Бул жерде де усы нусқалар қолдан-қолға көширилип тарқатылды. Соның менен қатар орыс тилиндеги журналлар, газеталар, әдебий китаплар елге тарай баслады. Башқурт, татар, орыс драма-турглериниң айырым нусқалары да таралды. Орысша ҳәм жергиликли тиллердеде газета журналлар таратылып турды. Солай етип XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларында дүнья халықлары тарийхындағы көплеген Қарақалпақстанда жасаўшы саўатлы адамлар, саўдагерлер ҳәм тағы басқалардың жәрдеми менен халықтың ой-өрисин ашыўға дунья таныўына болған көз-қарасларын кеңейтиўге мүмкиншилик ашыла баслаған. Халық енди Хорезм ойпатлығында бурыннан жасап атырған Бухара, Хийўа мәденияты, тарийхы менен байланысқан халықтан дүньялық мәдениятқа, дүнья тарийхына өзиниң ояныў илҳамын аша баслаған саўатлы елге айлана баслады. Қарақалпақлар ушын бул дәўирдеги ең жақсы болған жағдай Хийўа ханлығындағы, орыс сорамағында жасап атырған халықлардың ислам динине сыйыныўы, халықта бурынғысынша еркин раўажланыўына мүмкиншилик берилгенлиги болды. Динди еркин үгит-нәсиятлаў ҳәтте ҳәр бир адам қәлегенинше өзинде илим, билим топлаў мүмкиншилигине ийе болыў еркинлигинде көринди. Усы дәўирде қарақалпақларда да бурыннан ата-бабалардан киятырған уллы жол менен мешит-медиреселерде жоқары илим-билимге ийе күшли адамларды тәрбиялаў, жетилистириў, оқытыў мүмкинши-лиги, қәниге таярлаў ислери ең билимли илимий орайлар болған Ақжағыс бойындағы Бес мешит медиресесинде, Қум өзек медиресесинде, Шеккидеги медиреседе, Назархандағы Тас медиресесинде үлкен мүмкншиликлер туўдырылды. Оның үстине қарақалпақлардың бабалары тәлим алған Бухара, Хийўа медиреселеринде журтшылықтың саўатлы ул-қызлары өз оқыўларын даўам етти. Солай етип қарақалпақларда саўатлы адамлардың саны көбейди.

Ҳәр бир аўылда, елатта мектеплер болды. Халыққа билим бериўде медиресе типиндеги мешитлер көбейди. Онда ел ишиндеги талантлы ул-қызлар билим алды, оқымыслы адамлар дәрис (сабақ) берди. Биз өтип атырған әсирдиң

кейинги жыллар-ында бизлер билетуғын Қоразбек Разбе улы, Қазы Мәўлик Бекмухаммед улы, Аббаз Дабыл улы қусаған ҳәм молла, ҳәм ийшан, ҳәм аўдармашы ҳәм шайыр ҳәм қыссаханлар өзлери билим алыўы менен бирге келешек әўладлар ушын ҳәм өз заманы ушын дуньяға белгили дәрежеде ат қалдырды. Олар қыссаханлық етти, қыссаханлар мектебин шөлкемлестирди ҳәм бир қанша шәкиртлер таярлап шығарды. Олардың дөретпелеринде ең тийкарғы әҳмийетли мәселелердиң бири тек шайырлық, қыссаханлық ғана емес, араб, парсы ҳәм басқа да тиллерден қарақалпақ тилине көркем шығармаларды аўдарыў мәселеси менен шуғылланыўында болды. Бул дәўирде қарақалпақлардың сүйип оқыйтуғын, жақсы көрип тыңлайтуғын туўысқан түркий халықларының дәстанлары есапланған. „Юсуп Ахмет“ „Гөруғлы„, „Саятхан Ҳамра“, “Ғәрип ҳәм Шаҳсәнем“ дәстанлары парсышадан түрк тиллерине аўдарылды. Фердаўсийдиң көп шығармалары әсиресе, „Рүстем„ дәстаны, Әл Хорезмий, Әл Беруний, Фарабий, Низамий, Физулий, Наўайы, Мақтымқулы шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылып саўатлы моллаларға таратылды. Солар арқалы халықтың сүйикли шығармаларына айланды. Бул дәўир қарақалпақларда ислам дининиң ең күшейген дәўири болғанлықтан ҳәм халықтың саўатлылығы жоқары дәрежели болғанлықтан араб шығысынан кирген „Рүстем зал„, „Ҳамире Ҳамзе„, „ Шаҳри Барбар“, „Шаҳри Ғайбар“, Мухаммед, Иса пайғамбарлар ҳаққында “Мың бир түн“ ертеклериниң көплеген түрлери қарақалпақ тилине қол жазба формасында аўдарылып журтшылыққа таратылып отырды.

Россия қарамағындағы қарақалпақларда Төрткүлде үлкен китапхана, Шорахан, Шымбай уездлеринде китапханалар ислеп турды. Бул жерлерде, сондай-ақ байланыс мәселелери, кишкене медпунктлер ашылды. Берман келе Л.Толстойдың, Алексей Толстойдың, Чеховтың, Горькийдиң гүрриңлери менен көпшилик китап қумарлар жақыннан танысыўға мүмкиншилик тапты. Солай етип бул дәўир орыс, Европа халықлары арқалы шығыста арабша, парсыша оқыйтуғын халықлар менен бирге ҳәр қыйлы қатнасықларды күшейтип қарақалпақлардың жәҳән мәдениятына, әдебиятына қол созған дәўири болды. Сондай-ақ қарақалпақларда тарийхый естеликлерди қәстерлеў, оларға ҳүрмет етиў, раўажланған ел сыпатында өз алдына миллий айырмашылықларға ийе болыўға ҳәрекет жасады. Бул дәўирде қарақалпақлар аз ғана аймақты ийелеседе жәҳән халықлары менен тең қатарда турып елдиң, халықтың ғәрезсизлиги ушын ҳәр бир адам хызмет иследи. Қарақалпақ халқының тарийхый раўажланыўы жағдайларын дүнья тарийхына, дунья энциклопедиясына жазып киргизип қалдырыў, солай етип саналы түрде әтирапқа қол созып халықтың илимий ой-өрисин жаңа дәўирге ийкемлестириўге жол алды. Бул дәўирдеги қарақалпақ халқының мәдениятын, әдебиятын алып жүриўшилер, дөретиўшилер, таратыўшылар сол дәўирдиң көркем шығармаларын дөреткен халық шайырлары болды. Олардан: Аннақул, Қулмурат, Бегжан, Қоразбек, Сыдық, Әбдиқәдир,

Қазы Мәўлик, Сәпиўра, Жаңабай, Омар, Аяпберген, Аббаз шайыр қусаған халық талантлылары усындай тарийхый дәўирде жасап мәденияттың жоқары дәрежеге көтерилиўиндеги миллий орталықта дүнья мәдениятына, әдебиятына үлес қосқандай дөретпелер жазды. Олар тек ғана шайыр, қыссахан емес саўатлы аўдармашыларда болды. Олардың ҳәр бир шығармасы өзи жасап турған жәмийеттеги турмыстың ҳәмме салаларына жуўап беретуғын барлық ўақыялардан өз сәўлесин табатуғын қунлы, мазмунлы, жаңа идеяларға толы шығармалар дөретти. Бул дәўирде қарақалпақлардың балалары ҳәм қызлары Хийўа, Бухара медиреселеринде оқып тек саўат ашып қалмастан олардың ең жақсы тәлим алып питкергенлери Хийўа, Бухара медреселеринде сабақ берген. Ҳәр қандай миллеттиң адамы өз халқының тарийхын, мәдениятын, әдебиятын жоқары шыңларға көтерип әдиўлеўди өз миннети деп билиўи шәрт. Солай екен келешек әўладларға өткен әсирлеримиздиң барлық жақсы дәстүрлерин, үрп-әдетлерин ардақлап көрсетиў бизлердиң пайымызға тийисли екен миллий ояныў дәўири әдебиятында халықтың өткен әсирлердеги мәдениятын, әдебиятын үйрениў менен бирге келешекте жас әўладлар ушын сиясий, жәмийетлик, тарийхый ўақыяларды да үйретемиз.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы тарийхый, сиясий жағдайлар пайда еткен төмендегидей ўақыялар болды. Бул дәўирде Россия патшалығында ҳәм оның қол астындағы губернияларда, аўылларда дуньяны титиреткен сиясий, тарийхый, жәмийет-лик жағдайлар көплеп жүз берди. Бул жағдайлар өз дәўиринде қарақал-пақларға да тәсир етти. Усы тарийхый жағдайларда қарақалпақлар жәмийетшилигинде өз тәғдирин басқа халықлар менен байланыстырып отырған ҳәр қыйлы кейиптеги идеялар да тарала баслады. Бул халықтың сиясий жағдайларында айырым өзгерислер пайда етиўге тәсир етти. Ол жылларда Түркистан генерал губернаторының қарамағында „Самарқанд“, „Русский Түркестан“ “Туркестанская ведомости“, “Среднеазиатская жизнь“, “Туркестанская туземная газета“ деген атлар менен газеталар шығып турды. Сондай-ақ булардан басқада орыс патшалығын жәмийетлик жасаў турмысын өзгертиў мақсетинде Россия капитализмин жоқ етип оның орнына қандай да бир жаңа жәмийет қурыў мақсетинде большевиклердиң прогрессивлик пикирлери сөз етилетуғын газета, журналлар жасырын түрде шығып тарқатылып жүрди. ә*0*-ә*әә жылларда “Искрашы“, “Средняя Азия“, “Молла Насретдин“, „Пушкин жәмийети“ қусаған сиясий газета журналлар социал демо-кратиялардың атынан елге тарады. Азербайжан менен Орта Азияда, әсиресе, “Молла Насретдин“ журналы үлкен әҳмийетке ийе еди. Биз турмысымыздағы болып өткен көп тарийхый жағдайдарға онша итибар бере бермеймиз. XX әсирсдеги қоммунистлик партияның идеологиясы, әсиресе, қарақалпақ халқының өтмиштеги сиясий бағдарын, саўатлылығын, дүнья әлеминде пайда болған ҳәм оннан үйренген, өзлери қәлеп тапқан прогрессивлик бағдарларды

халықымыздың терең таныўын бийкарлап таслаған еди. Бәлким қарақалпақлардың алдыңғы қатар деп есапланған халық басшылары, шайырлары усы дәўирде дөретпелери шынға шыққан танымалы халық шайырлары Қоразбек Разбек улы, Қазы Мәўлик, Қулмурат Қурбаналы улы, Әбди-қәдир Бекимбет улы, Сыдық Тоқпан улы, Омар Сүйирбек улы, Сейфулғәбит Мәжит улы, Аяпберген Мууса улы қусаған қарақалпақ халқының усы дәўириниң саўатлы шайырлары, жоқа-рыда биз айтқан газета-журналларды, әлбетте, оқыған ҳәм түсинген, сиясий бағдар алған деп ойлаймыз. Себеби бул дәўирде қарақалпақларда қыссаханлықтың ең раўажланған дәўири еди. Ҳәммеге мәлим кыссаханлар саўатлы адамлар болған. Олар ҳәттеки басқа бир тилден қарақалпақ тилине әпиўайы хабарларды ғана емес, ал қосықларды, ертеклер-ди, қыссаларды, дәстанларды да аўдарып оқыған қолы менен көширип таратқан адам-лар. Бул адамларға әпиўайы қараў, елге таралып атырған сиясий бағдарларды газета журналларды оқый алатуғынлығы әлбетте мүмкин еди. ә*0ө-0ў жылларда қарақалпақ-ларда да Россиядағы сиясий бағдардың тәсириндей ҳәр қыйлы мухамдағы миллий азатлық ҳәрекетлери пайда болғанлығы мәлим. Бул жылларда Мойнақ, Үргеде балық санаатында ислеп атырған жумысшылардың қозғалаңы күшейди. Ал ә*әғ-әң жылларда Арал теңизиниң қубласында жергиликли ҳәкимлерге қарсы халықтың ҳәдден тысқары көз қарасы күшейди. Ал ә*әү-жылы пүткил Қарақалпақстан бойынша кең таралған көтерилислер болды. Булардың барлығы Орта Азияға, соның ишинде қарақалпақларға сыртқы тәсирдиң күшейгенлигинен дәрек береди.

XIX әсир қарақалпақ шайырларының көп жыллық халықлық дәстүри халыққа миллий азатлық ушын, ғәрезсизлик ушын жан күйдирип дөреткен әжайып шығармаларындағы олардың арзыў-әрманлары, тилек нийетлери өзлеринен кейинги Аннақул, Әбдиқәдир, Қулмурат, Бегжан, Сыдық, Омар, Қазы Мәўлик, Разбек, Сапура, Жаңабай ҳәм тағы басқалар ушын үлкен прогрессивлик жол болды. XIX әсирдеги устаз шайырларY Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Сарыбай, Гүлмуратлар халықтың азатлыққа болған идеяларын утопиялық дәрежеде арман еткен болса, XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы шайырлар өзлериниң халықлық демо-кратиялық турмысты ҳақыйқатлық пенен жырлаў, келешекке анық дәрежеде пикир билдириў, жәмийеттиң өзгериўине қандай да бир үлес қосыў өзгешеликлери менен айрылып турды. Себеби бул еки дәўирдиң әдебий, мәдений тарийхый, сиясий экономи-калық жәмийетлик қатнасықлар-ында төмендегидей белгилер жүз берди.

ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларында өткен усы әсирдиң биринши ярым-ындағыдай қарақалпақларда бир тутас халықлық әдебий, мәдений орталық өзиниң прогрессивлик раўажланыўын тапты. Бул дәўирде көркем әдебият социаллық жақтан халықтың ғамын ойлаўда жәмийетте үлкен роль ойнайды. Шайырлар әсирдиң биринши ярымындағыдай дара жасаса да көркем

ғәзийнемизди дөретиўде олардың қәлеминиң идеялары бир бағытта раўажланды, жәнеде ўақыяларды сүўретлеўде ҳақыйқый шынлық жөн алды.

ғ. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында пайда болған миллий әдебиятымыз халықлық, демократиялық, гуманистлик дәстүрлерди даўам ете отырып халықтың ҳәдден зыят өткен дәўирлерге қарағанда да әдалатсызлыққа қарсы гүрестиң характериниң бир қанша өскенликти, олардың жобаларындағы анықлықты, шығармалардағы айрықша-лықларды өзгеше сезе баслайтуғын дәўир болды. Бул дәўирде тарийхый ўақыяларды анық сөз ететуғынY „Не пайда“, “Бар екен“, “Он тоғыз“, “Заман“, “Ол неге дәркәр“, “Қазы ийшан“, „Мәрдикәр“ қусаған темалардың жаңа түрлери пайда болды. Бундай тема-лардың айқынласыўы XIX әсирдеги әдебиятта да көринген еди, бирақ ол темалардың бир қаншалары тарийхый темаларды есапламағанда улыўмалық характерге ийе болды. МысалыY „Орақшылар“, “Шопанлар“, “Заман“, “Жаз келерме“, “Болған емес“, “Бозатаў“, „Айдос бий“, “Ерназар бий“ ҳәм тағы басқалар. Бул ўақыя-лардың шығыў дереги ҳәм жазылыўы сол дәўирдиң идеологиялық гүресинен келип шықты. Ҳәр қандай ҳақыйқат-лық ушын тартыслы машқалалар көркем әдебияттың сапасына үлкен тәсир ететуғын-лығы тәбийий нәрсе. Ярым әсир даўамында Қарақалпақстан территориясында болып атырған сыртқы ҳәр қыйлы ҳәдийселер сол дәўирдеги шайырлардың шығармаларына да тәсир етпей қалмады. МысалыY Орыслардың Хийўа ханлығын, Орта Азияны жаўлап алыўы, ол жерлерде пайда болған сиясий, экономикалық, тарийхый өзгерислер Омар, Қулмурат, Аннақул, Сыдық, Аяпберген, Қазақбай, Жаңабай, Аббаз шайырлардың өз-лерине, ойларына, пикирлерине айрық-ша тәсир етти. Сол дәўирдеги шығармалар жаңа басқышларға көтерилди.

қ. Бир неше әсирлер бурын жүзеге келген жазба әдебият XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында ҳәр тәреплеме анықлығы менен, ҳәр бир шайырдың толық дәрежеде өз шығармаларын жазып дөреткенлиги белгили болды. Өйткени бул дәўирде туппа туўры анық турмысты, болып өткен ҳәм болып атырған өмирди сүўретлейтуғын темалар пайда болды. МысалыY АннақулдаY „Қазыўда“, „Ораз алды“, „Сайланған ақсақалға“, „Бекпан шағылда“, „Есберген“, Қулмуратта „Он тоғыз“, „Залымлар исин үдетти“, „Айекешке“, „Бегдиң көк аты“, „Жүз басы“, Сыдықта: „Заман“, „Ақ қапшық“, „Әбий сағал“, „Пирманбайдың дийханына“ Жаңабайда „Қазы йишан“, „Даўыт көл“, „Зеригер“, „Нурымбет мақсымға“, „Ақсүңгил“, „Айжамал“, „Арыўхан“ ҳәм басқа шығармаларды көрсетиўге болады. Бул шығармалар арқалы ояныў дәўириндеги реалистлик бағдарлар-дың терең өзлестирилгенлигин ҳәм ҳақыйқый жазба әдебиятлық белгилерди көремиз. Усы дәўирдеги шайырлардың шығармалары арқалы өткен XIX әсирдеги шайырлық шеберликке қарағанда көркем дөретпелердиң ўақыяларының анағурлым анықлығын, жазба әдебияттың сиясий жәмийетлик жақтан туўры жолға түскенлигин анықлаймыз.

ң. Бул дәўирде XIX әсир әдебиятының дәстүрин толық даўам етип, ҳақыйқый бир тутас миллий әдебий тилдиң дүзилиўин ҳәм қәлиплесиўин көремиз. Шайырлар арасын-дағы мәдений ағым яғный бурынғы жол олар ушын үлги болып хызмет етти. Көплеген әпсаналар, жазба естеликлер қайта исленди, әсиресе бул дәўирде қыссаханлық күшейди. Өйткени ҳәр қандай халықта жазба мәдeният қәлиплескен сайын әдебий тилдиң норма-ларының жетилисип баратуғыны тәбийий процесс. Араб-парсы, түркий халықлар елле-рiниң көркем әдебиятлары қарақалпақ тиллерине көбирек аўдарылды. Бул халқымызды дүнья мәденияты менен таныстырыўда үлкен жол ашты. Усылардың себеплеринен қарақалпақларда бир неше жерде қыссаханлық мектеплери пайда болды.

XIX әсирдиң екинши ярымына келип Қарақалпақстанда жыраў жоллары, бақсышы-лық, қыссаханлық жолы бурынғы дәўирлерге қарағанда өз алдына үлкен бир мәдений бурылыстыпайда етти. Усы дәўирде қарақалпақларда дуйым журт, пүткил халық мойын-лаған: Қоразбек мектеби, Сейфулла мектеби, Қазы Мәўлик мектеби, Қурбанбай мектеби, Балтабай мектеби деген қыссаханлықтың даңқлы орайлары пайда болды. Мине усы аты әлемге белгили орайлардың өз дәўиринде, әсиресе, XX әсирдиң басла-рында бир қанша қыссаханлар мектеби ҳәм олардың жаңаша талантлары көрине басла-ды. Олар өзлериниң саз даўысқа салып қосық, қысса, дәстанды оқыў усылы жағынан ҳәр қыйлы топарларға бөлинеди. МысалыY бир ғана Қәўендер бала мектебинен Аббаз, Қазақбай, Қурбанбай, Балтабай, Ҳилал, Сейтурза қусаған атақлы қыссаханлар жетилис-ти. 1917-жылға дейинги қарақалпақ әдебияты тарийхында бақсылар, жыраўлар менен тең қатарда турып халықтың, журтшылықтың, тыңлаўшылардың кеўиллерин өзине толық қарататуғын қыссаханлық жолы өз раўажланыўын тапты. Әлбетте, қыссақанлық жол оғада аўыр еди. Халықтың миллий санасына сиңиў еркин жол алыў бирден болмады. Солайда қыссаханлық халықлық мәдениятты, үрп-әдетти, көркем өнерди, журтшылық арасында еледе мәнги сақлап қалыўдың үлкен бир тәжирейбе мектеби болды. Усы үлкен машақатлы жолды басып өтиў шеберликти, талантты, көп излениўди халықтың кеўиллеринен табылғандай шығармаларды таңлап алыўға байланыслы болды.Қыссақанлық бүгинги күнимизден бир ярым әсир бурын өз раўажланыўын тапсада, 1920-30-жылларға келип оған мәмлекет тәрепинен анық кеўил бөлинбеди. Әсиресе, 1950-жылдан кейин жыраўшылық, бақсышылық, қыссаханлық мәселелери тийкарғы мәдений болжаўлардан шетте қала баслады. Сонлықтан да Өзбекстан Республикасына ғәрезсизликтиң берилиўи жыраў, бақсы, қыссақанлық тарийхларын қайта тиклеўге, миллий мәдения-тымыздың халық сүйген дүрданаларын бурынғы ҳалына келтириўге мүмкиншилик тапты. Солай етип қыссахан дегенлер ким, олардың басып өткен тарийхый жолларын бүгинги әўладларға қалай түсиндириў зәрүр деген мәселе үлкен мащқала болып қалды. Әпиўайы қарағанымызда қыссақанларды журтшылық сазсыз, әспабсыз, ядлаған қосықларын ямаса жазба

түрде жазылған шығармаларды, қыссаларды, дәстанларды өз ҳаўазы менен даўысқа салып айтатуғын, оқыйтуғын адамлар деп түсинеди. Лекин олардың да көплеген сырлары бар.

ә. Қыссақан болыў ушын қыссаханлар оғада саўатлы адам болыў керек. Олар фольклорлық шығармалар болама, ямаса шайырлардың жазба түрдеги дөретпелери болама, қосықлары болама, оларды жазып алып, көширип шығып,биразларын ядлап халыққа, тыңлаўшыларға таратыўшылар ҳәм өзинде раўажландырып сақлаўшылар болады.

ғ. Қыссаханлар түрк тиллес ҳалықлардың ҳәм басқада араб, парсы тилиндеги дүнья-ға кең жайылған шығармаларын өз тилимизге аўдарып таратыўшылар да болды. МәселенҮ Хожа Ахмет Яссаўий, Суўпы Аллаяр, Нажимаддин Қубра, Бақырғаний, Мәшираб, Наўайы, Мақтымқулы ҳ.т.б. шығармаларының өз нусқасында бизге келип жетиўинде қыссаханлардың роли күшли. Сондай-ақ түркий халықлардың дәстанлары болған «әрип-Ашық, Ашық-Ҳамра, Юсуп-Ахмет, Юсуп-Злийха, Гөруғлы ҳәм тағы басқада көплеген дәстанлардың бизиң халқымызға таратылыўында қыссаханлардың излениўшилиги, аўдармашылық шеберликлери, сулыў хаткерлиги себеп болды. Бизиң заманымызға келип жеткен белгили қыссаханлардың бири Аббаз Дабыл улы болып, ол атақлы қыссахан Қәўендер балаға қыссаханға шәкирт болған. Оннан көп ғана лирикалық қосықларды, халық дәстанларын жазып алған. Мысалы: оның Баба Раўшан, «әрип Ашық дәстанларының мудамы жеке репертуарында болыўы ҳәм оларды өзиниң шығар-малары менен бирге өмириниң ақырына дейин халық арасында таратқаны, оқығаны үгит-нәсият еткени кешеге дейин белгили.

Қыссаханлық қарақалпақларда үлкен ҳүрмет пенен ен жайған. Оның белгили топарлары, орайлары, мектеби болған. Сонлықтан да бул кәсипти ийелеўшилер халық ҳүрметине миясар болған.

қ. Қыссаханлық қарақалпақ әдебият тарийхында үлкен орны бар, атқарыў-шылық талантқа ийе өз алдына талант ийелери есапланған. Оны ийелеўшилер ҳәр қыйлы мектеплерден шықты. Мектеп үйретиў, аўдармашылық усылы, ҳаўаз уғымы, оның белгили ырғақлары менен айырылып турған. Қарақалпақларда қыссаханлықтың Әжи-нияз жолы, Қәўендер бала жолы, Қ.Мәўлик жолы, Сыдық қыссахан жоллары бар. Булар өз алдына үлкен орай болып талантлы адамларды әтирапына топлаған, халықлық мәдений процессти өзлеринде жәмлеген мектеплер. Қыссаханлар арқалы шығармаларды атқарыўда қосықтың ҳаўаз арқалы халыққа жеткен жолын нама демей, қыссаханлық жолы деп атаған. Бул жоллар ң0-ө0-ү0 жылларға дейин биреңсараң келип жетти. Себеби қыссаханлықты 1920-жыллардан кейин совет власты идеологлары ислам идеологиясы-ның бир шақабшасы деп танып оның раўаж-ланыўына кедерги жасады. Деген менен халық өзлериниң арасындағы талант ийелерин 60-жылларға дейин алып келди. Олар бурынғыдай кең тарқалмаған менен советлик

дәўирдеги шығармалар арқалы-ақ өзиниң белгили жолына ийе болды. Әсиресе, ең көп таралған  Әжинияз жолы, Аббаз шайыр жолы, Рам шайыр жоллары дәўирдиң бир нәпес бөлиминде өзиниң раўажланыўын даўам етти. Қыссаханлық бул мәдений, әдебий мийрасларымыздағы, қарақалпақ жәмийетши-лигиндеги ең жақсы раўажланған, алдыңғы идеяларға толы, халықты, журтшылықты өзине көп қаратқан ҳәм мәдений мийрасларға қызықтырған өз дәўириниң алдыңғы қатар өнери болды. Бирақ XX әсирдиң биринши шерегинен кейин халқымыздың қызыққан өнерине өз ўақтында аўыл, қала, областлық, басқарыў административлик мекемелерден бурынғылардай қоллап-қуўатлаўлар болмады. Ҳәтте қыссаханлар қасымызда жүрседе бурынғыдай оларға итибар бериўшилик ә**0 жылларға дейин бүгинги күнимиздей жақсы итибар берилмей келди. Себеби бул  жолды халық жақтырмағанлықтан емес, бул жолдың советлик идеологияға сәйкес келмеўшилигинен.

Әдебий процесслердиң дуньялық масштабта раўажланыўын алып қарайық. Көп-шилик халықларда телевизордан көрип, радиодан еситкенимиздей-ақ фольклорды ҳәм фольклорлық атқарыўшылық өнерди ҳәр бир халық сүйеди, оның атқарыўшы талант-ларын үлкен мақтаныш пенен үгит-нәсият етеди. Алайық өзбеклер, қазақлар, түркмен-лер, орыслар, англичанлар, французлар, ҳиндлер, араб еллеринде ҳәм т.б. халықларда дәўир талабына сәйкес атқарылыўы да ҳүрмет, иззетке ийе. Бул әлбетте, ҳәр бир халықтың өзлериниң ата-бабадан қалған мәдений мийрасларын, әдебий алтын ғәзийне-лерин ҳүрметлеў деген сөз. Қарақалпақларда қыссаханлық жолы ең ҳүрметли жол болған. Себеби жыраўлар, бақсылар жоқта кишигирим салтанатлы мәжлислерде қыссаханлар үлкен орын ийеледи. Ҳәтте гейпара мерекелерде бақсы-жыраўларды тоқтатып, қыссаханларды тыңлайтуғын болған. Мине усындай кийели жолды  халқымыз бүгинги күнимизге дейин әўладтан-әўладқа жеткерип келди. Ҳәзирги дәўирде де көпшилик шайырларымыз өз шығармаларын қыссаханлық жол менен оқып бермекте. Бул халықлық (1959 ж), Қ.Айымбетовтың “Халық даналығы“ /ә*үҳ ж./, Ә.Пахратдинов “Халық шайырларында шайыршылықтың келип шығыў тарийхынан“ /ә*ҳң/  деген илимий мийнетлеринде терең мазмунлы пикирлер айтылған. Деген менен бул мийнет-лерде совет идеологиясы күшли болғанлықтан бүгингидей кең масштабта қыссаханлар ҳаққында еркин илимий пикирлер жеткиликсиз. Қыссаханлық ҳаққында терең пикирлеўлер, илимий бағдарда мақалалар, монографиялар жазыў, қыссаханлар мектеби, талантлы қыссаханлар туўралы пикир жүритиў келешектиң үмит  күттире-туғын мәселелериниң бири есапланады.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы оқыўлығында бизлерге мийрас еткен Аннақул, Қулмурат, Әбдиқәдир, Қоразбек, Бегжан, Сыдық, Қ.Мәўлик, Омар, Сәпиўра, Жаңабай, Аяпберген, Аббаз шайырлардың дөрет-пелери ҳақыйқатында XIX әсир шайырларына қарғанда

дәўирдиң сиясатына, идеоло-гиясына, өсиў, өзгериў машқалаларына сыбайлас келетуғын, ҳәр бири сол дәўирге ҳәм келешекке идаралды ой жуўырта алатуғын тәсирли шығармалар еди. Олар XIX әсир шайырларының дөретпелериндегидей ҳадаллық пенен ислейтуғын патшалар, ханлар, бийлерди ғана күсеп қалмастан, бүгин өз турмысында не болып атыр, адамлар өз ҳәрекети менен қалай характерленеди, турмыс машқалалары нелерден ибарат, олардың тез шешеилиўи усыллары қандай, оның жоллары, себеплери, пайдасы ҳәм зыяны ҳаққында жазады. Бул шайырлардың жүреклеринде келешек дуньяға болған иедеялар оятты, буның тийкағы себеплери болды:

1. Шайырлар ғалаба саўатлы болды.

2. Қарақалпақ халқы шығыс еллери, болған Аўғанстан, Пакистан, Индия, Сауд-Ара-биясы, Сирия, Мысыр, Иран, Түркия халықлары менен илим, билим, мәдeният, әдебият, саўда мәселе-леринде жетерли дәрежеде байланысларға ийе еди.

3. Елде үлкен сиясий, жәмийетлик, административлик өзгерислер болды. XIX әсир-де, яғный 1873-жылға дейин қарақалпақларға  Хийўа ханлығы басшылық еткен болса, енди ол бөлинип еки халыққа қарап қалды. Әмиўдәрьяның оң жағасында жасайтуғын Петро-Алекснадровск Шорахан, Нөкис, Халқабад, Кегейли, Шымбай, Үрги, Мойнақ қусаған елатлы пунктлер Россия патшалығына қарады. Әмиўдарьяның шеп тәрепи бурынғысынша Хийўа ханлығының составында қалды.

4. Халықтың басым көпшилики дүньяда болып атырған өзгерислерден хабардар еди. Россияда болып  атырған ҳәр қыйлы жыллардағы революцион күшлер бизлерге де тәсирин тийгизди.

5. Россияда демократиялық процесс орнатамыз деп жүрген, өзлерин революцинер мен деп санаған көп ғана саўатлы адамлардың қарақалпақ жерине сүргинге жүберилиўи болды. Олар  өзлери  тек орыс идеяларын ғана емес жаңаша бағыттағы журнал, китапларды да алып келип таратты. Бул жағдайлар қарақалпақ шайырларына, қыссаханларында алдынғы қатар саўатлы илим адамларына да дуньяда болып атырған жағдайларды сезиўгеде өз тәсирин тийгизеди.

Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Каримов И. „Истиқлол ва маънавият“
2. Каримов И. Ўзбекистон Миллий истиқлол, иқтисод, си§сат, мафкура
3. Айымбетов Қ. Халық даналығы, Н., 1988, 175-176-бетлер.
4. Даўқарев Н. II-томлық,  I-китап, Н, 1979, 197-201-бетлер.
5. Пахратдинов А. XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты Айымбетов Қ. Халық даналығы Нөкис, 1988, 69-70-бетлер.

6. Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис 1993.
7. Авторлар. Маънавият юлдузлари. Ташкент. 2001.

Тема бойынша сораўлар:

1. Миллий ояныў дәўири әдебиятының ең дәслепки тарийхый басқышлары.
2. IX-XII әсирлерде илим ҳәм пәнниң раўажланыўы.
3. XIX әсирдиң I ярымындағы тарийхый- сиясий жағдай.
4. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ миллий ояныў әдебиятында жәмийетлик сиясий көз-қарас ҳәм миллий сана.
5. Қыссаханлық. Әдебий байланыслар.

Тапсырмалар:

1. Илимий әдебиятлардан конспект жазыў.

# АННАҚУЛ МӘМБЕТХОЖА УЛЫ

1. Шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги. Шығармаларының үйренилиў тарийхы
2. Аннақул лирикаларының идеялық-тематикалық бағдарлары
3. Аннақул шығармаларында жәмийетлик-сиясий турмысына көзқарас
4. Лирикаларында миллий сананың раўажланыўы

Миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебиятында белгили из қалдырған шайырлардың бири Аннақул Мәмбетхожа улы болып есапланады.

Аннақул 1841-жылы Тахтакөпир районының Көкөзек Ақбеткей деген жерлеринде туўылған. Шайырдың өмири ҳаққында илимий мийнетлерде ҳәр қыйлы пикирлер бар. Шайыр 1936-жылы 95-жаста қайтыс болған. Бул мағлыўматты көп информаторлар, әсиресе шайырдың қызы Бийбиажар толық тастыйықлайды".

Аннақулдың өмири жүдә аўыр жағдайда кешеди. Себеби Аннақул шайырдың басынан өткен аўыр турмысын өзиниң қосықларында көриўге болады. Ол көп қосықларында өзиниң өмирине байланыслы айырым мағлыўматларды береди. Жаслы-ғынан кисиниң ешки-ылағын бағып балалықтың қызық ўақтын қыйынлықта өткереди. Оның „Бекпан шағылда" деген қосығында төмендеги қатарларды оқыймыз:

„... Қысында сазағы отларын жақтым,
Байдың атларына қазықлар қақтым,
Жети жыл Байманда ешки-ылақ бақтым,
Атамның маканы Бекпан шағылда."
„Халық шайырлары", „Қарақалпақстан баспасы"
Нөкис 1982-ж. 47-бетте.

Ямаса:

„... Бул шағылда жүрдим жети жыл жети ай,
Азап-ақырет пенен өмирим өтти-ай..."
(жоқарыдағы топламда).

Шайырдың балалық ўақты усындай қорлық, азап-ақыретлерде өткен болса, оның ержеткен ўақты да шадлы болмаған. Ол күн көриў ушын елден елге, журттан журтқа талап излеп кетеди. Ол бир топар өзиндей жарлылар менен Қазалы бетке кетип талап ислейди. Бул жерлерде жүрип шайыр туўылып өскен елин, хорлықлы болса да балалық шағының өткен жерлерин сағынады. Буны ол өзиниң „Бармекен" қосығында айқын көрсетди.

Аннақул тек ғана шайыр ғана емес, қосық айтып дуўтар шерткен адам. Қарақалпақ халқының қосық ҳәм намаларын жақсы билген. Шайырды жақсы билген адамлар ҳәм оның туўған-туўысқанлары Аннақул 50-60 жасларынан кейин

қосық шығарыўды қойды деп мағлыўмат береди. Бул 1900-жылларға туўра келеди. Оның шығармаларының барлығы дерлик XIX әсирдиң ақырғы дәўирлеринде шығарылғанлығынан дәрек береди.

Енди шайырдың әдебий мийрасы ҳаққында сөз ететуғын болсақ, Аннақулдың шығармаларын билетуғын адамлардың аўзынан арнаўлы түрде жазып алыў иси, 1930-жыллардың екинши ярымынан қолға алынды. Әдебий мийрасларымызды жыйнаўшылар С.Маўленов, Ш.Хожаниязовлардың ислеген мийнетлери күтә айрықша. Олар Аннақул шайырдың „Қызлар“, „Таўып бер“, „Ораз алды“, „Бармекен?“, „Көк өзек“, „Май молла“, „Бекпан шағылда“ атлы қосықларын билетуғын адамлардың аўзынан жазып алып, сол ўақыттағы комсплексли илим изертлеў институтының китапхана қорына тапсырған. (Ҳәзирги Өз-н ИА, Ққ-стан бөлиминиң илимий китапхана қорында сақланады).

Соңғы ўақытлары экспедициялар ўақтында Аннақул шайырдың өмирине тийисли тағы да бир қанша мағлыўматлар ҳәм бир неше қосықлар текстлери жазып алынған. Бул исте, әсиресе, А.Каримов, Ә.Қожықбаевтың мийнетлерин айрықша атап өтсек арзыйды. Олар бурыннан китапхана фондында бар ҳәм өзлери жыйнаған материаллар тийкарында XIX әсирдиң бас гезинде жасаған бир қатар қарақалпақ шайырларының шығармалар топламын 1982-жылы „Қарақалпақстан“ баспасынан „Халық шайырлары“ деген ат пенен басып шығарды. Топламға киргизилген шайырлардың бири Аннақул Мәмбетхожа улы. Топламда бул шайырдың 452 қатардан ибарат 10 қосығы бар. Шайырдың бизге белгили, қолда бар қосықлары биринши мәртебе толығы менен усы аты аталған топламда жәрияланды.

Аннақул шайыр туўралы биринши мәрте Н.Даўқараевтың „Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери“ атлы докторлық диссертациялық жумысының қолжазбасының „XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты“ деген бөлиминде сөз болған, яғный бунда шайырдың аўыр турмыста жасағанлығы айтылған, „Қайда бараман“, „Ораз алды“, „Қазыўда“ қосықларына аз да болса таллаў жасаған. Автордың бул пикири өзи қайтыс болғанан кейин жарық көрген. (Шығармаларының толық жыйнағы, 3-том, „Ққ-стан“ баспасы Нөкис-1979-ж. 185-186-бетте). Кейин ала Н.Жапақов, К.Мамбетов, Қ.Султанов, А.Каримов авторлығында Нөкис мәмлекелик университетиниң филология факультети ушын революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхы бойынша 1983-жылы сабақлық басылып шықты. Бул сабақлыққа Аннақул шайырдың өмири ҳәм әдебий хызметлери „Аннақул шайыр“ деген атама менен кишилеў бир бөлим (291-296-бетлер) болып киритилген. Бунда Аннақулдың өмирбаянын сөз етиўге ҳәм әдебий шығармаларын таллаўға бурынғыларға қарағанда көбирек тоқталған. „Ораз алды“, „Қызлар“, „Таўып бер“, „Бармекен“, „Гүлбазар“, „Дәмең барма болыслықтан“, „Аман жүр“ атлы қосықларындағы мийнеткеш

халықтың, ҳаял-қызлардың тәғдирине, айырым қатыкез, ашкөз байлардың, ҳәмелдарлардың ис-ҳәрекетлерине, қылўаларына шайырдың көз- қарасы қысқа болса да сөз етилген. Аннақул шайырдың шығармаларындағы тийкарғы мотив ҳәм идеялар қарақалпақ халқынын ҳәр қыйлы қатламлары арасындағы қарама-қарсылықларды, әдалатлықларға қарсы наразылықларын, азатлықты, әдалатсызлықты жырлаўға бағышланған.

Шайырдың „Сайланған ақсақалға“, „Қазыўда“, „Ораз алды“, „Кетермен“, „Бизге жақты дүнья қашан келеди?“ қосықлары жоқарыдағы пикирлеримизди дәлиллейди.

„Ораз алды“ қосығы кӧриниси бойынша конкрет темадай болса да пүткил қарақалпақ халқының басындағы аўыр аўҳалды, социал теңсизликти, ҳәдден асқан езиўшиликти кӧрип жаны ашыйды. Бундай идея „Кетермен“ қосығында да сезиледи:

„Батарыма көлим жоқ,
Қонарыма жерим жоқ,
Шадланып турған елим жоқ
Енди қайаққа кетермен“
(„Халық шайырлары“ 1982. „Кетермен“ 43-бет)

Бул шуўмақ шайырдың „Кетермен“ қосығынан алынған болып, қатарларда тек қарақалпақ халқының турмысына аўҳалына ғана емес Орта Азия халықларының жағдайына да көз таслаўшылық сезиледи. Аннақул шайырдың әдебий дөретпелеринин көпшилигинде халық турмысы, тәғдири баслы мәселе етип алынған, яғный оның ҳәр бир шығармасында дерлик халықтың муңы муңланып, жыры жырланады.

Аннақул шайырдың әдебий мийрасына тереңирек нәзер аўдарғанымызда, шығармаларының тематикасының кеңлигиниң гуўасы боламыз. Мәселен, социал-жәмийетлик темалар менен муҳаббат темасында жазылған лирикалық қосықларда дин ўәкиллерин әшкаралаўшы юмор-сатиралық шығармаларын да ушыратамыз.

Шайырдың „Қызлар“, „Таўып бер“, „Гүлбазар“, „Қызлардың“, „Бармекен“ қосықлары муҳаббат темасына арналып, оларда шайыр тек таза муҳаббат жырын жырлап қоймастан, теманы социал-жәмийетлик мотивке байланыстырады:

„Перидей сулыўлар, ҳүрдей маҳтабан,
Қосылып жүререк дүзлессе заман
Көзлери мәстана не сулыў жәнан,
Шул қызларды көрер күнлер бармекен?.

Бир майдан отырсаң ис болып таўап,
Биймәлел бирмайдан айтыссаң жуўап,
Кәбаға барғаннан үш есе саўап,

Шул қызларды көрер көзлер бармекен.

(„Халық шайырлары“ 1982. „Бармекен“ 49-бет)

Бул шуўмақта шайыр жигитлер менен қызлардың өмири заман тарлығына дуўшар болып турғанына өкинеди. Соның ушын да жигитлер менен қызлардың аз да болса бирге отырып, кеўилли сөйлесиўин, бири менен бириниң ҳәзилин „Кабаға үш рет барғаннан артық“ санайды. Оның „Май молла“ атлы қосығы өз аўылындағы молланың жаман ислерин тиккелей әшкаралаўшы шығарма:

„Май молланың үйи толы,
Ҳәр бир жерге жеткен қолы...
Май молланың өзи күлки,
Ҳәр адамға болмас үлги...
Мүҳминлер үмит етпеңлер,
Молладан қайыр күтпеңлер...“
(„Халық шайырлары“. 1982. „Май молла“ 55-бет)

Шайыр „Дәмең барма болыслықтан?“ қосығында аўылдағы бир қәтқуданың болыслыққа сайланбай қалғаны, соның нәтийжесинде ҳәр кимге жаманлық ойлап жүргенин көрсетип, оның үстинен күлсе, „Есберген“ қосығында байдың баласы Есбергеннниң жарамсыз ҳәрекетин мысқыллайды:

„Тыран шабақтай тыррыйған,
Ҳалын билмей көп шыррыйған,
Сөйлесе мурны пыррыйған,
Есентай улы Есберген“.
(„Халық шайырлары“. 1982. 49-бет)

XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң басында өмир сүрген қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкиллери Дәме, Бегжан, Қудайберген, Әбдиқәдир, Қулмурат шайырлардың шығармалары менен бир қатарда Аннақул Мәмбетхожа улының әдебий мийраслары қарақалпақ халқының мәдений мүлки сыпатында ардақланады. Себеби ҳәр бир шайырдың шығармалары өз заманласларының турмыс картиналарын көбирек яднама ретинде қағаз бетине түсирип кеткен. Соның ушын да шайырлардың шығармалары биз ушын оғада қәдирли.

Аннақул дөретиўшилигинде өзи жасаған дәўирге көзқарасы, демократиялық идеяларды алға сүреди. Оның „Ораз алды“, „Сайланған ақсақалға“, „Дәмең барма болыслықтан“ қосықларында идеялар анық өз көринисин тапқан. Шайыр

ел басшылары ҳаққында пикирлерин „Сайланған ақсақалға“ қосығында былай билдирди:

Абырай ақсақал болғанын,
Болыс болсаң адам жерең.

Шайырдың бул қосық қатарларында менмен, тәкаббыр, халықты көзге илмейтуғын шонтық басшылардың ерси қылықлары ашшы күлкиге алынады. Сайлаўдағы әдалатсызлық, халық ҳуқықларының аяқ асты етилиўи „Дәмең барма болыслықтан“ қосығында сәўлеленген. Бунда тарийхый шахслар Әўез, Арзымбет усаған адамлардың ислеген ҳәрекетлери әшкара етиледи.

Жуўмақластырып айтқанда, шайырдың қолда бар әдебий нусқалары өзиниң халықшыллығы, жоқары идеясы, көркемлиги тәрепинен қарақалпақ әдебиятында белгили орынды ийелеп турғанын көремиз.

Пайдаланылғын әдебиятлар:

1. Халық шайырлары. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ шайырларының шығармалары. Н., „Қарақалпақстан“, 1982.
2. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Н., „Билим“, 1996.
3. Қарақалпақ әдебияты тарийхы. Сабақлық. Нөкис.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Аннақул лирикаларында миллий мақтаныш сезимлериниң берилиўи
2. Шайырдың демократиялық ой-пикирлери
3. „Көк өзек бойы“, „Бармекен“ қосықларына көркем талқы

# ҚУЛМУРАТ ҚУРБАНАЛЫ УЛЫ

1. Шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилигиниң үйренилиў тарийхы
2. Қулмурат шайырдың философиялық ҳәм дидактикалық мазмундағы қосықлары
3. Поэзиясындағы дәўир шынлығының сүўретлениў өзгешелиги ҳәм „Он тоғыз“ шығармасы ҳаққында

Қулмурат Қурбаналы улы XIX әсирдиң екинши ярымында XX әсирдиң биринши шерегинде жасап, жәмийетлик өмирдиң ашшы-душшысын көп көрген, қарақалпақ халқының, белгили шайырларының бири болып есапланады.

Қулмурат Қурбаналы улы 1845-жылы Қоңыраттың Сөркөл деген жеринде туўылады. Оның үйи орта ҳаллы хожалықлардан болған. Ол жас гезлеринен баслап-ақ қосықлар жазған. Қулмураттық көп қосықлары ҳәзирги күнге шекем сақланып қалмаған. Қайтыс болған ўақты 1926-жыл деген мағлыўматлар бар.

Белгили фольклорист Қ.Айымбетовтың көрсетиўине қарағанда, „Қулмурат шайыр барлық шығармасын китап қылып қолдан жазып қоя берген. Өзи тири ўақытта өзиниң қолжазбасын ҳеш кимге бермеген, ол қолжазбалар 1926-28-жыллары суў алмада суўдың астында қалған“[э] деп көрсетеди. Бул шайырдың шығармаларының бизиң дәўиримизге толық келип жетпеўиниң тийкарғы себеплериниң бири усы ўақыяларға байланыслы.

Қулмурат шайыр аты менен елге оның „Залымлар исин үдетти“, „Қашқыл мақсымнан жыраққа“, „Көриң“, „Айекешке“, „Жубы ким“, „Йуришим“, „Қәлендерге“, „Қызлар“, „Бегдиң көк аты“, „Жүз басы“, „Демишлер“, „Яранлар“, „Палўанлар“, „Бардур“, „Не пайда“, „Шәҳәрбай“, „Он тоғыз“ атлы шығармалары кең таралған. Оның бул қосықлары шайырдың қол жазбасы арқалы емес, ал ҳәр кимниң ядында қалғанлары, жыраў, бақсы, қыссаханлардың репертуарлары арқалы сақланып қалған. Қулмурат шайырдың өз заманында талантлы шайыр болғанлығынан дерек беретуғын қосықлары бар. Онда төмендегидей өткир философиялық қатарларды ушыратамыз:

Адамның өмири булт киби өтер,
Булт көшкен саяда қандай иш питер,
Ақыл бул дуньяның анжамын етер,
Ақмақлығым шул бийпарўа йуришим.-

(„Йуришим“ 64-бетте)

деп көрсетеди.

Шайырдың пикиринше, адам дуньяға бийкарға шықпайды. Дуньяға адам болып келиў - бул дуньяның раўажланыўына үлес қосыўдан ибарат. Сонда сен

[1] Қ.Айымбетов „Халық даналығы“. Ққ-стан. Баспасы. Н-1968-ж.

адам болып есапланасаң. Болмаса өмир булт киби көшип баратырған бир ҳәдийсе. Демек, жердеги инсанның тиришилиги көзди ашып-жумғанша өтип кетеди, ҳәр бир қәдемимизди ақылға муўапық басыўымыз керек деген философиялық пикирлерди ортаға салады.

Шайыр өмирди көшип баратырған бултқа теңейди. Булт келеди кетеди, өмир де келеди, кетеди. Шайырдың пикиринше, буннан пайдаланған пайдаланып қалады. Ал, пайдаланбаған көп өткен өмирлерине өкинеди. Керекли ўақытларда ҳәрекет етип қалыўымыз керек, сонда ғана ҳәмме раўажланыў башқышларына көтериледи.

Не себептен налыш етип йығлаян,
Мәрдикарлық етип белим бағлаян,
Әжел оқы таяр, билмән шағлаян,
Шуны билмей шунша надан болушым.-

„Йуришим“ 65-бет.

деп көрсетеди.

Шайырдың бул философиялық пикирлери Наўайы, Мақтумқулылардың дунья ҳаққындағы ойлары менен үнлес келеди. Өмирге итибарлы қараўшылық барлық тиришиликтиң дереги екенлигин ескертеди.

Қулмурат шайырдың „Қәлендерге“ деген және бир қосығы бар. Қосық шығыс поэзиясы дәстүринде жазылған. Қосық тематикалық қурылысы бойынша ҳәр есикке барып тилениўши Қәлендер ҳаққында жазылған. Бирақ бунның басқаша сыры бар: Мәселен,

Илтимасым сизге Қәлендер шаҳым,
Бийәдеплик қылмағаймыз, атың ким?
Бийәдеплик болса, кешир гүнаҳым,
Яна илтимасым ҳасыл затың ким? (65-бет)

Бул шуўмақтағы қатарлар дидактикалық әҳмийетке ийе екенин сеземиз. Яғный бизиң әдеп-икрамлылығымыз ғәрипти қорлаў емес, оны ҳүрметлеўге қаратылған. Соның ушын шайыр да есикке келген Қәлендерге:

Илтимасым, сиз Қәлендер шаҳым?
Бийәдеплик қылмағаймыз, атың ким?-

деп оннан кеширим сорап сөйлеседи. Есикке келген Қәлендерди „шахым!“ -деп қабыл етеди. Оны Қәлендер деп қарамай, оны „шаҳ“ деп сөйлеседи. Егер усы атыңызды сорағанымда айып болса мени кеширегөр, деп өтиниш етеди. Ол есикке кирген дийўананы, оны дийўана болыўына қарамастан, ол ең әўеле адам болғанлығы ушын оның инсанлық ҳүжданын жоқары қойып сөйлеседи. Кейинги үш-төрт қатары

„Бийәдеплик болса, кешир гүнаҳим,

Яна илтимасым, ҳасыл затың ким? - деп сорайды.

Бунда инсанды ҳүрметлеў, ҳүжданды ҳүрметлеў, әсиресе, тәркий дунья деп жүрген адамларды төбеге көтериў - халық әдеп-икрамлылығының заңы.

Қулмурат шайырдың „Он тоғыз“ шығармасын тарийхый жырлар қатарына киргизиўге болады. „Он тоғыз“ шығармасы қыссаханлар оқыўға қолайланып жазылған шығарма деген пикирлер айтылып келинбекте. Бул шығарма 1880-жыллары Таллық болыслығында Күлен болыстың сайланыўына халықтың көпшилиги наразы болып көтерилис шығарғанына, сол көретилисти баслаўшылардан он тоғыз адам тутқынға алынып, Төрткүл қаласына сол дәўирдеги ҳәкимият алдында тергеўге алып келгенлигин сөз етиўге арналған.

Қулмурат шайыр бул „Он тоғыз гүнәкар“ адамның ҳақ екенин айта келип, олардың жолда көрген аўыр азапларын сүўретлеп, олардың атларын бирим-бирим қосыққа салып, баҳалы мағлыўматлар береди.

„Алламурат, Шәрип бенен ол суҳбат,
Молла Теңел, Қәлек пенен ол Үлпет
Әрип мақсым, Кәрам, Тилеў, Муҳаммет.
Әзелден деп турған Молла Ахметий.
Таздан Есен, Оразалы менен Файзулла
Ата уғлы-ғошақ жигит Муртаза,
Нурдан Тилеўмурат таздан Насурылла
Он тоғыздан бири Ҳидай, Исмети
Басқа жигитлердиң атын билмедим,
Еситпедим я өзлеринкөрмедим,
Қалай болдыңыз деп ҳалын сорамадым.
Ким иске шаталса, бардур ғайратым.-

(„Халық шайырлары“) 59-бетте.

деп көрсетеди.

Қулмурат шайырдың бул шығармасы болған ўақыядан соң жазылмаған, тап сол ўақыя болған ўақтында жазылған десек те болады. Шайырдың бул қосығы халыққа кең тарап кеткен. Себеби, ол халық қайғысын, халық басына түскен аўыр мусаллатты дурыс жазған. Сол себепли қосық өз дәўиринде халық қайғысын жырлаған тарийхый қосық болып есапланады.

Сол дәўир шайырларының көпшилигинде Мақтумқулы, я Әжинияз шайырдан басқа бир еки шуўмақ қосықлар келтирип болып, бул өзинен бурынғы көшириў емес, ал өзинен бурынғыға ҳүрмет пенен қараў, исти соннан баслаў ол дәўир әдебиятының ўәкиллери ушын дәстүр болып таралған. Бул қубылыс Қулмурат шайырда да айрықша көринеди.

Мәселен, Қулмурат шайыр „Он тоғыз“ қосығын баслаў ушын Әжинияз шайырдан үш шуўмақ қосықты кириспе етип қойыпты. Бул оны өзлестирген емес, ал Әжиниязға ҳүрмет пенен қарағанлығы. Бул қубылыс оның басқа дөретпелеринде де көринеди. Мине усындай дөретпелеринде өзине тән болған жекке өзгешеликлери менен шайыр Қулмурат Қурбаналы улының дөретпелери XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында белгили орын ийелейди.

Пайдаланылғын әдебиятлар:


1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Н., „Қарақалпақстан“, 1968.
2. Пахратдинов Ә., Өтемуратова Ҳ. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Н., „Билим“, 1995.
3. Қулмурат. „Он тоғыз“. Қосықлар топламы. Нөкис, 1981.


Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Шайырдың „Йүришим“ қосығында философиялық бағдар.
2. Шайырдың тәрийп қосықларының өзгешелиги
3. „Он тоғыз“ поэмасында тарийхый шынлық ҳәм инсан ҳуқықларының қорғалыўы

4 „Қәлендерге“, „Ол неге дәркар“ қосықларына көркем талқы.

## ӘБДИҚӘДИР БЕКИМБЕТ УЛЫ

1. Әбдиқәдир Бекимбет улының өмири ҳәм дөретиўшилик жолы
2. Әбдиқәдир шайырдың „Ол неге дәркар“, „Мегзер“ қосықларындағы философиялық көз-қараслар. Дәўир көринисиниң сүўретлениўи.
3. Тарийхый темадағы қосықлары.

Әбдиқәдир Бекимбет улы қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына үлес қосқан белгили шайырлардың бири. Сонлықтан да оның әдебий мийрасы респбликамыздың мектеплеринде, жоқары, орта арнаўлы оқыў орынларында үйренилмекте.

Әбдиқәдир Бекимбет улы 1860-жылы Шымбай қаласының қасындағы Тоқжап аўылында жарлы хожалықта дуньяға келеди. Халық аўзынан жазып алынған мағлыўматларға қарағанда ол күтә шаққан бала болып өскен, мерекелерде жасы үлкен ғаррылардың өз-ара сөйлескен дидактикалық мазмундағы, қызықлы, тәрбиялық әҳмийетке ийе әңгимелерин көп тыңлаған, оқыўға билим алыўға қызығыўшылығы басым болған. Жети жасқа толғаннан кейин ата-анасы оны аўыллық мектепке оқыўға береди. Ол моллада төрт-бес жыл оқып саўатын ашады. Яғный аўыллық мектепте зейинлилиги арқасында „Ҳафтийек“, „Суўпы Алияр“, „Шар китап“ ты толық үйренип таўысады, аз да болса араб, парсы тиллерин үйренеди. Бирақ зийрек бала аўыллық мектепте молладан алған билимине қанаатланбайды. Сонлықтан Шымбай қаласының күн шығыс тәрепиндеги он шақырымдай қашықлықта жайласқан Айымбет ийшан мешитине келип оқыўға түседи ҳәм бул жерде билим дәрежесин жетилистиреди. Шығыстың уллы шайырлары Хожа Ахмед Яссаўий, Сулайман Бақырғаний (Ҳәким ата), Наўайы, Мақтумқулы, қарaққалпақ шайырлары Жийен, Кунхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шығармаларын үйренеди, халық өтинишине бола олардың айырым қосықларының қолжазбасын көпшиликке оқып берип турған.

Әбдиқәдир Бекимбет улы өз дөретпелери арқалы ҳадаллықты, адамгершиликти, әдеп-икрамлылықты, ата-ана, туўысқан-туўғанларға, жасы үлкен, жасы кишилерге болған меҳрибанлықты жоқары баҳалайды. Оларды өз минез қулқында, жүрис-турсында тутыўы, басқалардан да оларды талап етиў Әбдиқәдирдиң бойына, қәбилетине сиңген ең жақсы қәсийетлердиң бири болған. Бизиң бул пикиримизди Шымбайда туўылып өскен Әбдиқәдирди таныйтуғын ҳәм көп жыллар даўамында XIX әсирде жасаған қарақалпақ шайырлары туўралы көп материаллар топлаған, Өзбекстан республикасына мийнети сиңген мәдeният

хызметкери Узақ аға Раметуллаевтың жаздырған мағлыўматлары да тастыйықлайды“[э] - деп белгилейди А.Пирназаров.

Әбдиқәдир Бекимбет улын таныйтуғын, билетуғын адамлардың мағлыўматларына қарағанда, Әбиқәдир шайыр мәдениятлы, диншил адам болған, дин көрсетпелерин булжытпай орынлаған, ҳәттеки кеңес ҳүкиметиниң динге қарсы сиясатын күшейтип турған жылларында да ол бес ўақыт намазын оқыўын, ораза тутыўын тоқтатпаған, жеке мәпин гөзлеп, дин қағыйдаларын биле-тура бузғанларды әшкаралаған, оларға адамгершиликли болыўға мәсләҳәт берип турған. Соның ушын да Әйимбет ийшан мешитин питкерип аўыллық мектеплерде бала оқытқанда ол балаларға бар интасы менен сабақ өтип, оларды өнер, билимге үйреткен. Ең жоқары адамгершилик қәсийетлерди өз бойына синдириўдиң бир жағы инсанның саўатлы, билимли болыўына байланыслы деп түсинген.

Сонлықтан да:

„Алымлылық қашады китап ашпаса,
Шыққан күн батады шуғла шашпаса,
Көкке ушар қыйынлықтан қашпаса,
Билимлилер қатарынан зор болар“

деп халықты, әсиресе жас әўладты саўатлы, билимли болыўға шақырады. Ал талабаларға шын ықласы менен сабақ бермей, соның нәтийжесинде шәкиртлерин саўатсыз қалдырып жүрген гейпара устазларды қатты сынға алады, ондай устазды „устаз“ деп санаўға арзымайтуғынлығын ескертеди.

Сүйикли шайырларымыздың бундай еркин пикирлери бүгинги күн талапларына да толық жуўап береди ҳәм олар елеге шекем өз әҳмийетин жоғалтқан жоқ. Көп жалынлы шығармалары менен халқына ҳадал хызмет еткен атақлы шайыр Әбиқәдир Бекимбет улы 1930-жылы 70 жасында қайтыс болды.

Шайырдың қосықларын халық арасындағы билетуғын адамлардан жазып алыўда Н.Жапақов, А.Каримов, Ә.Қожықбаев көп мийнет еткен - деп белгилейди А.Пиранзаров „XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты“ (Нөкис „Билим“ баспасы, 1996-ж. 137-бетте) - деген монографиясында.

Олардың жазып алған материаллары тийкарында Әбдиқәдирдиң 1966-жылы „Қарақалпақстан“ баспасынан биринши мәрте таңламалы шығармалары жарыққа шыққан болса, 1982-жылы „Халық шайырлары“ деген атамадағы топламда оның улыўма саны 800 қатарлық он сегиз қосығы басылған. Әлбетте, баспа сөзде жәрияланып жүрген бул қосықлар Әбдиқәдир шайырдың толық мийрасын

[1] А.Пирназаров. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты. Нөкис. „Билим“, 1996-ж. 141-бетте.

қамтый алмайды. Себеби, шайырдың шығармаларын ўақтында халық аўзынан жазып алған Н.Жапақов пенен А.Каримовтың баянлаўларына қарағанда оның улыўма 1200 қатардан ибарат 25 қосығы қағаз беине түсирилген. Демек, халық аўзынан усы ўақытқа шекем жазып алынбаған шығарамалрын есапламағанда Әбдиқәдирдиң қолда бар қосықларынан еле де алты-жети қосықлары баспасөз бетлеринде жәрияланбай жүргенлиги белгили болып тур.

Соңғы жыллары әдебиятшы илимпазлар Әбдиқәдир шайыр мийрасы бойынша пикир жүриткенде көбинесе оның усы „Халық шайырлары" топламында жарияланған қосықларына дыққат аўдарып жүр.

Әбдиқәдир Бекимбет улының әдебий мийрасын илимий көз-қарастан үйрениў тийкарынан XX әсирдиң 80-жыллардан баслап қолға алынған.

Мәелен: „Халық шайырлары" деген топаламда Әбдиқәдир Бекимбет улының шығармаларына 1,5 көлеминде түсиник берилген, бунда шайырдың „Қыз кеткен", „Қатты ағардан жыққын кетти" тарийхый қосықлары қысқа талланған.

1983-жылы ҚМУ-ниң филология факультети ушын „Қарақалпақ әдебияты тарийхы" атлы сабақлық баспадан шықты. Усы оқыўлықта шайырдың өмиринен азы кем мағлыўматлар келтирилген, „Қыз кеткен", „Қатты ағардан жыққын кетти" шығармаларына „Халық шайырлары топламындағы" усы қосықлардың текстлерине жүритилген пикирлерге қарағанда бир қанша тереңирек таллаў жасалған.

1993-жылы „Билим" баспасынан педагогика илимлериниң кандиадты (ҳәзирги ўақытта илим докторы, профессор) Ө.Әлеўовтың „Қарақалпақстанда тәлим тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы" („Билим" баспасы, Нөкис, 1993), 1994-жылы „Қарақалпақстан" баспасында филология илимлериниң докторы профессор Ю.Пахратдиновтың „Сатира әсирлер сырласы" атлы монографиялық китаплары жарық көрди. Бул еки мийнеттиң екеўинде де Әбдиқәдир Бекимбет улының әдебий мийрасы бойынша арнаўлы сөз қозғаған. Ө.Әлеўов өз китабында Әбдиқәдир Бекимбет улының жәмийетлик „Ағартыўшылық көз-карaслары"[ә] деген атамада Әбдиқәдир шайырдың шығармаларынан оның жәмийетлик ағарытыўшылық көз-қарасын таўып анықлаўды алдына мақсет етип қойған болса, Ю.Пахратдинов өз китабында Әбдиқәдир Бекимбет улының қосықларында дидактика менен сатираның байланысын таўып анықлаўды мақсет еткен ҳәм усы қойылған атамалар бойынша авторлар илимий пикирлерин, дәлиллерин келтирген.

Ал, А.Пирназаров өзиниң 1996-жылы „Билим" баспасында басылып шыққан „XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң басынадғы қарақалпақ әдебияты" Аннақул, Дәме, Бегжан, Қудайберген, Әбдиқәдир шайырлардың өмири ҳәм

---

[1] Ҳәмме алынған жуўмақлар „Халық шайырлары" („Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис., 1982-ж, топламнан алынды.)

әдебий мийрасы (Нөкис „Билим“ баспасы, 1996-ж.) - деген монографиясында Әбдиқәдир Бекимбет улының өмири ҳәм дөретиўшилигине 137-бет пенен 160-бетлер аралығында сөз етеди. Бул монографияда Әбдиқәдир шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилигиниң изертлениў мәселелери, шығармаларында мийнеткеш халық турмысының сүўретлениўи, философиялық, адамгершилик, билим ҳаққындағы ойлары, шығарма дөретиўдеги шеберликлери, шайырдың пайдаланған аўызеки халық материаллары ҳәм шығармаларының қосық қурылысы ҳаққында тоқтап шығармаларына таллаў жасайды.

Енди автордың усы монографиясындағы 149-беттеги „Әбдиқәдир шығармаларындағы философиялық ойлар“ деген темашада мынандай дейди: „Бердақ, Әжинияз шығармаларын оқып отырсақ олардағы терең философиялық ойлар менен танысамыз. Усындай ой түсиниклерди биз Әбдиқәдир шығармаларынан да көп ушыратамыз“ (155-бет) - деп туўры айтқан. Ҳақыйқатында да, Әбдиқәдирдиң философиялық ойлары „Бай менен жарлы айтысы“, „Мегзер“, „Ол неге дәркар“ ҳәм тағы да басқа қосықларында ушырасады. Мысалға „Мегзер“ қосығына нәзер салайық. Бунда шайыр:

„Шул дуньяда бирдей муңсыз бай болса,
Ийшан, болыс яки белли бий болса,
Әлем ҳыраж, төрт түлиги сай болса,
Дозақма, бийишме, қайсыға мегзер“?
(„Халық шайырлары“ Н., 1982-жыл, 110-бетте)

Бул шуўмақ шайырдың „Мегзер“ қосығынан алынған болып оны таллаў еткенимизде, мынандай түсиникке ийе боламыз. О дуньяда бейиш пенен дозақтың бар екенлигин бийкарламай, сондай дәрежедеги бейиш пенен дозақтың усы тиришилик дуньясында да барлығын, яғный уўайым-қайғысыз, дунья-маллы, ишим-жеми мол, „төрт жағы қубла болып“, „демине нан писип“ турған адамлар бул дуньяның бейишинде, ал жерине нан таппай бәрҳәма күн көристиң қайғы- уўайымында, аўыр азапта жүргенлер бул дуньяның дозағында жасайды“- деген түсиникти билдирген. Сонлықтан да ол бул қосығын

„...Бейиш байды, дозақ жарлыны көрди,
Бирадарлар, шул ғәп туўраға мегзер“-
(„Халық шайырлары“ 110-бетте).

-деген қатарлар менен тамамланған.

Әбдиқәдир байларды тек бай ушын ғана жаман, ал жарлыларды тек жарлы болғаны ушын ғана жақсы деп түсинбеген. Ол байлардың да, жарлылардың да арасында жақсылардың да болатуғынлығын жақсы билген. Сонлықтан да

автордың „Ол неге дәркар?“, „Жақсыды“, „Керек“ қосықлары буған айқын дәлиллеме бола алады:

„Патша тахт үстинде әдил болмаса
„Дат“ - деп келгенлердиң кеўли толмаса,
Ғәрипти зарлатып, байды қолласа,
Бундай залым патша ол неге дәркар?“

„Ол неге дәркар“ 107-бетте

„Елин аямастан тонағанлардан,
Ҳарамнан мал дунья жыйнағанлардан,
Журттан өзин артық санағанлардан,
Үйин қорғап турған көпек жақсыды“-

„Жақсыды“ 122-бетте.

„Көз яшлы муҳмийинди көрип шад етсе,
Белди беккем, көзди шамшырақ етсе,
Ғәриплерге қара түнди күн етсе,
Ел қәдирин билгендей меҳрийбан керек“-

„Керек“ 110-бетте.

-деп белгилейди. Бунда шайыр халық қәдирин билиўши, халық ғамын ойлаўшы, ҳақ нийетли ел басшыларының болыўын тилейди, яғный оның философиялық көз-қарасы ел-халықты басқарыў ушын сол елди, халықты шын жүреги менен сүйген, халыққа хызмет етиўди әдиўли ўазыйпам деп түсинген ақыллы, тәжирийбели, келешекти ойлап билетуғын ер-жүрек дана болыў керек, сонда ғана басшы елди, халықты жақсы, дурыс басқара алады деген ойларын уғамыз.

Әбдиқәдир Бекимбет улының шығармаларының тематикасына нәзер аўдарғаны-мызда, оның „Қыз кеткен“, „Қатты ағарда жыққын кетти“ қосықлары тарийхый темада жазылғанлығы белгили болды:

„Болыс буйрық қағаз жайып,
Айдағаны ақсақ, майып
Дәўлет пушық болып найып,
Бул бәринен жаман болды,
Байлар теңге менен қалды,
Бай белдарды ашқа салды,
Қуўып айдап кәмбағалды,
Бийлер жүдә жаман болды“

„Қыз кеткен“, 111-бетте

Шайырдың „Қыз кеткен“ қосығы ҳақыйқат тарийхта болған ўақыяға арналған. 1915-1916-жыллары Қарақалпақстанның Россияға қараслы Шымбай уездинде жасаўшы халық суўсызлықтан қатты тарығады. Елде күшли наразылық басланады. Суўсызлықтың ақыбетинен тек жарлы халық ғана емес, қуўатлы хожалықлар да қыйыншылыққа ушырайды. Сол ўақыттың ҳәкимлери халық наразылығынан қорқып суў ҳаққында бир илаж көриўге мәжбүр болады. Ол илаж Қатты ағардың сағасын бойлап кейин Қыз кеткенге жаңа саға алыў болып табылады. Буны тарийхый документлер де, сол қазыўға қатнасқан ҳәзир көзи тири ғаррылар да тастыйықлайды.

Улыўмаластырып айтқанда, Әбдиқәдир Бекимбет улы өзиниң әдебий шығармалары менен қарақалпақ халық поэзиясында орны бар шайыр сыпатында танымалы екенлиги белгили.

Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Әбдиқәдир Бекимбет улы. Таңламалы қосықлары. Н. „Қарақалпақстан“. 1966.

2. Халық шайырлары. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ шайырларының шығармалары. Н., „Қарақалпақстан“, 1982.

Тема бойынша сораўлар:

1. Әбдиқәдирдиң лирикаларында миллий сана ҳәм миллий идея.
2. Шайырдың тарийхый мазмундағы шығармалары.
3. Шайыр шығармаларының көркемлик өзгешелиги.

Тапсырмалар:

1. Илимий әдебиятлардан конспекти жазыў.
2. Әбдиқәдир лирикаларын тематикалық жақтан жиклеў ҳәм айырым қосықларына көркем талқы жасаў.

## ҚОРАЗБЕК РАЗБЕК УЛЫ

### Ж О Б А С Ы

1. Қоразбек шайырдың әдебий хызметлери.
2. Шайырдың аўдармалары.
3. Қоразбектиң лирикасы.

Қарақалпақ миллий ояныў дәўири әдебияты тарийхында жетик саўатлы қарақалпақ халқының дүнья мәденияты менен таныстырған, лирик шайыр ҳәм қыссахан Қоразбек Разбек улының дөретиўшилиги тийкарғы орынды ийеледи. Қоразбек Разбек улы хаққында пикирлер Қ. Айымбетовтың, Ә. Пахратдиновтың мийнетлеринде бирқанша сөз етилген. Шайыр XIX әсирдиң орталарында шама менен 1855-жылы Арал теңизине жақын Ақдәрьяның бойында туўылған. Өмириниң ақырына таман Түркменстанның Гүрлен деген жеринде жасаған. Қоразбек Бердақ шайырдың әўладларынан. Ол Бухарадағы Көкалташ медресесин питкерген.

Миллий ояныў дәўири әдебияты өзине шекемги реалистлик әдебияттың дәстүрлерин даўам еттирип халықлық шығармаларды дөретиў менен бирге халықтың мәдениятын жыйнаўшы, атқарыўшы ҳәм тарқатыўшы болды. Усы сыпатлардың ҳәммесин өзинде жәмлеген Қоразбек араб, парсы, түркий халықлар тиллериниң көпшилигин билген. Усы тилде дөретилген әжайып дүнья мәдениятының дүрданаларын қарақалпақ тилине аўдарып өз халқының руўхый байлығын байытқан, сана сезимин раўажландырған инсан болды. Мәселен, оның Абылғазының „Шежиреий түрк“, (Түрклер шежиреси) шығармасын қарақалпақ тилине аўдарып елге таратыўының өзи халықтың өзин-өзи таныўына, миллий сананың ояныўына қосылған үлес болды. Бердақ шығармаларының сақланыўында Қоразбектиң үлкен хызмети болған. Халықтың миллий мәдениятының раўажланыўында Ақтамда, Шымбайда ашылған қыссаханлар мектебиниң роли күшли болды. Қоразбек Разбек улы қарақалпақ қыссаханлық мектебиниң тийкарын салыўшы. Ол үш мектеп шығарған 1. Сыдық шайыр, 2. Әбдиқәдир шайыр, 3. Сейфулла. Мине солай етип, бул мектеплерден басқа мектеплер бөлинип шыққан. Ояныў дәўириниң шайырлары аўдармашы сыпатында хызмет атқарған. Қыссаханлық мектебиниң тийкарын салыўшы Қоразбек Разбек улы ҳәм оның шәкиртлери дүнья дүрданаларынан есапланған араб, парсы тилинде жазылған Суфы Аллаярдың, Х. А. Яссаўийдиң, Бақырғаныйдың, Наўайының, Молла Машрабтың, Фердаўсийдиң, Низамийдиң, Физулидиң шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды. Солай етип, қарақалпақ халқы XIX әсирдиң ақырында Россия арқалы Европа мәдениятынан да хабардар болды. Қарақалпақ халқының дүньялық мәдениятқа қызығыўшылығының ояныўында Қоразбектиң хызмети айрықша.

Миллий ояныў дәўири әдебияты ўәкиллериниң баслы хызмети миллий әдебий тилди қәлиплестирди ҳәм жетилистирди. Қоразбек Разбек улының қыссаханлық мектеби дүнья әдебиятының, түркий халықлар әдебиятын қарақалпақшалаған ҳәм қолдан көширип халыққа тарқатқан. Кәтиплер қолдан көширип жазыў арқалы қарақалпақ әдебий тилин бираз жетилистирди. Қоразбек шайыр Абылғазының „Түрклер шежиресин“, Бердақтың „Шежиресин“ бирнешше нусқада қолдан көширген. Демек, ояныў дәўиринде Қоразбек тек қыссаханлық мектебиниң ғана емес, ал кәтиблик мектеплердиң де тийкарын салған.

Әсиресе, түркий халықлардың әжайып дәстанларын, мәселен, „Ғәрип Ашық“, „Юсип-Злийха“, „Ғөруғлы“ дәстанларын қарақалпақ тилине аўдарып, қолдан бирнешше нусқада көширип жазып халыққа тарқатқан. Ҳәттеки, Қоразбектиң әдебий лақабы Ғәрип, яғный өзи аўдарма ислеген сүйип оқыған дәстаныының бас қаҳарманын алған. Қоразбек мектебинен шыққан көпшилик шайырлардың әдебий лақабы Ғәрип болған.

Халықты саўатландырыўға, мәдениятын көтериўге, миллий сана-сезимин оятыўға, жәҳән мәдениятына бет бурыўына түртки болған инсанлардың бири Қоразбек Разбек улы.

Себеби, дүньялық илимниң тийкарын салыўшы Хорезмниң әжайып әўладлары Ибн-Сино, Беруний, Хорезмийдиң үрим-путақлары бирнешше әстирден соң қайтып өз топырағы Хорезм жерине келиўи оларға руўхый азық болған болыўы мүмкин.

Қоразбек Разбек улы - қыссахан, аўдармашы, кәтиб ҳәм лирик шайыр.

Қоразбектиң поэзиясында тәрийплик шығармалар үлкен орынды ийелейди. Тәрийпте Ўатанды, елди, уллы-уллы адамларды, қыз-келиншеклерди мақтаў тийкар етип алынады. Қоразбектиң лирикаларының көпшилиги сақланып қалмаған. Қ. Айымбетов „Халық даналығы“ китабында „Қоразбек шайырдың жазған қарақалпақлардың сулыў қызларын мақтаған ҳәм басқа халықлардың да қызларын мақтаған, олардың характерлерин тәрийплеп жазған 323 қатардан ибарат мақтаў тәрийпи деп аталған шығармасы соңғы жылларға дейин қысаханлар тәрепинен жырланып келди“ деп жазған еди.

Бул тәрийп 1933-жылы Тахтакөпир районында жасаўшы қыссахан Қәўендер шайырдың шәкирти атақлы шайыр ҳәм қыссахан Аббаз Дабыловтан жазып алынды.

Тәрийтиң уллы тәрийп ҳәм жеке тәрийп формалары болды. Уллы тәрийпте үлкен халықлық мәселелер, Ўатанды, елдиң үрип-әдетлери мақталады, ал жеке тәрийпте уллы адамларды, ҳаял-қызларды, аты шыққан тулпарларды мақтаған.

Қоразбектиң тәрийпи бул уллы тәрийп. Қоразбек Разбек улы тәрийплик қосықтың шебери болған. Тәрийп қосықларында туўылған елди, халық батырларын, атақлы адамларды, қыз-келиншеклерди, ҳәттеки тулпар атларды

мақтайды. Қыссаханлардың сүйип атқаратуғын қосығы шайырдың Тәрийп деп аталыўшы шығармасы болды. Қоразбектиң қосықларының жазба нусқалары жетип келмеген. 328 қатардан ибарат тәрийп қосығы ҳәм „Бир өмир майдан ишинде“ қосығы сақланып қалған.

„Тәрийп“ қосығында Қоразбек дилўар, шешен, ақыллы қызлар қарақалпақтың барлық урыўында да басқа барлық халықларда да бар деген жуўмаққа келеди. Бул арқалы шайыр аўызбиршиликти, дослықты беккемлеўди мақсет етип қояды. Себеби, барлық урыўлар, халықлар тең бир-биринен кем емес деген пикирди алға сүреди. Бул жерде тек қызлардың сулыўлығы ғана емес, ал инсанның руўхый дүньясының гөззаллығы сөз етеди.

Жорға жүрис ат минбеген
Яр менен ойнап күлмеген,
Бир яқшы қызды алмаған,
Те өлгенше арманда ды

деген қосық қатарлары бар. Тулпар, жорға жүрисли ат, гөззал сәўер яр бул инсанның руўхый байлығы, жетик сана сезимли, мәденияты болып табылады. Ҳәр бир инсанда усындай пазыйлетлер болса ғана дүнья танымы кеңейеди, жәҳән мәдениятына бет бурады. Қоразбек демократик әдебияттың ўәкили. Қызлардың ҳуқықлары шекленген, ҳәттеки оларды буйым сыпатында көриўши дәўирде шайыр ҳаял-қызларды жоқары дәрежеге көтереди, олардың ақыллығы, сулыўлылығы, батырлығы елдиң мақтанышы екенлигин көрсетеди.

Отырыспаның гүли болған,
Ел халқының сәни болған
Қатар-қатар көше толған,
Арыў келер ҳәр қаладан.

„Тәрийп“ патриотлық шығарма. Шайырдың өз елиниң мәдениятына, үрп-әдетлерине, халықлық психологиясына, ишки дүньясының гөззаллығына деген үлкен ҳүрмети, сүйиспеншилигин көриўге болады.

Сырнай түртип, нақра урып
Дабыл қағып шаўқым салып
Жигитлер сейдинин алып,
Палўан келер ҳәр жағадан.

Қур айланып ылақ ойнап,
Көкмар тартып байрақ сорап
Не жананлар басын шайқап,
Орамал түйер ҳәр намадан.

Мине, бул қосық қатарларында ҳақыйқый халықтың өзине тән белгилери, дәстүрлери, ишки дүньясы, өмири көринип турады. Миллий мақтаныш сезимлери менен көтериңки руўхта жырлайды.

„Бир өмир майдан ишинде“ қосығында терең философиялық ой-пикирлер жәмленген.

Молла болсаң хатқа шебер,
Нешше түрли көрсет өнер,
Ҳәмме ўәжи сеннен питер,
Ел болар ғарам ишинде.

Шайыр инсанның ең тийкарғы ўазыйпасы өмирде жасап халыққа пайдалы ислер ислеў кереклигин, халық мәпин қорғаўды алдына мақсет қылып қойыў екенлигин атап өтеди. Қоразбек өзи де қарақалпақ халқының мәдениятын, сана сезимин, жәмийетлик көз-қарасларын раўажландырыўға хызмет еткен шайырлардың бири.

Солай етип, Қоразбек Разбек улы қарақалпақ қыссаханлық мектебиниң тийкарын салыўшы, аўдармашы, ағартыўшы ҳәм лирик шайыр сыпатында қарақалпақ миллий ояныў дәўири әдебияты тарийхында белгили орынды ийелейди.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Айымбетов Қ. „Халық даналығы“. Нөкис 1988-ж.

2. Пахратдинов Ә. „XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы“. Нөкис 1996-ж.

3. Дәўқараев Н. 2 томлық, 1-китап Н. 1979.

4. Пахратдинов Ә. „Қоразбек Разбек улының дөретиўшилиги“. „Қарақалпақстан муғаллими“ журналы. 1993, N1

5. Пахратдинов Ә. Өтемуратова Ҳ. „ XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы “ Хрестоматия. Нөкис

Тема бойынша сораўлар:

1. Қоразбек қыссаханлық мектебиниң бағдары.
2. Қоразбек шайырдың дөретиўшилиги.
3. „Тәрип“ қосығының жанрлық ҳәм көркемлик өзгешелиги.

Тапсырмалар:

1. Илимий әдебиятлардан конспекти жазыў.
2. „Тәрип“ қосығына көркем талқы ҳәм қосықты ядлаў.

## А. Муўсаевтың дөретиўшилик жолы.

ЖОБАСЫ

1. А. Муўсаев - шайыр ҳәм қыссахан
2 А. Муўсаевтың поэзиясы
3 Шайырдың „Тәрийп“ ҳәм „Қайда“ қосықлары
4 Шайыр лирикасында юмор-сатира

А. Муўсаев қарақалпақ миллий ояныў дәўири әдебиятының талантлы шайыры ҳәм белгили қыссаханы болды. А. Муўсаев 1880-жылы Мойнақ районының территориясында туўылған. Әкеси Муўса ескише саўаты бар молла адам болған. „Аяпберген жаслайынан билим алыўға қызығып, көркем сөздиң ашығы болған, сонлықтан ол өзиниң таланты арқалы халық арасына таралған. Шығыс әдебиятының дүрданаларын оқыўға умтылып, қарақалпақ классик поэзиясының ықласбентиниң бири болды. Өзи де жаслайынан қосықлар жаза баслаған“. (Қ.Айымбетов Халық даналығы.) Аяпберген отырыспаның гүли болып, мерекелерде халық дәстанлары „Гөруғлы“, „Ғәрип-Ашық“,„Юсип-Злийханы“, Наўайы, Мақтымкулы дөретпелерин қысса жолы менен атқарған. Аяпбергенниң әкеси Муўса қуўақы, сөзге шебер адам болған. Халық арасында ол кисиниң „Муўса ержеткели, Аяпберген тына қалды“ деген юморлық ушырма сөзи кең тарқалған._Аяпберген тойларда бет ашқан, қосықларын „молла“, яки „ғәрийп“ деген лақап пенен халық ишине таратқан. А. Муўсаевтың дөретиўшилиги миллий ояныў дәўиринде қәлиплесип ҳәм раўажланып елдеги сиясий жәмийетлик жағдайлар, әдебий байланыслар, мәдений жаңалықлар Аяпбергенниң дөретпесине тәсир етти. Өз заманының жетик саўатлы шайыры сыпатында ол халықтың турмыс шараятларын, миллий санасының раўажланыўына, дүнья мәдениятына қызығыўшылығына өз үлесин қосты.

Әдебияттаныў илиминде А. Муўсаевты еки дәўирди басынан кеширген шайыр деген пикирлер бар. Шынында да, шайырдың 40 жыллық өмири, қарақалпақ ояныў дәўирине туўра келсе, 16 жылы жаңа жәмийетлик дүзимге туўра келди. А.Муўсаевтың тийкарғы дөретиўшилиги Миллий ояныў дәўиринде раўажланды. Атақлы Қоразбек қыссаханлық мектебинен тәрбия алған Аяпбергенниң репертуары жүдә бай болды ҳәм қарақалпақ қыссаханлығын раўажландырыўға үлес қосты. Аяпбергенниң поэзиясына нәзер тасласақ, көбинесе юмор-сатира, тәрийп ҳәм дидактиканы көриўимизге болады.

Дәслепки қосығы „Көлге қаш“ сатиралық бағдарында жазылған. Досты Мақтымқулының қорқақлығы, сондай-ақ пәмсиз адамлар үстинен күлиўи бар. Аяпбергенниң қосығында көбинесе турмыста болған ҳәдийселер сөз етиледи. „Таймасбек“ қосығында өз сүйген қызына жетиў ушын гүрескен жигит сөз

етиледи. Шайыр елдиң бирлигин, ауызбиршилигин қорғайды. Еки урыў ортасында үлкен даў-жәнжел, төбелес болады. Елдиң бийлери ақсақаллары усыған жол қояды. „Ышқыпаз“, „Яранлар“, „Сениң“, „Саўдагердиң сыйлығы“, „Суўшы бала“, „Мәтен шайыр“ ҳәм тағы басқа да қосықлары сатираға қурылған. „Кәтқуда“ қосығында жағымпазланып ҳәмел алыўға тырысқан, елге ҳүкимлигин өткериў ушын ширенген, кеўлинде ел-халыққа деген зәрре сүйиспеншилиги жоқ Жолымбеттиң ҳәрекетлери күлкиге алынады.

„Мәтен шайыр“ қосығында елге тил тийгизген шайырдың әдепсизлиги сынға алынады.

Жигит болсаң жаман деме елатты,
Сен билмейсең әдеп пенен уятты,
Жаманлапсаң ашамайлы-қыятты
Ҳаслымыз бир қарақалпақ емес пеЎ

А. Муўсаев халықтың билим алыўына, жаслардың өнер ийелеўине шын кеўлинен итибар береди.

Сөз еситиң Ораз, Сейфулғабиттен,
Бурыннан ис көрген гөне заводтан,
Ташкент үлкесинде үлкен ис тутқан,
Газета басып, тил шығара баслады.

„Нәсият“ қосығында, әсиресе, жасларды оқыўға, билимге шақырыў идеясы анық берилген.

Илим, әдеп үйренесең сол жайда,
Сағ боларсаң келерсең әне үш айда

„Аман бол“ қосығы оқыўға кетип баратырған өзиниң шәкирти А.Бегимовқа қаратылып оның билимге умтылыўын қоллап қуўатлап ҳәм нәсият берген. Шайырдың басқа да ҳаял-қызлар темасына арналған қосықларында тәрбиялық ой-пикирлер жәмленген.

А. Муўсаев миллий ояныў дәўири әдебиятында дәстүр болған тәрийплик шығармалардың шебери. Шайырдың тәрийплик қосықларының тематикасы ҳәрқыйлы. „Молла Аманқул“ қосығында қарақалпақ дәстүрлеринен есапланған ер жигиттиң шын жолдасы атлар екенлигин, атсыз жүре алмайтуғын Аманқулдың тулпар ат излеп дүньяның ярымын гезип шыққанлығын сөз етеди.

Шайырдың тәрийплик қосықларының көпшилиги ҳаял-қызларға арналған. „Келин“, „Бийбажарға“, „Масқан“, „Бардур“, „Мақсымжан қыз“, „Шул қыздың“, „Мийирхан“, „Мазлым жанан“, „Мастана“, „Бир гөззал“, „Келди“, „Яңлыды“ҳ.т.б.

Шайырдың тәрийплеген гөззаллары шийрин сөзли, әдеп-икрамлы, назлы жүрисли, дәстанлардағы сулыў қызлардай, толып атырған теңеўлер, метафоралар, қулласы сыйқырлы сөзлердиң қудирети арқалы тәрийпленеди.

Беглер тәрийп етсе, Мақсым жан қызды,
Қулқы пейли ол өзине мүнәсип,
Кешлерде мүнаўар көрсең гүл жүзи,
Қәлем қасы қабағына мүнәсип.

Әдептен кимсеге кәтиплер сызған,
Ақ қағаз үстине моллалар жазған,
Ығбалы ишләтиб бу йўрттан озған,
Тәрийпини баян еттим шул қыздың.

Басқа қызлар болдым десе,
Мен ҳәм тасып толдым десе,
Бул дүньяға келдим десе,
Ҳәр ким дәўран сүрилмишдур.

„Оразбай“, „Есқалий“, „Сәңқибайға“ деген қосықларында ел-халқы ушын хызметте жүрген мәрт жигитлер тәрийпленеди. „Көк ат“ қосығы да тәрийплик лирика.

А.Муўсаев поэзиясының, сондай-ақ, қарақалпақ әдебиятының үлкен табысы болған „Тәрийп“ қосығы Ўатан темасында жазылған өлмес қосықлардан есапланады. Қосықта шайырдың миллий мақтаныш сезимлери, халқына деген шексиз сүйиспеншилик туйғылары бар.

Аржақ-бержақ болып еки сан болған,
Бөлим-бөлим еллер қарақалпақтады,
Ғаңқылдасып үйрек ушып ғаз қонған,
Айдын-айдын көллер қарақалпақтады.

Қарақалпақлардың кең ашық кеўлиндей жазық даланлықлары менен сақый көллери, Гөруғлы ғайратлы, Рустем жүрекли жигитлери менен ҳүрден зыят, әдеп-икрамлы қыз-жаўанлары, қус салған қәлпе менен шабандозлары, Алишерге жете қаба, Жийреншедей шайырлары - ҳәммеси халықтың мақтанышы.

„Қайда“ қосығы терең философиялық қатарлар менен толы. Адамзат жасар екен, оның арзыў арманлары өмирине жолдас. Шексиз дүньяның қәлеген мушына баратуғын, тусаўсыз нәрсе бул адамның қыяллары, әрманлары. Мине усылардың бәрин шайыр қосыққа түсирген.

Жигит ат көтермес, мийман сыйламай,
Сөз сөйлемес истиң парқын ойламай,
Маңлайдан тер төгип, жанын қыйнамай,
Мийнет шекпей табылғандай нан қайдаЎ

„Бүгин“ қосығында да усындай идеяларды алға сүрген. А. Муўсаев атақлы қыссахан болған. Дәстанларды ядтан айтқан. Өзи де дәстан жанрына қол урған. Шайырдың „Қудайберген“ дәстаны толық түрде жетип келмеген, халық аўзында жүрген үзиндилери ғана сақланып қалған.

Дәстан шама менен 1905-1908-жыллары жазылған. Дәстан ашықлық дәстан, бул тәбиийий, себеби ол „Саятхан Ҳамра“, „Ғәрип Ашық“ дәстанларынан тәсирленип жазған болыўы мүмкин. Дәстанлардың жазылыўы миллий ояныў дәўири әдебиятының ең жетискенлиги болды.

Әлбетте, шайыр жаңа социаллық дүзимде де өз дөретиўшилигин даўам етти, бирқанша қосықларын дөретти. Мәселен, „Ленин“, „Бола баслады“, „Биринши май“, „Шөлкем“ ҳ.т.б. Буннан көп узамай шайыр қуўдалаўға ушырады ҳәм өмириниң ақырына шекем жасырынып қашып күн кеширди. „Табылмас“ қосығында ҳақыйқатты сезди, кеңес ҳүкиметиниң сиясатын қаралады.

Өтти арамыздан нешше мың жанлар,
Жақсыдан қалмады намыў-нышанлар,
Мүршийди мухаббил әзиз ийшанлар,
Жоқ болды, олардан нышан табылмас.

Билмедим: Не болар заманның кейни,
Жыл-жылдан пәсентдур исламның дини,
Кешеден қараңғы адамның кеўли,
Бир күн өлсең жақты жәҳән табылмас.

Солай етип, А. Муўсаев қарақалпақ әдебияты тарийхында үлкен из қалдырған шайырлардың бири.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Жапақов Н. „А. Муўсаевтың творчествосы“. Нөкис,1964 ж.
2. Муўсаев А. „Биринши май“. Нөкис, 1980 ж.
3. Пахратдинов Ә. „XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы“. Нөкис, 1996.
4. Ахметов С. „Қарақалпақ совет поэзиясы“

Тема бойынша сораўлар:

1. Шайыр шығармаларының изертлениўи.
2. А.Мусаев лирикасының тематикасы.
3. Шайырдың әдебият тарийхында тутқан орны.

Тапсырмалар:

1. Илимий әдебиятлардан конспекти жазыў.
2. Шайырдың „Қайда“, „Тәрийп“ қосықларына көркем талқы.
3. Шайырдың қосықларын ядлаў.

Сәпиўра Жайылбек қызы

ЖОБАСЫ

1. Сәпиўра шайырдың өмири ҳаққында мағлыўмат.
2. Шайырдың лирикалары.

Сәпиўра Жайылбек қызы өзиниң аз ғана өмириниң ишинде халыққа танылған, саўатлы, зиялы қызы сыпатында изинде өшпес из қалдырды. Бул шайыр қыздың бай лирикалық қосықлары болып табылады. Сәпиўра Жайылбек қызы 1892-жылы Қоңырат қаласының арқа-шығысында Қазақдәрья әтирапында туўылған. Шайыр ҳаққында әдебияттаныў илиминде изертлеўлер жүдә аз. Дөретпеси бойынша дәслепки изертлеў жүргизген адам С.Мажийтов болды. С.Мажийтов шайырдың қосықларын халық арасынан жыйнап алады. 1933-жылы шыққан „Хрестоматия" китабына Сәпиўраның „Қуўыршақ", „Көйлек", „Неге" қосықлары киргизиледи. Сәпиўра ҳаққында Қ.Айымбетов „Халық даналығы" китабында азы-кем тоқтап өтеди. Илимпаз Ә.Пахратдиновтың сабақлығында Сәпиўра дөретпесине бираз талқы жасалған. Сәпиўра Жайылбек қызы билимли талантлы қыз болған, 23-24 жасларында қайтыс болған. „Оқыў" деген қосығы қосық қурылысы, тили, көркемлиги бойынша өзгешеликке ийе. Қосықта шайырдың билим алыўға деген умтылыўлары, қыздың қәлеўинше билим алыўына болған тосқынлықларға наразылығы сезилип турады. Суўпы Аллаярды, Наўайыны, Шар китапты оқыған.

Қыйын болсада ҳәм оқыдым, ҳәм билдим,
Оңайласты бир азырақ дем алдым,
Он жыл оқып суўпы китабын,
Наўайы, Шар китап шықтым тамамын.

Шайырдың қосықларында Шығыс әдебияттың тәсирлери, тәжирийбелери көринип турады. Сондай-ақ, Сәпиўраның қосықларының және бир өзгешелиги қосықтың жумбақлылығында.

Турмыстың ҳәрқыйлы ўақыялары, ҳәдийселери ашық көринбейди, ал оны тымсаллап бериўге умтылады. „Қуўыршақ", „Көйлек" қосықлары мине усындай қосықлардан есапланады.

Көк көйлегим тозғаннан соң,
Гөне болып қалғаннан соң,
Түрли жамаў енгеннен соң,
Киймей жүрмен намыс етип.

Төрт қатар қосыққа үлкен жәмийетлик ой-пикир жәмленген. Қосық әпиўайы тозған көйлек ҳаққында жазылды десек, шайырды түсинбеген болар еди. Өмирге кимлер келип, кими дүзеп, кими бузып кетеди, түрли жамаў басылған көйлек киби. „Сәпиўра Жайылбек қызының „Неге“ қосығы тымсаллық характерге болып, онда адамлар арасындағы күнделикли ушырасып туратуғын ҳәр қыйлы адам басындағы, кеўлиндеги, ойындағы жағдайларға таң қалыўшылық ямаса күйиниўшилик сезиледи. НегеЎ деп сораў қояды“ (Пахратдинов Ж. „Әрманлы шайыр қыз Сәпиўра“)

Шынында да өмир сораўларға толы, шайыра қыз қәлби негеЎ риторикалық сораўға қойып, ҳәрбир инсанды өмирге терең үңилиўге бағдарлайды.

Адамның әжеп пейли бар,
Қай бириниң кең пейли бар,
Турпайысы, әбжили бар,
Тегис емес, түрли негеЎ

Сәпиўраның „Керек“ қосығы жасларымызды әдеп-икрамлылыққа, киши пейиллиликке, адамға исенимли дос таўып жүриўге, халқына хызмет қылыўға, адам баласына ҳасла қыянет етпеўге, орнын билип жүриўге, дос-душпанды аңғарыўға шақырады.

Ғаўға болса ҳәзиң болмас,
Менменниң сиз, бизи болмас,
Басқа менен сазы болмас,
Сәўбетлес, жолдас сай керек.

Жас болыўына қарамастан ақыллы, өмирди терең түсинген, ойшыл, билимли шайыра Сапиўра қыз изинде тәкирарланбас мийрас қалдырған.

Қарақалпақ әдебиятында шайырлар айтысының ишинде Сәпиўраның Қазы Мәўлик пенен айтысы көркемлилиги, формасы бойынша ажыралып турады. Қ.Айымбетовтың мағлыўматы бойынша Сәпиўра шайыр 1913-1914-жылларда Шымбай қаласынан атақлы шайыр Қазы Мәўликке хат арқалы қосық жазып жибереди.

Қазы Мәўлик тәрийпинди еситип,
Ғайыбана дослық нәҳәр әйледим,
Дослық рәҳәти мәккәм болсын деп,
Бир нешше саўалым таяр әйледим.

Айтыс усылай басланады. Сәпиўра жүдә саўатлы болған, сонлықтан сол дәўирде қысахан ҳәм билими менен аты шығып Қазы Мәўлик пенен танысыўды

мақсет етеди. Қазы Мәўликтиң билимин сынаў ушын бирқанша сораўлар береди. 18 жылда қанша ай, күн, саат, ҳәттеки минутқа шекем есаплап бериўин, 12 жастан баслап намаз оқығанлығын, 6 жылда намаздың саны қанша болатуғынлығын, адам күнине неше рет дем алатуғынлығын улыўма усындай тымсаллық, шийеленискен сораўларды берип оның жуўабын күтип қалады.

Хат Қазы Мәўликтиң қолына түседи, бирақ ол Сәпиўра ҳаққында хабар болмағанлықтан хатқа жуўап қайтармайды.

Сәпиўра Қазы Мәўликтиң жуўабын күтеди, буннан жуўап болмағаннан соң екинши хатын жазады. Хат араб әлипбеси тийкарында Қазы Мәўликтиң исмин келтирип муашшақ түринде жазылған.

Сәпиўраның екинши хатын алғаннан кейин Қазы Мәўлик ол қыздың билимине, ақылына ҳайран қалады.Сәпиўра ҳаққында, оның ким екенлигин билиў ушын Қазы Мәўлик С.Мажитовқа хат жазады.

Сәпиўра 3-хатын шайырға өкпелеп жазады.

Тәўбе еттим анша болдым пушайман,
Жайық таппай хат жазыппан бийгүман,
Хатымды қайтарғыл жолыққан заман,
Қадым саналықты барабар енди.

Қазы Мәўлик Сәпиўраның 3-хатынан кейин оған жуўап хат жазады. Сәпиўраның барлық сораўларына жуўап береди.

Бу сөзим муофық гәр болса сана,
Тезден жуўабыны еткергил маңа,
Мен сениң тәрийпиң ешитип яна,
Көрниў әйле я бизиң бийқарар әйле.

Улыўма Қазы Мәўлик пенен Сәпиўраның хат арқалы айтысы сораў-жуўапларда терең мәни, сырлы пикирлер бар. Екеўи де өз заманының зиялы инсанлары сыпатында өз билимлигин, даналығын турмыс тәжирийбелигин дәлиллеген.

Сәпийра жас болыўына қарамастан оның билими, ақылы парасаты жүдә мол.

Базар ишин қыдырып көшеде жүрип,
Өз теңинди таўып ала бер енди,
Базар бармақ бизге раўан болурму,
Қәлеген мийўанды теребер енди.

Қазы Мәўликке жазған бул қатарларда ийбелилик, жоқары пазыйлетлери көринип турады. Шынында да, Сәпиўра жүдә саўатлы, талантлы шайыр. Қазы Мәўлик Сәпиўраға „Шайыр теңизине шөмген инсандур“ деп баҳа береди.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Айымбетов Қ. „Халық даналығы“. Нөкис, 1988.

2. Пахратдинов Ә. „XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы“. Нөкис, 1996.

3. Пахратдинов Ж. „Әрманлы шайыр қыз Сәпиўра“. „Қарақалпақстан Жаслары“. 2002-ж. 28/11.

Тема бойынша сораўлар.

1. Сапиўра шайыр лирикаларының тематикалық мазмуны қандай

2. Сапиўра менен Қазы Маўликтиң айтысы.

3. Шайырдың „Оқыў“, „Неге“қосықларына көркем талқы.

Қазы Мәўлик Бекмуҳаммед улы

ЖОБАСЫ

1. Шайырдың өмири ҳаққында мағлыўмат.
2. Қазы Мәўликтиң қыссаханлық, кәтиблик, ағартыўшылық хызметлери.
3. Қазы Мәўлик шығармаларының тематикалық, идеялық бағдарлары.
4. Қазы Мәўлик лирикаларының жанрлық өзгешелиги.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхында белгили орны бар, демократиялық, ағартыўшылық идеяларды раўажландырған Қазы Мәўлик Бекмуҳаммед улы болып табылады. Өмир баяны туўралы пикирлер Н.Даўқараевтың, Қ.Айымбетовтың, Ә.Пахратдиновтың, Қ.Байниязовтың илимий мийнетлеринде сөз етилген. Қазы Мәўлик 1885-жылы Шымбайда туўылған 1950-жылы қайтыс болған. Әкеси Бекмуҳаммед ахун Қарақум медресесин, соң Бухарадағы Мир Араб медересесин питкерген. Мешитте сабақ берген қазы болған, жетик саўатлы инсан болған. Сонлықтан, ол баласының билим алыўына итибар берген. Оның Мәўдит ҳәм Мәсўид исимли балалары болған. Мәўдит жаслайынан илимге қызыққан, әкесиниң үй китапханасындағы араб, парсы тилиндеги жазылған китапларын оқыўға интасы болған. Дәслеп Қарақум ийшан медресесинде, соң Бухара медресесинде оқып билим алады. Медреседе Ислам дини бойынша китапларды үйрениў менен бирге „Шахнама“, „Ҳәзирети Әлий“, „Ҳәким Улықпан әпсанасы“, „Мың бир түн“, Суфы Аллаяр, Х.А.Яссаўий ҳикметлерин оқыған. Қазы Мәўлик Бухарадағы Көкалташ медресесиниң бай китапханасынан пайдаланып айырымларын қарақалпақшалап, ал айырымларын сол турысында көширип алған. Булар оның соңғы ислерине үлкен жәрдем берген.

Медресени питкергеннен кейин Шымбайдағы Хан мешитинде бала оқытқан ҳәм лирикалық қосықларды жаза баслаған. „Қызлар“, „Мәрдикәр“, „Көңлим“, „Көкнаршы достыма“ қосықлары дәслепки дөретпелеринен есапланады.

„Мәрдикәр“ қосығы жәмийеттеги сиясий ўақыялар менен тығыз байланыста дөреген, яғный 16-жылдағы мәрдикәрға алыў, ана перзентинен, қызлар сәўер ярынан айра түсиўине алып келген. Ҳаял-қызлардың сағыныш сезимлерин усы қосық арқалы баянлаған.

Елден айра түсип кетти нешшелар,
Қамаған қамаққа әрман нийетлар,
Хабар йоқ билмеймиз қайда кеттилер,
Кеше кеткен сәўдигимди сағындым.

„Қызлар“ қосығы халық арасында кең тарқалған, қыссаханлардың сүйип атқаратуғын қосықларынан есапланған. „Қарақалпақ фольклоры“ның V томында шайырдың усы қосығы берилген. Демек, бул қосық халықтың жүрегинен терең орын алған ҳәм шайырдың даңқын шығарған.

Кегейли бойына барғым келеди,
Өткенди, кеткенди көргим келеди,
Садаған кетейин гүл юзли дилбар,
Сайланып алдында турғым келеди.

Қазы Мәўлик Бухара медресесин питкерип келгеннен кейин көп узамай әкеси Бекмуҳаммед ахун 43 жасында қайтыс болады. Мәўликтиң устазы Шымбайдың муфтийи Әлий ахун оны қазылық лаўазымына усынады.

Усы лаўазымда ол 1905-1918-жыллар аралығында ислеген. Шайырлықты да қазылық жумысты да тендей алып барды. Сондай-ақ, Шымбай мешитинде сабақ берген. Ол өз ғәрежети менен мешит салып мийнеткеш халықтың балаларын бийпул оқытып, аўқат та берген деген мағлыўматларды береди, У.Рахметуллаев пенен Е.Каримуллаев. Бул Қазы Мәўликтиң ағартыўшылық идеяларының көриниси.

Ҳәр қандай инсан қандай жәмийетте жасамасын, ол билим алыўға хуқықлы, билим алыўда олардың жасы, социаллық шығысы есапқа алынбайды.

Қазы Мәўлик аўдарма ислери менен де шуғыллана баслады. „Мың бир түн“, „Түс жорыў“, „Сайқалий Мәдет“ ҳ.т.б. китапларды қарақалпақ тилине аўдарды. „Ғәрип ашық“, „Гөруғлы“ дәстанларын, Наўайының, Фирдаўсийдиң, Мақтымқулының шығармаларын қарақалпақшалаған.

Сол арқалы қарақалпақ халқы Шығыс әдебияты, Орта Азия халықлары әдебиятлары дүрданалары менен таныса баслады.

Қазы Мәўлик творчествосының гүлленген дәўири 1915-1919-жыллар болған. „Перийзат“, „Қушайды“, „Недур гүнайым“, „Ол неге дәркәр“, „Гириптар енди“, „Сәпиўра менен айтысы“ шығармалары дөретилди.

Себеби, ол медреседе дүньялық илимлерден хабардар болды. Өзиниң бар билимин, талантын халқы ушын, халқының миллий санасының раўажланыўы ушын жумсады.

1920-жыллары Шымбайда китап дүкәнын ашады. 3-4 кәтип жумсап халық дәстанларын қолдан көширтип халыққа тарқатқан. Алыс-алыслардан қыссаханлар келип айлап гезек күтип китапларды сатып алып кеткен. А. Дабылов, С.Нурымбетов бул ҳаққында мағлыўмат береди.

Қазы Мәўлик қыссаханлық пенен шуғылланып бирнешше шәкиртлер таярлаған. Олардың ишине Камал, Қурбанбай, Балтабай, Сейтжан, Хилол ҳ.т.б. болған.

1920-жыллары таза мектеплер ашылып араб графикасында саўат ашыўға Қ.Аўезов, С. Мажийтов пенен бирге хызмет еткен. Кеңес ҳүкиметиниң ғалаба саўатландырыў сиясатын қоллап қуўатлаған. „Ҳаял-қызлар“ қосығында

Ашылды әне таза мектеп,
Қатар-қатар отырың деп,
Үйренип икрамыў-әдеп,
Илим алың ҳаял-қызлар.

деп ҳаял-қызларды билим алыўға шақырады, қоллап қуўатлайды.

1926-1927-жыллар Шымбай қалалық атқарыў кеңесиниң кәтиби болып ислеген. Қазы Мәўлик қарақалпақ халқының мәдениятын, әдебиятын, билимин раўажландырыў ушын көп хызмет еткен.

Бирақ, оның шығысы, яғный улама шаңарағынан шыққанлығы кеңес ҳүкиметиниң саўатсыз, мәңгүр гезенделерине жақпады. Қазы Мәўлик көп қуўдалаўға ушырады. Қамаққа алыныў қәўпи болғаны ушын 1929-жылы шаңарағы менен түркменлер арасына қашып кетти. Елинен жырақта жүрип те әдебий хызметлерин даўам етти. Қ.Байниязов өзиниң мақаласында „М.Бекмухаммедов Куба таўда жасаған дәўиринде „Юсип-Ахмет“, „Молланепестиң“, „Тахир-Зухра“ дәстанларын қарақалпақ тилине аўдарған деп жазады.“

1949-жылы Нәжим Дәўқараевтың өтиниши менен Нөкиске көширип алып келди. „Жасаған илҳам“ қосығы шайырдың неше жыллық айралықтан кейин елине келип жазған қосығы еди. Бирқанша ўақыт С.Нурымбетов, А.Дабыловлар менен бирге әдебий орталықта хызмет етти. Қазы Мәўлик лирикасы жүдә көркем, тәсиршең тили бай ҳәм тематикасы рең-барең. Шайыр лирикасының көпшилик бөлегин Ўатан темасы қурайды. Себеби ол патриот-шайыр сыпатында елин, халқын жанындай сүйген, халқына хызмет еткен уллы инсан.

Ўатан ҳаққында қосықлар көп. Бирақ Әжинияздың „Еллерим барды“, Қазы Мәўликтиң „Шымбай баязы“, Аяпбергенниң „Қарақалпақта“, Омардың „Елим“ қосықлары өз алдына.

Әжинияз, Аяпберген, Омар қарақалпақ халқының өзгешелигин улыўмаластырып көрсетсе, ал Қазы Мәўлик қарақалпақдың ең ески ҳәм тарийхый шәҳәри Шымбай ҳаққында сөз етеди. „„Шымбай баязы“нда туўылған жер тәбияты, халқы, оның жақсы үрип-әдетлери, жигитлери сулыў қызлары халықтың бир-биреўге мийирманлығы, иззет-ҳүрмети шайыр тәрепинен йош пенен тилге алынады“ деп көрсетеди Ә. Пахратдинов.

„Ҳәркимниң Ўатаны-Мысыр шәҳәри“ деген гәп бар халқымызда. Қазы Мәўлик тәрийплеген Шымбай қаласы дүньядағы ең гөззал, ең әжайып мәкан. Себеби, ол шайырдың туўылған жери.

Мысырдан раўаждур Шымбай қаласы,
Жорға жүрмел минер гүллән баласы,
Ат шаппаға кендур оның даласы,
Шунындай еллери бар Шымбайдың.

деп мақтаныш сезимлери менен тәрийплейди.

Әсиресе, шайыр қызлардың сулыўлығын, дилўарлығын, әдеп-икрамлығын әжайып сөз кестелери менен кестелеген. Ондағы қолланылған көркем сүўретлеў қураллары арқалы көз алдымызға әжайып сулыў көринис елеслейди. Усындай қатарларды оқыған ҳәрбир инсанның руўхый дүньясы байыйды.

Қадди шамшат киби беллери нәзик,
Қолларында қинжу қаслы билезик,
Көзлери мастана, қашлары язық
Қамар йүзли қызлары бар Шымбайдың.

Перийлер уялар ҳүснини көрсе,
Кеша раўшан болур майданда юрса,
Мушки ҳиди келар енида турса,
Гүландамдек қызлары бар Шымбайдың.

Әлбетте, әдебият таныў илими тарийхында Қ.Мәўликтиң бундай қосықларын мәниссиз, қуры мақтаўларға қурылған, өмирден шетлеп кеткен, тек байлардың қызларын тәрийплеген деп баҳа берип келди ҳәм үйренилмеди.

Бирақ, бул қосықларда шайыр үстем классларды мақтаўды нәзерде тутпаған, ал инсанның руўхый дүньясының гөззаллығын ең жоқары дәрежеге көтерген.

„Шымбай баязы“нда халықтың мәрт, батыр жигитлери тәрийпленеди. Қарақалпақ жигитлери әзелден шабандоз, жаўынгер болады. Ат ер жигиттиң жолдасы болып келген, сонлықтан да бедеў минип шабандоз болған жигитлер атларын безеўге, сейислеўге итибар берген.

Мақпалдан сайлап дорба илдим,
Кишмиштен сайлап жем бердим.

деп келтиреди „Алпамыс“ дәстанында. Шымбайдың ғошшақ жигитлери атларының мойынларына лағлы маржанлар тағып, тилладан қамшы алып, жем орнына набат берип тек шайқатылып жүрместен, олар елди қорғайтуғын, халық ушын жанын беретуғын азаматлар екенлиги сүўретленеди.

Яз болсы йигитлер атларын бақар,
Ат мойнына лағлы маржанлар тақар,

Ғаним көрсе тәндип башыны қақар,
Рустем киби йигитлери Шымбайдың.

Қосық қатарларын оқып отырып көз алдымызға Шымбай көшелерин гөззаллыққа толтырған, өңир моншақлары, тиллә ҳәйкеллери сыңғырлаған, саллана аяқ басып жигитлердиң сустын басқан перийден зыят қыз-жаўанлары, жорға жүрмел минген, кең жаўырынлы, турпатлы, ат көтермес батыр жигитлери келеди.

Қазы Мәўлик халқының бай үрип-әдетлерин бир-бирине мүрийбетли қатнасын миймандослығын мақтаныш пенен тилге алады.

Майданда салланур гүл-гүл әлўанлар,
Гүрес майданында урған жаўранлар,
Қураш тутып байрақ алып палўанлар,
Шады қоррам тойлары бар Шымбайдың.

Дәстүр шулдур: шәҳри Шымбай елинде,
Яман сөзни ҳасла алмас тилине,
Қызлар алтын келсе алып әлине,
Йигитке узадур қызы Шымбайдың.

Ҳәр бир урыўлар, олардың жасаў өзгешелиги, қыз-жигитлери байрамлары үлкен йош пенен жырланады.

Әлбетте, бул қосықта көбинесе қызлар гөззаллығы ашықлық мәселеси сөз етиледи, бирақ буны биз мухаббат қосығы деп емес, ал мухаббат ҳаққында лирика деп атаймыз. „Шымбай баязы“ қосығын шайыр лирикасының сондай-ақ, қарақалпақ әдебиятында Ўатан темасына арналған тәрийп қосықларының ең баҳалысы деп айта аламыз. Мухаббат лирикаларының көпшилигинде Шымбай шәҳри бирнешше мәрте тилге алынады. Шымбай гөззаллар мәканы екенин шайыр қайта-қайта ескертиўи менен. оның елине деген шексиз мухаббаты көринеди.

„Жасарған илҳам“ қосығы 20 жыл елден айырылып, қайтып келгеннен кейин 1949-жылы жазады. Елдеги үлкен өзгерислер, жаңалықлар, халықтың турмысы, мәденияты, жаңа қурылыслар шайырды илҳамландырады.

Ыссы емес, суўық емес ҳаўасы,
Назы нағметлери, көлдиң ҳаўазы,
Еситсеңиз ҳәр күни пағман наўасы
Заўқы сапасыны баян әйледим.

Қазы Мәўлик Ўатанын сүйе билген, әжайып сезимлерин ақ қағаз бетине көшире билген көркем сөз шебери. Ўатанына сүйиспеншилигин өз хызметлери менен, яғный халықты билимлендириў, мәдениятын көтериў, руўхый дүньясын кеңейтиўде үлес қосыўы менен билдиреди. XIX әсир классик әдебиятының ўәкили Әжинияз мухаббат лирикасын шыңларға көтерген болса, оны даўам еттириўши Қазы Мәўлик болып табылады. Қазы Мәўлик лирикасында баҳа бериўде бир тәреплилик болды. Мәселен, шайыр тек байлардың қызларын, балларын мақтаған деген пикирлер ҳүким сүрди. Шайыр мухаббат лирикасында социаллық теңсизликти сөз етпейди. Бирақ, ҳақыйқый гөззал образы сулыў сезим, әжайып ышқы мухаббат уллы туйғылар көркем сүўретлеўди тапқан.

Шайырдың „Не сөздур“, „Ақылым ҳайрандур“,„Мегзеттим“,„Ядыма түшди“, „Перийзат“, „Сағыйда“, „Недур гүнайым “, „Гириптар енди“, „Қызлар қосығы“, „Қушайды“ қосықлары муҳаббат лирикасына жатады.

Ышқы муҳаббат ең уллы сезим, ол тек жақсылардың жүрегине жайласады. Шайырдың ышқы сезимлерди уллылаған қосықлары ҳәр бир инсанды ийгиликли ислерге жетеклейди, руўхый дүньясын байытады.

Йолында фидаман мудам ақыў-зар,
Бир заман көрмесем болур бийқарар,
Сен маңа болғайсаң ақыр сәўир яр,
Қәлем услап язғаныма не сөздур.

„Не сөздур“ қосығында Райхан исимли перийзаттың Шымбайда тәнҳә екенлиги, ҳеш жеринде мини жоқ, ҳәттеки оның бир аўыз шийрин сөзи өликке жан беретуғын қәсийетке ийе гөззал образы тәрийпленеди. Қазы Мәўлик бәрҳама гөззаллыққа шайда, дилбар, дилўар, әдеп-икрамлы, ийбели, сәўир ярға интизар, өмир бойы соның жолында ақыўзар. Бул, бәлким, инсанның руўхый байлыққа, дүнья мәдениятына ынтығып жасаўы шығар. Әдебий, мәдений байлықлар арқалы халықтың руўхый талабы қанаатланады. Қазы Мәўликтиң өзи де сол ушын хызмет еткен адам.

„Мегзеттим“ қосығында

Ялғаншыда ҳеш дағы жоқ гөззалсаң,
Йүз мың әлўан жылўа менен сөзлерсең,
Дилўарлық бабында мисли бүлбүлсең,
Йүзлериңни мен перийге мегзеттим.

Тырнадек йүришли, тоты турышлы,
Қаршыға қуш еңли бойны бурышлы,
Бүлбүлдек хош ҳаўаз билан күлиши,

Лағлы-ләбин зарафшана мегзеттим.

„Ядыма түшти“ қосығында

Қылыштайын қыйылмуштур қашларың,
Ҳинжидейин тизилмишдур тишлериң,
Ҳәр тәрепте он төрт өрим шашларың,
Қәлемдек қашларың ядыма түшди.

Ышқында мен бир қызыл гүл лаламан,
Әрман билән айра түшип бараман,
Мен билменен, я күйемен жанаман,
Қара көз Сәрбиназ ядыма түшди.

Қазы Мәўликтиң лирикалық қосықларының ҳәммесинде сулыў қыз образы жасалады, бирақ бир қосығы екиншисин тәкирарламайды. Ҳәр қыйлы қыйыннан қыйыстырылған теңеўлер, метафоралар арқалы ярдың қәдди-қәўмети бериледи. Ашықлықта бәрҳә мурадына жете бермеген айралық дәрти шайырды қан жылатады.

„Ақылым ҳайрандур“ қосығы көлеми бойынша да, көркемлиги жағынан да басқа қосықлардан парқ қылады. Ол сондай гөззал яр, оған ҳеш ким тең келе алмайды, ҳәттеки дүньяда жоқ бундай дилбар. Яр жолында өмирин бағыш еткен Фархад, Мәжнүн киби сол перигe умтылады.

Яр болмаса заўқы-сапа керакмес,
Бәлки, пәни дүнья маған керекмес,
Сизден өзге ҳешбир дилбар кереклмес,
Арзым етмасине ақылым ҳайрандур.

Баўвар етлис гәўҳарымны қашымны,
Кирпиги қанжардур түкәр қанымны,
Ҳәр сөзине берсем шийрин жанымды,
Етмас баҳасына ақылым ҳайрандур.

Қызлардың жүрис турысын, күлгенин, назлы жылўаларын қусларға уқсатыў әдебияттағы ең жақсы дәстүрлерден есапланады. Сондай-ақ, Шығыс әдебиятындағы ашықлар исми шайыр лирикасында жийи-жийи ушырасып турады.

Тербенип йүргенде таўыс йүришли,
Тоты передек шақалақлап күлиши,

Қаршыға қуш янлы, мойның буышлы,
Ушып қонғаныңа ҳеш сөзим йоқдур.

„Перийзат“ қосығында да, йош қылықлы, әдеп-икрамлы, айдай жүзли, дүньяда теңи тайы жоқ бир перийзат сүўретленеди.

Сен бир қызыл гүлсең алғым салыппан,
Бир кесе чай өз қолыңнан алыппан,
Әдеп-икрамыңа ҳайран қалыппан,
Мениң ақыл-қушым алдың перийзат.

Шайырдың ашықлық лирикаларын оқыған ҳәр бир инсанның кеўли йошқа, жүреги муҳаббатқа, ишки дүньясы гөззаллыққа толады, ийгиликли ислерге, жақсылыққа умтылады.

Қазы Мәўлик жетик саўатлы, зиялы адам сыпатында оның шығармаларында дидактика баслы орынды ийелейди.

Хош мүлайым ҳеш бир көңгүл қалдырмас,
Ақыл билан данасына не сөздур.
(Не сөздур).

Бир көргенде билур яқшы-яманы,
Әдеп-икрамына ақлым ҳайрандур
Әдеп-икрамыңа ҳайран қалыппан.
(Перийзат).

Шайырдың „Ол неге дәркәр“ қосығы терең философиялық, социаллық мазмунға ийе, көлеми жағынан үлкен шығарма. Ҳаял-қызлар жәмийетте, шаңарақта өз орнына ийе инсанлар. Қазы Мәўлик басқа шығармаларында да ҳаял-қызларды айрықша баҳалайды.

Себеби, шайыр жасаған жәмийетлик дүзимде ҳаял-қызлардың ҳуқықлары шекленген, қәдир-қымбаты бир қанша болса да, төменлетилген еди.

Қазы Мәўлик өз қосығында усындай пикирлерге қарсы турып, ҳаял-қызлардың жәмийеттеги, шаңарақтағы орнын ашып береди. Шаңарақ қурыў, үйли-жайлы болыў инсанның өмирдеги ең жетискенлиги, шаңарақтың уйытқысы - бул ҳаял.

Кисе-қойның қағаз ақшаға толса,
Бәлки, сыймай толып-ташып төкилсе,
Ишкениң ҳәмийше қант-набат болса,
Бир сәўгили ярсыз ол деге дәркәр.

Өмирдеги инсанның орны мал-дүнья менен өлшенбейди. Дөгерегиң ҳасыл затларға, көшкидей сарайың болып, иши байлықларға толса да, бир сәўер ярсыз олардың сәни болмайды.

Шақсыпа ҳайўана ойдырсаң нақшы,
Жипек ғалы-гилем төсатсаң яқшы,
Сазенде-гоянде айттырсаң бақшы,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Дүньяны ғаз-ғаз басып бирде минсиз болып, барлық әрман еткен нәрселерге жетискен адамның да қасында яры болмаса, барлығы бийпайда. Ҳәттеки, дүнья жүзин сораған патша бола бер, ярсыз олар не дәркарЎӘ.

Искендердей жердиң жүзин алсаң ҳәм,
Ҳәр күни жетпис еки нама шалсаң ҳәм,
Неше дәрьяларға көпир салсаң ҳәм,
Бир сәўгили ярсыз ол неге дәркар.

Әлбетте, шайыр сәўгили яр дегенде тек гөззал ярды ғана емес, ал адамның руўхый байлығының гөззаллығын нәзерде тутқан. Шынында да, билими, ишки дүньясы, руўхый сана-сезими төмен болса, байлық топлап абырой арттырғанлардың кереги жоқ. Шайыр қосықлары арқалы халқының жүрегине жол таўып, оларға руўхый азық бағышлап келген.

Қазы Мәўлик шығармаларының жанрлық өзгешелиги.

„XIX-әсирдиң басындағы әдебиятты Қазы Мәўлик одалық (тәрийплик) ғәззеллик, муҳаммес ҳәм т.б. қосық түрлери менен байытқан шайыр“ деп жазған еди проф. Ә.Пахратдинов.

Қазы Мәўлик XIX әсир классик шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ дөретпелерин даўам еттирип, қарақалпақ әдебиятын жаңа жанрлар менен раўажландырды.

Қазы Мәўликтиң шығармаларында 4 қатарлы жайдары қосық, тәрийп, ғәззел ҳәм муҳамммес жанрлары гезлеседи. Дәстүрий 4 қатарлы қосықлар қарақалпақ аўыз-еки дөретпелеринде ҳәм жазба әдебиятта бурыннан қәлиплесип кең раўажланған қосық түри. Қазы Мәўлик лирикаларында уйқаслардың ҳәр қыйлы формаларында көбинесе бууында жазылған жайдары қосықлар көбирек ушырасады.

Сырқырайды аққан суўдың сағасы,

Мениң ярым дуйым журттың ағласы,
Мәрт екен деп айтып едим бир сөзди,
Нәмәрт екен, пай заңғардың баласы.

Тәрийплик шығармалар дөретиў, әсиресе миллий ояныў дәўири әдебияты шайырларында көбирек ушырасады. XIX әсир классик шайыры Әжинияз „Еллерим барды“, „Бардур“ сияқлы тәрийплик қосықлары менен белгили болса, XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында А. Муўсаев, Жаңабай, Қулмурат, Қазы Мәўлик тәрийп жанрының шебери болды.

Тәрийп жанры ода ҳәм қасидаларға жүдә жақын. Ода жанры әййемги грек әдебиятында кең тарқалған болып, онда белгили бир ўақыяға ямаса бир адамға арналып жазылған поэзиялық дөретпе. „Қасида әҳмийетли тарийхый ўақыялар ҳәм тарийхта жасаған белгили адамлар ҳаққында салтанатлы усылда жазылған шығарма болып, өзбек, тәжик, иран, азербайжан халықлары арасында ушырасады“. Қазы Мәўликтиң „Шымбай баязы“, „Не сөздур“, „Қушайды“, „Перийзат“, „Ядыма түшти“ ҳ.т.б. тәрийп қосықлары бар.

Тәрийплер кирисиў (насиб) ямаса кирисиўсиз (насибсиз) басланады

Әй яранлар, енди бир сөз башлайын,
Еситиңлер тәрийпин Шымбайдың

Әй яранлар, шәҳри Шымбай ишинде,
Бир пәрий дүньяға келген қушайды.

Бул тәрийплер кирисиў менен басланып, онда мақталатуғын көринис яки адамға дыққат аўдарылады.

Ая, дилбар, намаз жума кешеси,
Анадан дүньяға келдиң перийзат,
Бул дүньяға келип кетти нешшеси,
Ким яқшы, ким яман билдиң, перийзат.

Шығыс әдебиятында ғәззел жанры ертеден раўажланған.

Ғәззел - арабша сөз болып ҳаялларға муҳаббат, ҳаяллар менен ойнап күлиў, ышқы муҳаббат ҳаққында сөз жүритиўши шығарма. Ә. Наўайы „Ғәззел мүлкиниң султаны“ деген уллы атаққа ийе болған еди. Қазы Мәўликтиң „Қурбан ҳайт“ шығармасы ғәззел формасында жазылған. Ғәззел - дәслеп муҳаббат темасына қурылған менен, соңғы дәўирлерде ҳәр қыйлы темаларда жазыла берген. Қазы Мәўликтиң „Қурбан ҳайт“ ғәззели юмор-сатиралық формада болып, онда үлкен социаллық мәселелер көтерилген. Муҳаббат темасында жазылған қосықлары жайдары қосық формасында, себеби ғәззелди кең халық массасы онша түсине

бермеген. Сонлықтан, Қазы Мәўлик қосықларын халыққа түсиникли түрде жазған.

Юмор-сатиралық усылда ғәззел жазып шайыр қарақалпақ әдебиятында ғәззелдиң жаңа формасын киргизген. Диний байрамларда халық ғәззеллер тыңлаған. Наўайының, Бедилдиң, Молла Мәшрептиң ғәзеллери айтылған.

Бар киси жәннет дийип қурбанлыққа сыйыр жетер,
Қуйрығына асылып, етти киши гүна кешер,
Бийшара болса, сықпан ишип шып-шып болып терге тушер,
Илажын тапыб ол ғәрип дозақтан да еплеп, өтер,

Бул қосық арқалы турмыстың ашшы ҳақыйқатлығы ашылады. Барлар қурбанлыққа мал сойып гүнасын кешириўди тилесе, ал жоқлар жармасын ишип-ақ қурбанлықты өткереди.

Әлбетте, бурын лирикалық шығармаларды ғәззел деп атаў дәстүр болған. Сонлықтан, Қазы Мәўликтиң айырым қосықлары халық арасында Қазы Мәўликтиң ғәззеллери деп аталып кеткен.

Қазы Мәўлик Бекмухаммед улы қарақалпақ әдебиятында муашшақ жанрын раўажландырған шайыр. „Муашшақ" - арабша сөз болып „безелген" „пардозланған" деген мәнисти билдиреди. Муашшақта қосық қатарларының басындағы ҳәриплерди қосып оқығанда адам ямаса заттың атлары келип шығады. Қарақалпақ әдебиятында Әжинияз шайыр, Сәпиўра әлипбе қосықларын дөреткен. Әлипбе қосықлары менен муашшақ бир-биринен парқ қылады.

Муашшақ жанры өзбек әдебиятында XIX әсирдиң 2- ярымында кең раўажланған. Әсиресе, Мунис, Увайси, Шавқий, Муқимий, Фурқат- муашшақ жанры менен аты шыққан. Қазы Мәўликтиң „Ақлым ҳайрандур", „Сәпиўра менен айтысы", қосықлары муашшақ усылында жазылған. Муашшақ ҳәрқыйлы усыллар арқалы жасала береди.

Сабырдан „сат" алып сапаға йетир,
Фырақтың „фе" алып панаға йетир,
Ўәсмийдин „ўаў" алып опаға йетир,
Йәки бизни ҳижранында зар әйле.

Рамазандин „ре" алсаң раўа болурма,
Ҳәўестиң „ҳе" алсаң ҳаўа қаларма,
Шул бир дәртиңе даўа болурма,
Наданлардың сөзлеместиң ар әйле.

Бул муашшақта „Сафура“ исми оқылады. „Ақлым ҳайрандур“ қосығында араб әлипбесиндеги ҳәриплер арқалы „Яқытджан“ атлы қыздың исми оқылады.

Солай етип, Қазы Мәўлик муашшақтың дәстүрий емес формаларын қарақалпақ әдебиятына енгизген шайыр.

Қазы Мәўлик пенен Сәпиўраның айтысы қарақалпақ әдебиятында белгили орын тутады. Бул айтыс ҳаққында илимде ҳәрқыйлы пикирлер бар. Қ.Айымбетовтың „Халық даналығы“ китабында, К.Алламбергеновтың „Қарақалпақ әдебиятында айтыс“ мийнетинде „Сейфулғәбит пенен Қазы Мәўликтиң айтысы“ деп көрсетеди. Ә.Пахратдинов пенен Ҳ.Өтемуратованың „XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы“ хрестоматиясында, Б. Дәўлетовтың „Қазы Мәўликтиң дөретиўшилик жолы“ мийнетлеринде „Қазы Мәўлик пенен Сәпиўра қыздың айтысы“ деп көрсетилген.

Қазы Мәўлик Сейфулғәбит пенен де Сәпиўра қыз бенен де айтысқан. Қазы Мәўлик Сәпиўра менен жазба түрде сораў-жуўап түринде айтысқан. Ал, Қазы Мәўлик пенен Сейфулғәбиттиң айтысы жәмийетлик машқалаларды, яғный ағартыўшылық мәселелер бойынша пикир алысады.

Сәпиўра Қазы Мәўликке дослық, танысыў хатын жоллап, онда жумбақлы сораўлар бериледи. Өзиниң 18 жасқа толғанын, 18 жылда неще саат, неше минут болатуғынын, 12 жастан ораза тутып, намаз оқығанлығын, алты жылдан берли намазының саны, адам күниге неше рет дем алады, 18 жылда қанша балатуғынлығын, сорап хат жоллайды.

Сәпиўраның 1- хатына Қазы Мәўлик жуўап жазбайды. Айлап жуўабын күтип және 2 -рет хат жоллайды. Бул хатты муашшақ усылында Қазы Мәўликтиң исмин қосық қатарларында келтиреди ҳәм 1-хатының жуўабын сорайды.

Қазы Мәўлик қыздың 2-хатын алғаннан соң, ол ҳаққында қызықсына баслайды ҳәм С. Мәжитовтан сорап оған хат жоллайды. Қазы Мәўлик Сәпиўраға қайтарған жуўабын муашшақ түринде жазады ҳәм Сәпиўраның сораўларына жуўап қайтарады. Хатының соңында Сәпиўраның келип кетиўин өтиниш етеди. Сәпиўра Қазы Мәўликке жазған 3-хатында өкпели пикирин билдиреди.

Пәҳим еткен қызлардың барары барму,
Ел гезген бийҳая сайып төрему,
Базар бармақ бизге раўа боларму,
Қәлеген мийўанды тере бер енди.

Жазған хатларымның бәрин қайтар дейди. Қазы Мәўлик Сәпиўраның талантына, билимине үлкен баҳа береди.

Қазы Мәўликтиң шығармаларында баяз сөзи көп қолланады. Мыс:„Шымбай баязы, „Баяз яздым халық ишине таратып“, ҳ.т.б.

Б. Дәўлетов „Қазы Мәўликтиң дөретиўшилик жолы“ деген авторефератында бул ҳаққында анық ҳәм дәлийли пикирлер келтиреди.

„Адабиетшунослик терминлар луғати“ китабында „Баяз-арабша сөз болып „қосықлар топламы“ деген мәнисти билдиреди. Бундай топламлар көбинесе бир нешше шайырлардың қосықларынан дүзиледи. Баяз шайырдың өзи ямаса әдебиятқа қызығыўшылар тәрепинен дүзилип, әдебиятты тарқатыўда үлкен роль ойнайды.

Баязлар Шығыс әдебиятында XV әсирлерде дүзилген. Бул баязлар Хафыз, Х.Дехлавий, Жәмий, Котибий, А.Наўайының қосықларынан ибарат болған.

Қазы Мәўлик бул баязлар ҳаққында толық мағлыўматқа ийе шайыр. Сонлықтан ол бул терминди жийи қолланады. Дәўлетов Б. „баяз терминин Қазы Мәўлик еки мәниде қолланған“ деп көрсетеди.

Биринshиси, Қазы Мәўлик қыссахан ҳәм кәтиб болған. Шығыс әдебияты үлгилерин қарақалпақ классleри шығармаларын жыйнап қолдан көширип китап қылып халыққа тарқатқан.

Екиншиси, „баяз“ды лирикалық шығарма мәнисинде қолланған.

Демек, баяз- әдебий жанрға тийисли емес, қосықтың да түри болмай, тек ғана „қосықлар топламы“ болып, шайыр бул сөзди көбинесе „баяз“ қосық мәнисинде қолланған.

Солай етип, Қазы Мәўлик Бекмухаммед улы Миллий ояныў дәўири әдебияты тарийхында ағартыўшы, аўдармашы, қыссахан, лирик шайыр сыпатында үлкен орны бар. Шайыр қарақалпақ поэзиясын жанрлық жақтан раўажландырған, ҳаял-қызлар тематикасын байытқан, халыққа руўхый азық бағышлаған зыялы инсанлар қатарынан орын алды ҳәм оның дөретпелери әўладлар ушын бай мийрас болып табылады.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Айымбетов Қ. „Халық даналығы“. Н.1988.

2. Байниязов Қ. „Қазы Мәўлик шайырдың тәрийп ҳәм мухаббат қосықлары“. Әмиўдәрья журналы. 1987.

3. Пахратдинов Ә. „XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы“. Н. 1996. 154-178-бетлер.

4. Дәўлетов Б. „Қазы Мәўликтиң дөретиўшилик жолы“. Автореферат. 2002.

Тема бойынша сораўлар:

1. Қазы Мәўлик шығармаларының жыйналыўы ҳәм изертлениўи.
2. Қазы Мәўликтиң қыссаханлық ҳәм ағартыўшылық хызметлери.
3. Шайырдың лирикаларының жанрлық өзгешелиги.

Тапсырмалар:

1. Илимий әдебиятлардан конспекти жазыў.
2. „Шымбай баязы“ қосығына көркем талқы ҳәм қосықты ядлаў.

## С. Мәжитовтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы

ЖОБАСЫ:

1. С. Мәжитовтың өмири, әдебий ағартыўшылық хызмети.
2. Шайыр поэзиясының тематикалық, жанрлық өзгешелиги.
3. С. Мәжитовтың драматургиясы.
4. С. Мәжитов қарақалпақ прозасының тийкарын салыўшы.
5. Жуўмақ.

С. Мәжитов қарақалпақ әдебиятында проза ҳәм драматургияның баслаўшыларынан болды, поэзияны ҳәр тәреплеме раўажландырған шайыр, соның менен устаз журналист, педагог, аўдармашы сыпатында халыққа хызмет еткен инсан.

Ағартыўшы шайыр С. Мәжитов 1869- жылы Қазан губерниясының Күйик аўылында туўылады. Әкеси Абдулжәжит Абултәҳип улы 1981- жылы Қарақалпақстанға көшип келеди. 12 жасар зейинли, билимли Сейфулғабит Таллық бойындағы Кулен болысқа жалланып хатшы болып ислейди.

1989-жылы Куленниң орнына болыс болған Қоразбектиң қолында хаткер болып ислейди. Мине, усы жыллары ол қарақалпақ классик шайыры Бердақ пенен танысады ҳәм қарақалпақ әдебиятына деген қызығыўшылығы артады. 1912-жылы Қоңырат қаласына көшип келеди. С. Мәжитов Россиядағы татар тилинде шығатуғын „Ўақыт қуяшы“ газетасын ҳ.т.б журналларды алып оқып турған. Рус тилин жақсы билгенликтен, Россиядағы ҳәрқыйлы жаңалықлардан хабардар болады, қарақалпақ халқын саўатландырыўға, ағартыўшылық жумысларына қатнасқан. Сонлықтан, ол 1907-жылы Инаят болысқа қосық формасында хат жазып жибереди. Онда Шымбайдан мектеп ашыў кереклигин талап етеди.

Шымбайдың жери кең, суўы пәраўан.
Лекин билимнен жоқ ҳеш намыў-нышан,
Жигирма мың үй, жүз жигирма мың жан,
Бир мектеп жоқ оқып саўат алмаға.

Өзбек әдебиятының көрнекли ўәкили Суфизаданың 1910-1913-жыллар аралығында Хожели ҳәм Қоңырат қаласында Жәдид мектебин ашыўы, муғаллимшилик етиўи, Сейфулғәбиттиң ағартыўшылық пикирлерине үлкен тәсир етти. Үлкен баласы Рахимди Суфизада мектебине береди.

С. Мәжитов жаңа дүзимди үлкен үмитлер менен күтип алды ҳәм оған хызмет етти. Усы дәўирлерде шайырдың бир қанша дөретпелери пайда болды.

Мысалы: „Еркинликти күсеў“, „Шырайлы заман“ ҳ.т.б. 1920-жыл большевиклер партиясына ағза болды. 1921-жылдан Қоңырат округлик билимлендириў бөлиминиң баслығы хызметинде 1924-жылға шекем иследи. Мектеплер ашыў, жасларды оқыўға жибериў, муғаллим кадрларды таярлаў ислерине басшылық етти. Қарақалпақстанда билимлендириў ислерине белсене қатнасқаны ушын ол Хорезм халық республикасының Мийнет қызыл байрақ ордени менен сыйлықланды.

Тазадан ашылған мектеплер ушын ана тилинде сабақлық дүзиў ушын шайырды 1925-жылы Ташкентке мәмлекетлик баспаға жибереди. Ол жерде А. Диваев, М. Әўезов ҳ.т.б менен бирге ислейди.

Қ. Аўезовтың басшылығында араб алфабитинде қарақалпақ „Әлипбесин“, „Оқыў китабы“ ҳәм „Егеделер саўаты“ сыяқлы сабақлықларды дүзди ҳәм баспадан шығарды. Сабақлықта Толстойдың гүрриңлерин қарақалпақшаға аўдарып берген ҳәм Орта Азиядағы сабақлықларды дүзиў усылына ҳәм қарақалпақ халқының турмыс тәжирийбесине, халық педагогикасына сүйенген.

1925-1929 жылларда „Еркин Қарақалпақстан“ газетасының жуўаплы хаткери болып ислеген. „Сол „Еркин Қарақалпақстан“ газетасында „Қопалы“ деген ат пенен С. Мәжитовтың ҳәртүрли мапазға арналған қосықларын оқып турдық. С. Мәжитов Төрткулде сол „Союз қосшылар үйи“ деп аталған жайдың бир кишкене бөлиминде бир өзи турды“ деп жазады Қ.Айымбетов (Халық даналығы )

С. Мәжитов жаслар менен көп ислескен. Қ. Айымбетов сол дәўирде техникумның студенти, ҳәўескерлер дөгерегиниң басшысы болып, ол С. Мәжитовтан бәрҳа кеңес алып турған.

С. Мәжитов қарақалпақ классик әдебияты нусқаларын, фольклорды жыйнаў исинде көп жумыслар алып барды. 1928-жыл „Қарақалпақ әдебияты жыйынтығы“ китабын баспадан шығарды. С. Мәжитов Областлық Х.Б.Б де илимий хызметкер болып ислеген дәўиринде муғаллимлерди қайта таярлаў курсында ана тили ҳәм әдебиятынан сабақ барген.

Қарақалпақстанда латынласыў дәўиринде латын графикасында сабақлықлар дүзиўде белсене қатнасқан. „Қарақалпақ әлипбеси“, (1929) „Қарақалпақша тил сабағы“ (1930), „Қарақалпақ тилиниң әддуди“ (граматикасы 1932) ҳәм т.б. сабақлықлар мысал болады.

С. Мәжитов ағартыўшылық жумыслары менен бир қатарда шайырлық өнерди бирге алып барды. 1929-жылғы жазылған библиографиялық ҳүжжетлерде „Миллетим татар, ана тилим қарақалпақ“ деген мағлыўматлар ушырасады.

(Қ.Байниязов „Таң жулдызы“ 1989 жыл).

„Оян қарындаслар“, „Қызларға“, „Ильяның улы“, „Жасларға“, „Оқыўға кел“ деген қосықлары жаслардың ең сүйип ядтан айтатуғын қосықларынан болған.

Сунқар болып илгенинди,
Ил жаздырма көгенинди,
Бунда келип билгенинди,
Ел ишине шашыўға кел.

С. Мәжитов „Сүйин ҳәм Сара“, „Қулмурат“, „Он тоғыз“ атлы романларын жазды.

„1929-жылы жазда С. Мәжитов „Қулмурат“ романын техникумның бағының ишинде бир ҳәпте даўамында оқып берди. Роман оқылып болғаннан кейин додалаў иси басланды. „Еркин Қарақалпақстан“ газетасының редакторы Уралдан келген Тамендар Сафиев романның алдына талаплар қойып, романды критикалап узақ сөз сөйледи. Бул жыйнаққа қатнасыўшылардың барлығы да әдебий шығарма додалаў исине қосылмаған жаслар еди. Т.Сафиевтиң критикасына С.Мажитов қарсы сөйлеўден бас тартты. Ол қапа болып үйине қайтты“. (Қ.Айымбетов „Халық даналығы“).

30-жылларда С.Мажийтов шығармалары ҳаққында баспа сөзде критикалар көбейди. „С.Мажитов қусаған оппортунистлерге большевиклерше тепки берейик“, „Мажитовтың жоғалтқан пышығы ким“ деген мақалалар жәрияланды. (С.Мажитов „Пышығым“ қосығы). Усыдан кейин С.Мажитов Қоңыратқа көшип кетеди. 1934-жылы жаслардың талабы менен Төрткүлге шақыртылып алынады. Сахна ушын бирқанша пьесалар жазады. Төрткүлдиң үлке таныў музейинде экскурсовод болып ислейди.

С. Мәжитов әжайып аўдармашы еди. Л.Толстойдың гүрриңлерин, Крыловтың, Кольцовтың шығармаларын, Фердаўсидиң „Шахнамасының“ Сухраб бөлимин қарақалпақ тилине аўдарады.

1937-жылы „Халық душпаны“ деген жала жабылып қамалады ҳәм 1938-жылы қамақта қайтыс болады.

С.Мәжитов дөретпесинде поэзия тийкарғы орынды ийелейди. С.Мәжитовтың поэзиялық шығармаларын сиясий-жәмийетлик, дидактикалық, философиялық ҳәм тымсаллар деп үшке бөлиўге болады.

С. Мәжитов халықты саўатландырыў, ағартыўшылық идеясы менен жасайды ҳәм оны өзиниң дөретпелеринде сәўлелендиреди.

1907-жылы „Инията болысқа“ қосығын жазып, халықтың билим алыўына, мәдениятқа ерисиўине жан тәни менен гүреседи.

Ең аңсат жол бүгин усылы жәдит,
Қабыл етсең жайдың алдыңа пәрид,
Ақыл айтпаң сизге кәмине Мәжит,
Қыял етер тек ядыңа салмаға.

Билим алыў ҳаққында пикирлери философиялық ойлар менен бериледи.

Билимли ел , билимди улығлаған халықтың келешеги уллы болады, байлыққа, бахытқа ериседи. Халықтың даңқын дүньяға жаятуғын сол елдиң билимли перзентлери. Шайыр қарақалпақ халқының перзентлерин суңқар киби алғыр қус болып илимге умтылыўын тилейди.

Өнер, билим билген журтлар,
Тастан сарай салдырды,
Айлық жолдан көз жумғанша,
Туп-туўра хабар алдырды.
Отынсыз тамақ писиртип,
Көликсиз елин көширтип,
Билим билгенди есиртип,
Суўсыздан суўын ишкизди.

Биз надан болдық бос жүрдик,
Бийкарға сақал өсирдик,
Дүньяның жайын соң билдик,
Наданлық сыртта қалдырды.

Биз қалдық, енди сиз барсыз,
Үмит етилген суңқарсыз,
Билдик хызметке таярсыз,
Жол болсын пәтиям сол болды.

„Оқыўға кел“ қосығында билимниң пайдасы ҳаққында, жаслардың ўазыйпасы ҳаққында жырланады. Халық поэзиясы, оның көркемлеў мүмкиншилигинен шыға отырып, автор қарапайым ҳәм түсиникли түрде мийнеткешлердиң уғымына жетерли салыстырыўлар арқалы билимге, бирликке, ел хызметине таярлыққа шақырады.

Билимниң жолын тосайық,
Биз де билген ел қусайық,
Бир туўғандай бас қосайық,
Биз бундамыз қыйқыўға кел.

Алдында туўған турғанда,
Билим базарын қурғанда,
Далбай былғап шақырғанда,
Ақсуңқардай қыйқыўға кел.

Шайырдың „Мәрт жақсы“, „Қарақалпақ жасларына“ атлы қосықлары дидактикалық бағдарда жазылған. Бул қосықлары оның Шығыс поэзиясын, қарақалпақ классик шайырларының дөретпелерин билгенлигинен дерек береди. Сонлықтан, оның қосық қатарларында нәсият, нақыл сыпатында қолланылатуғын сөзлер аз емес.

Тил бир гилти, ақыл ғазнасын ашар,
Алтын, мыс сандықта не барын шашар,
Көп сөз пайда бермес, мазасы қашар,
Сөз сөйлескен өзи қысқа шорт жақсы.

„Қарақалпақ жасларына“ қосығында жасларды жигерлиликке, гүресшеңликке, мәртликке шақырады.

Ғыжлап турған елдиң қеўлинде,
Жанған оттың шоғы жаслар,
Душпаннан аштың арын ал,
Кетсин ҳәмме дығың жаслар.

С.Мәжитов лирикаларында алға умтылыў, еркинлик ушын гүрес, ҳадал мийнет етиў идеялары орын алған. „Ҳарма дийхан“, „Жалқаў дийханға“ қосықларында адамзат-тың тиришлигиниң арқаўы ана жер, оның қүдиреди ҳаққында сөз етиледи.

Әлемдеги барлық жанлы мақлуқтың өмир тиришилиги жер менен екенлиги көрсетиледи.

Дүньяда жасаған жанлы жәниўар,
Жерден өнген менен тирилик қылар,
Тамақ, кийим бәри сол жерден өнер,
Жерди бежер, сени жериң тойдырар.

„Бәҳәр паслы“, „Наўрыз - таза жыл“, „Гүз“, „Қыс келер“, „Өзен“, „Сайра бүлбил“ қосықларында тәбият гөззаллықлары, нызамлылықлары ҳәм инсанлардың тәбият пенен тығыз байланыслылығы айтылады.

Ҳаял-қызлар темасына арналған „Қыз-келиншеклерге“, „Ҳаяллар күнине“, „Қызларға“ ҳ.т.б. қосықлары бар. Бул қосықларда шайыр көбинесе ҳаял-қызлардың билим алыўға, жәмийеттеги орнын ийелеўге деген шақырық бар.

Миллетти туўры жолға сал,
Салып қулақ буғаўын ал,
Билимли ҳүр болса ҳаял,
Елден ашлық қуллық безер.

Шынында да, ҳәр бир миллеттиң келешеги шаңарақта тәрбияланады, бул ўазыйпа ҳаял-қызларға жүкленген. Егер ҳаял билимли, зиялы болса, перзентлериниң билимли болыўына умтылады.

С.Мажийтов поэзиясын жәмийетлик турмыс, дәўир нәпеси, ылғаллы мийнет ҳ.т.б. үндеўлик мазмундағы қосықлар қурайды.

„Ғажжа-даж“, „Пахтаны күтсем“, „Қарақалпақ“, „Әмиўдарья“, „Қуслар келди“, „Таза арнаға“, „Таза жыл“, „Оқыўдандур“ ҳ.т.б. қосықлары оған мысал бола алады.

С.Мажитов дәслепки сабақлықлардың авторы сыпатында оның поэзиясында балалар өмирине арналған, нәсиятлық шығармалар көплеп ушырасады. „Оқыў басқа, ойын басқа“, „Пайдасын билиў“, „Туўрылық ҳәм қалпаллық“.

Шайыр лирикаларында тәбият көрнислерин сүўретлеў тийкарғы орынды ийелейди.

Қулпы дөнген ағашларды,
Мәгәр қустың сусты басты,
Қазанның қыраўы түсип,
Жапырақлары жерге түсти.

С.Мажитов тымсал жанрын раўажландырыўға үлес қосты. Рус тымсалшысы Крыловтың тымсалларын қарақалпақ тилине өзлестирип аўдарды.

„Ақ қуў, Шортан ҳәм шаян“, „Бүлбил менен ешек“, „Алтын жеген бөри“, „Дийқан менен күншил маймыл“, „Қайсар түлки“, „Шымшық пенен кептер“, „Надан молла“, „Есер менен көлеңке“ ҳ.т.б тымсаллары бар.

С.Мажитов лирикаларының тили көркем образлы.

Қараңғы түнди жандырған,
Елдиң сиз шырағы жаслар.

Ашылмас қара думандай,
Тоқсанда болған сырандай.

Сыпырамызға кирген тышқан,
Шығар еди ағармастан,
Бүгинде үйде дәстурхан,
Толы майлы шөрекгенем.

С.Мажитов поэзиясының тематикасы ҳәр түрли болса да, дидактика басым көпшилигин қурайды. Сонлықтан, шайырдың қосықлары афоризмге айланған.

Шойын менен сатылмас,
Қалайылған жез қуман,
Бир бәлеге тап болар,
Жүйесин таппай сөз қуўған.

Жигиттиң серли болғаны,
Ғабырыспай жүрсе жолынан,
Көринип бәле келмейди,
Бәлениң бәри тилиңнен.

С. Мәжитовтың прозасы ҳәм драмалық шығармалары

20-жыллардың орталарында қарақалпақ әдебиятында драматургия қәлиплести. Драматургияның пайда болыўының өзине тен нызамлылықлары бар. Жәмийетлик турмыс сахналық шығармаларды талап етти. Халықтың мәдениятқа деген умтылыўы күшли болды. Төрткүлде, Қоңыратта ҳәўескерлер дөгереги ашылды. 1926-жылы „Таң нуры“ труппасына тийкар салынса, 1930-жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик музыкалы драма ҳәм комедия театры дүзилди. Қарақалпақ әдебиятында драмалық шығармалар болмаған менен аўыз еки әдебиятта драмалық элементлер мәселен, айтысларда, турмыс-салт жырларында ушырасатуғын еди. Туўысқан халықлар өзбек, қазақ, татар ҳ.т.б халықлардың тәжирийбелери қарақалпақ әдебиятына тәсир етти.

Солай етип, қарақалпақ драматургиясы өзиндеги дәстүрлерди даўам еттирип ҳәм басқа халықлардың тәжирийбелерине сүйенген ҳалда қәлиплести ҳәм раўажланды. С.Мажитов қарақалпақ драматургиясының баслаўшыларының бири болды.

„Ерназар алакөз“ (1926), „Сабақ“, „Жигит болдық“, „Соңғы силтен“(1928), „Бағдагүл“, (1934) пьесалары жазылды ҳәм сахнаға қойылды.

„„Ерназар алакөз“ пьесасы 3 актлы 12 пердели болып, театрда 3 күн даўамында қойылып, адамлар сендей соқлығысып жүрди. Пьесада халық батыры Ерназар алакөздиң халық азатлығы ушын гүреси, оның палўанлығы сөз етиледи“.

Ерназар халық ушын пай тикти жанын,
Бабаң Хажы келди, өлтирди ханын,
Билип қылған жең жүзеге шықпады,
Сағанды байлады заман Алакөз.
Қарақалпақта ердиң соңы Алакөз,

Саз бергенде батқан таңы Алакөз

С.Мажитов драмасының ең баҳалысы, 30-жылларда қарақалпақ әдебиятының үлкен жетискенлиги болған „Бағдагүл“ пьесасы халық тәрепинен жақсы күтип алынды. Пьесада өз еркинлиги ушын гүрескен жаслардың тәғдири сәўлеленеди. Дәслепки драмалық шығармалар болыўына қарамастан шығарманың композициясы шеберлик пенен қурылған. Пьсаның қарақалпақ тамашагөйлерин өзине көп тартатуғын тәрепи, ондағы көркем диалог, монологлардың көплиги, қосық текстлериниң бурыннан қарақалпақ халқына қонымлы халық намаларына ылайықлы жазылғанлығы болды.

„Бағдагүл“ музыкалы драмасында тийкарғы конфликт бас азатлығын, өз сүйгенине еркин қосылыўды әрман еткен шын мухаббат ийелериниң бул жолдағы теңсизликке, әдилсизликке қарсы гүреси. Әпиўайы қарақалпақ жигити, мәрт, душпанның алдында бас иймейтуғын, қайтпас ержүрек Қожан образы, өз ар-намысын ҳәмме нәрседен жоқары қоятуғын Бағдагүл, дүнья малға жарлы болған менен, адамгершиликке бай, ой-пикирли болған сада Сәйеке, Нәзигүл, Аймереке образларына турмыстың қысқысына бас ийген мөмин адам Мәтирза, сондай-ақ, жеке мәпин жоқары орынға қойыўшы ҳәр қандай зулымлықтан бас тартпайтуғын, өзгелерге жәбир бериўши Шәмшет болыс, Мәтеке ҳ.т.б. образлар жүдә шеберлик пенен исенимли ашып берилген.

Пьесаны „Бағдагүл“ болып аталыўының өзи шығарманың тийкарғы идеясын ашып береди. Теңсизлик, хуқықсызлықтан көбирек езилген ҳаял-қызлардың бири Бағдагүлдиң тәғдири бар. Шығармада ҳәр бир қаҳарманның өзине тән өзгешелиги, минези образы ашып берилген. Музыкалы драмада халық намаларына сай исленген қосықлар шығарманың баҳасын және де арттырады. „Ядыңнан“, „Муҳаллес“, „Бес перде“, „Дат әлиңнен“, „Бозатаў“, „Әзийзим“ ҳ.т.б. намалары бар. Қарақалпақ миллий өзгешелиги, дәстүрлери, садалығы образларда көринип турады.

С. Мәжитов „Оқыў“ китабына тәрбиялық, ағартыўшылық бағдардағы бир қанша гүрриңлер киргизген. Мысалы: „Тәкаббыршылық“, „Жалғаншы“, „Ата билен бала“, „Үш жолдас“, „Атымтай жомарт“, „Сирә жаманлық қылма“ ҳ.т.б. гүрриңлеринде адамгершиликке, ата-ананы ҳүрметлеў, дослықта болыў, патриотлық тәрбиялаўды нәзерде тутқан.

Сондай-ақ, С. Мәжитов „Сүйин ҳәм Сара“, „Қулмурат“, „Он тоғыз“ атлы қосық аралас романлар жазған.

С.Мәжитов „Миллий ояныў дәўири әдебияты тарийхында өшпес из қалдырған халыққа хызмет еткен, өзиниң әжайып көркем шығармалары менен белгили болған инсанлардың бири.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Ахметов С. „Қарақалпақ совет поэзиясы“. Нөкис,1988.
2. Байниязов Қ. „Таң жулдызы“. Нөкис, 1989.
3. Мажитов С. „Таңламалы шығармалары“. Нөкис, 1965.
4. Әлеўов Ө. „Қарақалпақстанда тәлим тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы“. Нөкис, 1993.
5. Айымбетов Қ. „Халық даналығы“. 1988.

Тема бойынша сораўлар:

1. С.Мәжитовтың билимлендириў тараўындағы хызметлери.
2. С.Мәжитовтың поэзиясында ағартыўшылық идеялар.
3. С.Мәжитовтың прозалық ҳәм драмалық шығармалары.

Тапсырмалар:

1. Илимий әдебиятлардан конспекти жазыў.
2. С.Мәжитовтыңқосықларына көркем талқы.

## А.ДАБЫЛОВТЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК ЖОЛЫ

Жобасы:

1. А.Дабыловтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы.
2. Шайыр лирикаларының идеялық-тематикалық бағдары
3. „Баҳадыр“ дәстаны.

XIX әсирдиң басында қарақалпақ әдебияты көркем сөздиң шебери, халық мийрасынан суўсын алған әжайып шайыр ҳәм қыссахан А.Дабыловтың дөретпелери менен және де байыды.

А.Дабылов 1898-жыл Тахтакөпирдиң „Қара ой“ аўылында туўылады. Аббаз дәслеп Ақжағыстағы Нурылла ахун медресесинде, соң Қарақум ийшан медресесинде оқыйды. Саўатлы шайыр қарақалпақ классик шайырлары, Шығыс әдебиятының дүрданаларын, халық дәстанларын ядтан билген ҳәм қысса жолы менен атқарған. „Он еки жасымнан қыссаханлық пенен шуғылландым, бирақ ол гезде қысса китапларын табыў саратанда шөлден гүл излегендей қыйын еди. Уйықласам, Шаҳсанем менен Саятханлар түсиме киретуғын еди“ дейди шайыр. Оның китапқа қызыққанлығы соншелли Тахтакөпирден Шымбайға жаяаў жол басып келип Қазы Мәўликтен дәстанлық китаплар сатып алған.

Әлбетте, шайырдың талантының өсиўине ағасы Хамзаның, әжапалары Ҳалўа менен Қазнаның да тәсири болған. Себеби, Хамза көплеген дәстанларды қысса жолы менен атқарған ҳәм Аббазға үйреткен. Шайыр 14-15 жасларынан баслап қосықлар дөрете баслады. А.Дабылов 70 жылға жақын дөретиўшилик жолында қарақалпақ халқының тәғдийри менен ортақ болып ҳәр қыйлы темаларда қосықлар дөретти. Сондай-ақ, атақлы „Баҳадыр“ дәстанын дөретти.

А.Дабыловтың дөретпеси қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бирқанша изертленди. Шайыр дөретпеси бойынша дәслепки илимий пикирлер Н.Дәўқараевтың мийнетинде сөз етилди. Қарақалпақ поэзиясы бойынша жетик қәниге С.Ахметовтың илимий мийнетлеринде шайырдың дөретпелери ҳәр тәреплеме изертленген. Илимпаз С.Нийетуллаевтың „А.Дабыловтың творчестволық жолы“ деген мийнети шайыр дөретиўшилигин арнаўлы изертлеўге арналған. Сондай-ақ, Қ.Байниязовтың, Қ.Жәримбетовтың, М.Низаматдиновтың, Ә.Пахратдиновтың ҳәм Ж.Пахратдиновтың мийнетлеринде шайыр поэзиясы изертленеди.

А.Дабылов көркем сөздиң шебери, бай лирикалық шығармалардың дөретиўшиси ҳәм атақлы қыссахан. Шайырдың революцияға шекемги қосықлары ҳаққында илимде ҳәрқыйлы пикирлер болды. Мысалы: С.Нийетуллаев „Аббаз совет ҳүкиметиниң дәслепки дәўиринде жазған, бирақ баспада жәрияланбаған халық арасында аўыз-еки таралып кеткен „Өткен заман қайта айналып келер

меЎ“, „Келинлер“, „Қырға шыққанда“ деген қосықларында ески феодаллық дәўирди аңсадық“ деп жазады. Әлбетте, бул шайырдың дөретпелерине бир тәреплеме берилген баҳа.

Жоқарыда аты атап көрсетилген қосықларда ҳеш қандай жаңа ҳүкимет ҳаққында пикирлер ушыраспайды, ҳәттеки бул қосықлар жаңа жәмийетлик дүзимнен көп жыл бурын жазылған.

Аббаз Қарақум ийшан медресесин питкерген, өз дәўириниң саўатлы адамларынан есапланған. Сонлықтан, ол басқа моллалар сыяқлы Қазақстан территориясында ҳәм өз елинде бала оқытыў, яғный ағартыўшылық ислери менен шуғылланған. Шайырдың „Қырға шыққанда“ қосығы усындай машақатлы ислер ҳаққында жазылған. Яғный, қырдағы қазақ шарўа балаларын оқытыў ушын моллалардың жол азабын тартып, ашлыққа, тонаўшылыққа ушыраған, ҳәттеки алатуғын мийнет ҳақысы көрген азапларына жетпеген. Шығарма халықтың турмыс шараятларын, жәмийетлик өмирди, тарийхый ҳәдийселерди сүўретлеўи менен жүдә қунлы.

Қосық елден шығып кеткеннен баслап көрген ҳәдийселерди баянлаў түринде жазылған.

Дос деп шықтық оқытпаққа қазақты,
Жол таўып, ел таўып жетпек азапты,
Ҳәммесинде бир қудаға тапшырдық,
Муртаза менен Рейипназар жорамды.

Қулласы, ағартыўшылық ислери менен шуғылланыўға атланған қарақалпақ моллалар жолда көп азап ақыретлер менен жетип келеди.

Дарғадан өткен соң шойын жол екен,
Аржағында шарўа қазақ мол екен,
Яш балларын ҳүкиметке берипти,
Оқыйтуғын жерлери ол үшкил екен.

Қосық тарийхый жақтан да үлкен әҳмийетке ийе, себеби қазақ, қарақалпақ бурыннан әдебий, мәдений байланыста жасап келген. Қарақалпақ моллалары қазақ далаларын аралап, олардың балаларын оқытқан, ҳүрметине ылайық болған. Аббаздың барған дәўиринде ол жерде жаңа сиясий өзгерислер жүз берип, жаңа мектеплер ашылған. Сонша қыйыншылық пенен барған қарақалпақ моллалары елине қайтыўға мәжбүр болады.

Шайырдың „Өткен заман қайта айланып келер ме?“ қосығында ХХ әсирдиң 14-15- жыллардағы тарийхый жағдайлар, халықтың күн көрис жағдайлары, патша Россиясының зулымлық сиясаты, елдеги ашаршылық, аўырыўшылық, жаўгершилик ҳ.т.б қысметлерден азап көрген халықтың тәғдийри сөз етиледи.

Не адам өлди түркимениў жаўдан,
Бир он жыл болып тур аласат ғаўдан,
Кийдиңиз пашшайы, ҳәр түрли лаўдан,
Шадыман заманлар қайтып келерме?

Жасым он алтыда хош болмай ўақтым,
Заман пейили жаман, сынбағай сақтым,
Николай дәўири бул қалай бахтым,
Өткен заманларым қайтып келерме?

Демек, Аббаз Дабыл улы XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ демократиялық әдебиятының ең көрнекли ўәкиллериниң бири. Себеби, ол халықтың руўҳый мәдениятының раўажланыўына хызмет еткен саўатлы шайыр ҳәм қыссахан. Қыссахан сыпатында өз репертуарына ең ҳасыл халық дәстанлары орын алған ҳәм халыққа суўсын бағышлап келген.

Кеңес ҳүкимети орнағаннан кейин, әлбетте, тәбийий түрде шайыр өз дөретиўшилигин даўам етти. Мәмлекеттиң сиясатын үгитледи, халық тәғдириндеги өзгерислерди жырлады. Мысалы: „Артель болып уйымласың“, „Умыт болды“, „Ударниклер“, „Школ“, „Көрип келдим“ ҳ.т.б бир нешше қосықлар дөреткен.

Аббаз дөретпелериниң өзине тән өзгешелиги сонда, халық аўызеки әдебиятының үлгилерин шебер қолланады, әжайып теңеўлер ҳәм салыстырыўлар арқалы сөздиң қудирети күшин, қәсийетин көрсете алады.

Аббаз Дабылов тәриплик лириканы раўажландырған шайыр. „Бийбисәнем“, „Ақсүйрек“, „Нәўбәҳәр“, „Оразгүл“, „Әмина“, „Шәўгүл“, „Бес қыз“, „Мийрихан“, „Шаниязовтың ғайраты“, „Халық айланды сени туўған анадан“ қосықлары тәрийплик дөретпелеринен есапланады.

„Мийнет майданында өзин билдирди“,
„Ҳәр жағында жуптан төрт бурым шашы“ деп Мийриханды,

„Сулыўлық бағында ашылған бир гүл,
Тилинен дур шашған мысалы бүлбил“ деп Әминаны,

Ботакөзли жаңа туўған шолпандай,
Ай сәўлеси сағымланып турғандай,
Көрген көз айырмай мийри қанғандай, деген қатарлар арқалы Нәўбәҳәрди,

Шабыс майданында оздың тулпардай,
Қалынды қақ жардың қыран суңқардай, деп Ақсүйректи тәрипледи.

„Бийбисәнем“ қосығы халық арасына жағымлы намасы менен таралып кеткен қосықлардың бири.

Әйне он тоғызда жасаған жасы,
Бес қызға барабар жумыста басы,
Кирпик маңлай, еки қастың арасы,
Керилген төрт бармақ Бийбисәнемниң.

А.Дабыловтың тәрийплик шығармаларында мийнетте өзин көрсеткен қаҳарман ҳаял-қызлардың ерликлери сулыўлықлары ҳәм ийбелиликлери менен қосып жырланады.

Шайыр дөретиўшилигиде пейзажлық лирика баслы орынды ийелейди. „Бәҳәр“, „Жаз мәўсими“, „Жыл киятыр“, „Әмиўдәрьяға“. ҳ.т.б. қосықлары усылар қатарына жатады.

„Бәҳәр“ қосығында шайырдың жүйрик қәлеми бәҳәр мәўсимине зибан береди.

Өкшенди көтер, -деп қысқы тоқсанға,
Енди нәўбет бер, -деп еркин бостанға,
Нур шашаман, -деген жәҳән аспанға,
Қулаққа келип тур үни бәҳәрдиң.

Қосықта ақшам шақырған байыўлы жылқышы құслардан баслап, шарқ урған шағалалар, тырналар, бирқазан, ғаз ҳәм алмабас үйреклер сөз етиледи. Жаўдырап ашылған гүллер, бөрткен өсимликлер, жымыңласқан жулдызлар - бәри бәҳәрдиң сәнине сән қосады.

Кеўлин ашған шын ашықтай жамалы,
Сулыў ярға мезгер түри бәҳәрдиң.

„Жаз мәўсими“ қосығында жаздың сәни болған тәбият инам еткен жемислер, тор басқан қаўынлар, қырмызы гүллер, бағда мәкан еткен бүлбиллер таўдың жарасығы ақ суңқар, туйғынлар - улыўма барлық тәбият көрнислери қолдан сызған сүўреттей сөз күши арқалы кестеленген.

Солай етип А.Дабылов миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебиятында өзиниң ағартыўшылық хызметлери, сулыў сап лирикалары менен хызмет еткен шайырлардың қатарына киреди.

Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Ниетуллаев С. А.Дабыловтың творчестволық жолы. Н. „Қарақалпақстан“. 1972.

2. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсир басындағы қарақалпақ әдебияты. Н., „Қарақалпақстан“, 1996.

3. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Н., „Қарақалпақстан“, 1988.

Тема бойынша сораўлар:

1. А.Дабыловтың қыссаханлық хызмети.
2. Шайырдың лирикаларының тематикасы.
3. Шайыр шығармаларының көркемлик өзгешелиги.

Тапсырмалар:

1. Илимий әдебиятлардан конспекти жазыў.
2. А.Дабыловтың қосықларына көркем талқы жасаў ҳәм ядлаў.

## ҚАСЫМ ӘЎЕЗОВ

ЖОБАСЫ:

1. Қасым Әўезов – жәмийетлик искер ҳәм көркем өнер хызметкери.
2. Қасым Әўезов шайыр ҳәм драматург

3 Шайырдың аўдармалары ҳәм илимий-публицистикалық мийнетлери

Қ.Әўезов қарақалпақ миллетиниң билимлендириў тараўын раўажландырыўға үлес қосқан белгили жәмийетлик искер. Ол 1897-жылы Шымбай районының Кеңес колхозында туўылады. Әкеси диний саўатлы билимли адам болып, бала оқытыў менен шуғылланған. Қасым дәслеп аўыллық мектепте соңынан Шорахан болыслығындағы Рахматулла ахун медресесинде оқыды. „Ол жаслайынан зейинли, шаққан еди, халық арасында таралған аўызеки әдебияттың түрлеринен жумбақ, нақыл, ертек, қосық, дәстанларды көп тыңлап, көп үйренип еситкенлерин жолдасларына толығы менен қайтадан айтып беретуғын еди. Ол өз бетинше „Ғәрип-ашық“, „Гөруғлы“, „Юсуп-Злийха“ ҳ.т.б. дәстанларды қысса ретинде оқый баслады“ деп еске түсиреди шайырдың заманласлары[1].

Онның дәслепки қосықлары тәрийп ҳәм юмор-сатиралық бағдарда жазылған. Шайырдың билим алыўына ата-анасының тәсири айрықша болды. Ол арабша хат танып, көркем әдебият дүрданаларын өзлестирди. Турмыстың қыйыншылықларынан жалланба мийнет ислеўге де мәжбүр болады. 1915-жылы Сарыбий болыслығындағы байларға жалланып хызмет еткенлигин шайыр өзиниң еске түсириўлеринде айтып өтеди. 1916-жылы өзиниң ата мәканына қайтып келип дийханшылық пенен шуғылланады. Кеңес ҳүкиметиниң дәслепки жылларына баслап-ақ ол жәмийетлик-сиясий ислерге араласа баслайды. Өзиниң исшеңлиги ҳәм шөлкемлестириўшилиги арқасында 1920-21-жыллар аралығында аўыллық атқарыў комитетиниң хаткери болып ислейди. 1921-жылы педагог тәрбияшыларды таярлаў курсын пиктерип мектепте муғаллим болып ислейди. 1922-жылы Шымбай мектеп-интернатының директоры болып тайынланады ҳәм усы жылы Самарқанд областының партия мектебинде оқыйды. Питкерип келгеннен кейин Шымбай районлық халық билимлендириў бөлиминиң баслығы болып ислейди. 1923-24-жыллар аралығында Ташкенттеги Орта Азия комунистлик университетинде оқыйды. Оқыўды питкермей-ақ оны Қарақалпақстанның билимлендириў тараўын жақсыландырыў ушын областлық халық билимлендириў бөлиминиң баслығы етип тайынлайды. Мине усы дәўирде ол Қарақалпақстанның билимлендириў тараўын раўажландырыўға көп хызметлер

[1] Қасым Әўезов. Шығармалары ҳәм аўдармалары. Нөкис, Қарақалпақстан. 1987. 6-бет.

етеди. 1925-29-жыллар аралығында Қарақалпақстан Автономиялық областының областлық атқарыў комитетиниң предцедатели хызметинде жумыс атқарады. Усы лаўазымда ислеп турған бир ўақытта ол 1926-29-жыллары „Еркин Қарақалпақ“ газетасының жуўаплы редакторы, 1927-29-жыллары араб графикасынан латын графикасына өтиў комиссиясының баслығы ҳәм Қарақалпақстан терминологиялық комитетиниң баслығы ўазыйпасын атқарады. Газетада ислеп жүрген ўақытта газетаның түрли бөлимлерин ашыўда ҳәм тиражын көбейтиўге айрықша хызмет етеди. Ол латын алфавитин дүзип оны додалаўға усынды. 1929-жылдан баслап Қазақстан областлық атқарыў комитетиниң председателиниң орынбасары ҳәм ишки ислер халық комиссары болып хызмет атқарады. 1930-31-жыллар аралығында Москвада Қарақалпақстанның турақлы ўәкили болып ислейди. 1932-34-жыллары Қарақалпақстан АССР халық комиссарлар советиниң председатели болып, 1935-жылдан баслап РСДРПның Қарақалпақстанның турақлы ўәкили болып ислейди. 1936-37-жыллары Қарақалпақстан көркем өнери басқармасының баслығы лаўазымын атқарады. Қ.Әўезов 1937-жылы қамаққа алынады ҳәм 1938-жылы қамақта қайтыс болады.

Қасым Әўезов Қарақалпақстан Республикасының барлық тараўларының раўажланыўына, әсиресе, көркем өнер ҳәм билимлендириў саласына айрықша хызмет көрсетти. Ол Қарақалпақстан Жазыўшылар союзын шөлкемлестириўге, „Таң нуры“ труппасын дүзиўге ҳәм оны миллий театр етип қайта шөлкемлестириўге белсене қатнасты. Қарақалпақ көркем әдебиятының раўажланыўы ушын ең шеткеридеги шайырларды орайға топлаў исин шөлкемлестирди. Соның менен бир қатарда ол көркем әдебияттан қол үзбеди. Қасым Әўезов Москвада турақлы ўәкил хызметин атқарып жүрген ўақытта жазыўшылар союзының I съездине қатнасты ҳәм қарақалпақ шайырлары А.Бегимов, Қ.Ерманов, А.Шамуратовты үлкен орталық пенен таныстырды.

Қ.Әўезов қарақалпақ поэзиясының раўажланыўына үлкен үлес қосты. Оның бирқанша лирикалық қосықлары менен бир қатарда „Бес жап“, „Гүлсәнем“, „Қазыў“ поэмалары өз ўақтында қарақалпақ әдебиятының жетискенлиги болды. Шайырдың қосықлары рус тилинде дағазаланды. Қасым Әўезов заманласлары Ж.Аймурзаевтың, С.Мажитовтың дөретиўшилиги ҳаққында баспа сөзде әдебий критикалық мақалалар жәриялады.

Қасым Әўезов дәслепки драматург. Оның „Тилек жолында“ пьесасы 1925-жылы жарыққа шықты ҳәм сол жылы Таң нуры труппасының сахнасында қойылды. Қасым Әўезов туўралы Зариф Қасымов өз еске түсириўлеринде: „Мен Қасым Әўезов пенен дәслеп 1924-жылы Ҳийўада таныстым. Соңынан көп жыллар бирге муғаллим болып ислестим. Қасым Әўезов „Тилек жолында“ шығармасының биринши вариантын маған 1924-жылы көрсетип еди“ –деп жазады. Ал жазыўшы Т.Сейтмамутов бул пьесаның 1925-жылы ҳәўескерлер

дөгерегинде дәслеп қойылғанлығы ҳәм Қасым Әўезовтың өзи де рольде ойнағанлығын айтып өтеди. Қасым Әўезов пьесаға ўақыя, тема таңлаўда өзи сол ўақыяны бастан кеширген қатнасыўшы сыпатында өзине терең түсиникли, айрықша үйренген конкрет ҳәм реал тарийхый ўақыяны тийкар етип алады. Бул драма 1916-жылғы Шымбай приставының рус герман урысында патшалықты қорғаў ушын мәрдикарлыққа мийнеткешлерден адам алыўына, езиўшиликке, парахорлық сиясатына наразылық билдириўден басланған мийнеткеш халықтың азатлық ушын гүресин сүўретлейди. Көтерилис басшысы Сайеке образы драмада жетекши орын тутады. Драма өз ўақтында қарақалпақ әдебияфтының баҳалы шығармаларынан болды.

Қасым Әўезов А.С.Пушкинниң „Евгений Онегин“ романынан үзиндилер, Молердиң „Скапенниң ҳийлеси“, Островскийдиң „Жарлылық айып емес“ комедияларын ҳәм А.Наўайының „Фарҳад ҳәм Шийрин“ шығармасынан үзиндилер, Ниязийдиң қосықларын қарақалпақ тилине аўдарады. Қасым Әўезов журналист ҳәм тарийхшы сыпатында „Қарақалпақ миллетиниң аўҳалы“, „Қарақалпақстан мәдениятының гүлленип өсиў жолында“ ҳ.т.б. мақала, очерклер жазды. Жәмийетлик искер ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Қасым Әўезов қарақалпақ миллетиниң ҳәр тәреплеме раўажланыўына үлес қосқан инсан сыпатында миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебиятында айрықша орын ийелейди. Шайырдың лирикаларында дәўир ҳаўазы ҳәм үгит-нәсиятлық пафос сезилип турады. „Намыс күши“, „Қуяш“, „Бәҳәр келди“, „Мийнет“, „Туўған елим“ қосықлары мазмун ҳәм форма жағынан көркем дөретилген.

Қасым Әўезов дәслепки драматург ҳәм ҳәм қарақалпақ саҳнасының раўажланыўына жетекши хызмет еткен инсан сыпатында орны айрықша. Ол басқа халықлар әдебиятын қарақалпақ халқына таныстырыўда ҳәм қарақалпақ әдебиятын үлкен орталыққа алып шығыўда жигерли мийнет етти. Журналист, педагог, сыншы-алым, тарийхшы Қасым Әўезов қарақалпақ халқының сиясий ҳәм мәдений өмириниң илгерилеўине жан тәни менен хызмет етти.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Қасым Әўезовтың жәмийетлик искер сыпатында хызметлери.
2. Қасым Әўезовтың лирикаларының көркемлик өзгешелиги
3. „Тилек жолында“ пьесасының композициясы ҳәм көркемлиги .

Пайдаланылған әдебиятлар:

1. Қасым Әўезов. Шығармалары ҳәм аўдармалары. Нөкис. Қарақалпақстан. 1987.

2. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, Қарақалпақстан. 1988.

3. Байниязов Қ. Таң жулдызы. Нөкис, Қарақалпақстан. 1989.

Хожахмет Ахметов

Жобасы

1. Х.Ахметовтың дөретиўшилик жолы

2. Шайыр лирикаларында ағартыўшылық идеялар

Өзиниң азғана өмириниң ишинде жалынлы ҳәм жигерли руўхта жазылған қарақалпақ лирикасына жаңа формаларды енгизген әжайып қосықлары менен қарақалпақ әдебияты тарийхында өлмес из қалдырған шайырларымыздың бири Х.Ахметов болды. Шайыр 1908-жылы Қоңырат районының Соркөл аўылында туўылған. Жаслайынан жетим қалып өмирдиң қыйыншылықларын басынан кеширеди. 1923-жылы Қоңыраттағы балалар үйинде тәрбияланады. 1925-жылы Төрткүлдеги аўылхожалық техникумына оқыўға киреди. Соң педагогикалық техникумға өзгертеди. Бундағы тийкарғы мақсети халықты саўатландырыў исине белсене араласыў еди. соның менен бирге студентлик дәўирде белгили шайырлар Ж.Аймурзаев, А.Матякубов, А.Бегимовлар менен әдебий орталықта бирге ислесип, көркем әдебият ҳаққында көп пикирлеседи. Бул шайырдың дөретиўшилик жолының қәлиплесиўине өз тәсирин тийгизбей қоймады. Усы дәўирде шайырдың бир қанша қосықлары газета бетлеринде жарық көрди. 1929-30-жыллары Тахтакөпир ҳәм Кегейли районларында районлық комсомол шөлкеминиң секретары болып иследи. 193ә-жылы Төрткүлде шығатуғын „Жас Ленинши“ („Қарақалпақстан жаслары“) газетасында жуўаплы хаткер, соның менен бир ўақытта педтехникумда жумыс алып барды. Х.Ахметов қарақалпақ тил илими бойынша бир неше мақалалар жазды. Мысалы, „Қарақалпақ тили ҳаққында“ деген мақаласы ең дәслепки лингвистикалық мийнетлерден есапланды. Шайырдың дөретпелери газета бетлеринде, „Жас жазыўшылар шығармаларының жыйнағы“нда (Төрткүл, 1930) ҳәм өз алдына 1950-жылы „Қосықлар“ деген ат пенен жарыққа шықты.

Х.Ахметов қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерин ҳәм классик шайырлардың қосықларын жыйнаўға белсене қатнасты. Әсиресе, А.Муўсаев дөретпелерин жыйнаўда хызметлери айрықша. Шайыр заман руўҳында агитациялық сиясий тәрбиялық, ағартыўшылық пикирлерге суўғарылған қосықларды дөретти ҳәм қарақалпақ поэзиясының көркем формасын раўажландырыўға хызмет етти. „Х.Ахметов қосықларына терең нәзер аўдарсаңыз онда солғын, салқынқанлылық пенен жазылған бир де қатарды таба алмайсаң, буларда йошлы қызғынлық пенен жазылған қатарлар басым“ –деген еди проф.С.Ахметов.[ә]

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, 1988.

Шынында да, шайырдың өмири қаншелли қысқа болғаны менен өзиниң жанлы ислери арқалы халықтың мәдениятын өсириўге, ағартыўшылық өмирине жеделли араласқан болса, лирикаларында да көтериңкилик сезилип турады. Әсиресе, шайыр миллеттиң билим алыўы, мәдениятын көтериўдиң үлкен әҳмийетке ийе екенлигин түсинеди. „Жамайым“, „Шықсын оның тәрийпи“, „Латынлас“ қосықларында сиясий ағартыўшылық, тәлим-тәрбия, оқыў-билим ҳаққындағы қосықлары шайырдың терең сезимлер арқалы берилген. Бул тема усы дәўир әдебиятының тийкарғы өзгешелиги болды. Бирақ Х.Ахметовта бул идея қосықтың жан формасы арқалы шебер жеткерилген. Мысалы,

Бер қолынды

Көр жолынды,

Ер изиме жамайым

Оқып билим

Билип илим

Алға барың қалмайын

Өнерли елден

Өнергерден

Үйрен өнер жамайым

Бирлесип ис,

Қосыңыз күш,

Бирликли бол жамайым.

Еркин қосық формасында жазылған бул лирикасында халықты жақты жолға баслаў, илим ийелеўге, бирликли аўызбиршиликке шақырық руўҳы бар. Билимли мәдениятлы ел жәҳәнге танылады. Бул ҳәр қандай жәмийетте де гөнермейтуғын идея. „Қарақалпақ“ қосығында шайырдың жәмийетлик-сиясий пикирлери және де айқынласқан. „Хан қалтасы болып келген қарақалпақ“. Бул қосық қатарларында шайыр тарийхый ҳақыйқатлықты бере алған. Шайырдың пикиринше жаңа дүзим қарақалпақ халқын азатлыққа алып шықты. „Аты қалып еди өшиўге енди аз“ деп өшейин деп турған миллет шоқ алып алысты деген пикирлерди билдиреди. Бул пикирлердиң қаншелли дурыслыққа жақын яки алыс екенлегнине қарамастан шайырдың айтажақ сөзи анық, яғный қарақалпақ халқы уллы миллет. Сонлықтан басқа халықлардай мәдениятлы, илимли саналы раўажланған халық болып өз ерки қолында азат ҳәм абат миллет дәрежесинде жасаўы керек ҳәм оған ҳақлы деген пикирди алға сүреди. Шайырдың өмири гүресшең өмир. Қандай лаўазымда ислегенине қарамастан жәмийеттиң

раўажланыўына хызмет етти ҳәм қосықларында да усы нәрсе айқын сезилип турады. „Жол бермең“, „Өшер болды“, „Бул миннетиң“ ҳ.т.б. қосықлары буған мысал бола алады. Мәдений, билим, ағартыўшылық темаларында „Тарасын“, „Кел қурдаслар“, „Билим менен жансын шам“ ҳ.т.б. үлкен орын ийелейди.

Мийнеткештиң көрер көзи,
Көпке тарасын, тарасын,
Қаллаш муңын муңламаға,
Газит жарасын, жарасын.

Х.Ахметовтың ҳәр бир қосығында жанлы шақырық, жәмийеттеги жаңалықларды жырлаў, жаслардың ўазыйпаларын көрсетиў айрықшаланып турады. „Бул миннетиң“ қосығында турмыстың жақсыланыўы, тәғдири өз қолында екенин атап көрсетеди.

Аўылда бар ески мектеп,
Оқып жүр жаслар тиртеклеп
Соны араға тартың еплеп,
Тартың жаслар бул миннетиң.

Шайырдың „Билим менен жансын шам“ қосығы мазмун ҳәм формасы бойынша ең табыслы шыққан дөретпеси. Айырым қатарлары ҳәттеки афоризмге айланып кеткен.

Қарағым оқып билим ал,
Оқымаған адам лал,
Гүллән ис оқыў билимде,
Оқыў илим, оқыў мал.

Билим тамақ билим нан,
Билимсиздиң иси қам,
Үйрен өнер билимди.
Билим менен жансын шам.

Шайыр дәўир менен тең қәдем таслап, жаңалықларды үгитлеп отырды. „Латынлас“ қосығында латын әлипбесин халықты саўатландырыўдағы әҳмийетин ашып береди. Улыўма алғанда Х.Ахметовтың ҳәр бир лирикасында заман нәпеси жанлы шақырық, миллий ағартыўшылық идеялар сезилип турады.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Х.Ахметов лирикаларының идеялық бағдары қандай?
2. Шайыр лирикаларының көркем формасына талқы жасаў
3. Қосықларының көркемлик өзгешелиги ҳәм тили

Пайдаланылған әдебиятлар:


1. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, Қарақалпақстан. 1988.

w. Авторлар. Маънавият юлдузлари. Ташкент. w00


Қыссаханлықтың раўажланыўы

Жобасы.

1. Миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебиятында қыссаханлықтың орны
2. Қазақбай шайыр ҳәм қыссахан
3. Қыссаханлық мектеплериниң ўәкиллери

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қыссаханлық бағдары кең раўажланды. Қарақалпақстанда қыссаханлық мектеплериниң бир неше түрлери мәселен, „Қәўендер бала“ мектеби, „Қазы Мәўлик“, „Сейфулла“ мектеплери пайда болды. Бул мектеплер қарақалпақлар арасында өз атқарыўшылық жолына ийе болып танылды. Ҳәр бир мектептен бир неше қыссаханлар тәлим алған. Мысалы „Қәўендер бала“ мектебинен Аббаз, Қазақбай, Балтабай усаған қыссаханлар жетилисип шықты. Қыссаханлардың қарақалпақ әдебиятындағы ең уллы хызметлериниң бири олар жазба әдебиятты раўажландырды. Яғный, классик шайырлар Бердақ, Әжинияз, Күнхожа шығармаларын түп нусқасында сақлап келген ҳәм кейинги әўладқа жеткерген. Қыссаханлар - булар аўдармашылар. Олар тәрепинен Х.Яссаўийдиң, Суфы Аллаярдың, Наўайы ҳәм түркий тиллес халықлар әдебиятының дүрданаларын қарақалпақ тилине аўдарған ҳәм оларды атқарған. Қдың өзине тән атқарыў жолы болды. Атқарыўшылық хызмети менен қыссаханлар халықтың руўхый байлығын раўажландырды. Екинши тәрептен

халықлар ортасындағы әдебий, мәдений байланысларды әмелге асырды. Қыссаханлар XX әсирдиң 40-50-жылларына шекем жетип келди. Қыссаханлық мектебиниң соңғы ўәкиллери Аббаз ҳәм Садық шайырлар болды. Әдебияттаныў илиминде қыссаханлық ҳаққында пикирлер жүдә аз. Қ.Айымбетовтың „Халық даналығы“ китабында қыссаханлардың генеологиялық кестеси ҳәм олар ҳаққында мағлыўматлар берилген.

Қәўендер бала (1896-1917). Ол қарақалпақ қыссаханлық мектебиниң өзине тән мектебин жаратты ҳәм көплеген шәкиртлерди жетилистирип шығарды. Оның айрықша хызмети сонда, ол Қазы Мәўликтиң шығармаларын тарқатыўшы болды. Аббаз шайыр өз сөзинде: „Қәўендердиң изине ерип жүрип, қысса оқып, өнер үйрендим“, -деп айтады. Қәўендер бала 1917-жылы баспашылар тәрепинен атып өлтирилди. Оның өлимине халық қайғырады ҳәм оған арнап қосық шығарады.

Ғаўаша паядан пая бола ма,
Басыңа телпегиң сая бола ма,
Қашлары қыйылған Қәўендер бала,
Душпанның оғынан зая бола ма.

1.Қазақбай шайыр Хожанияз улы (1880-19__). Миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебиятында Қазақбай шайырдың орны айрықша. Себеби, ол әкеси Хожанияз шайырдың тәрбиясынан шыққан, қыссаханлықты Қоразбектен үйренген, С.Мажитов пенен әдебий байланыста болған шайырдың қосықларында ағартыўшылық, тарийхый ҳәм муҳаббат темасындағы бирқанша салмақлы шығармалары мийрас болып қалған. Ол 1880-жылы Арал теңизиниң әтирапында Хожанияз шайырдың шаңарағында дүньяға келеди. Әкеси Хожанияз шайыр өз заманының белгили шайырларынан есапланған. Мысалы оның „Кемал хожа“, „Әбдирашит“ деген қосықлары халық арасында көп тарқалған. Ол ескише саўатлы болып, молла Хожанияз деген атқа ийе болды. Сол дәўирде өзи сыяқлы моллалар менен бирге қазақ далаларына барып бала оқытқан. Мине усындай мәдений орталықта тәрбияланған Қазақбай жас ўақытларынан баслап көркем әдебиятқа деген қызығыўшылығы айрықша болды ҳәм Қарақум ийшан медресесинде тәлим алған. Демек Қазақбай шайыр ең саўатлы уламалар қатарынан орын алған. Медреседе диний китаплар менен бирге көркем Шығыс классик әдебиятын үйренип көркем әдебиятқа деген қызығыўшылығы артты. Соның менен бирге Қазақбай шайыр өз дәўириниң атақлы қыссаханлары Қаўендер бала. Аббаз. Камал менен әдебий байланыста болып өзи де қыссаханлық пенен шуғылланған. Оның репертуарында „Саятхан Ҳамра“, „Ғарип ашық“,

„Юсуп Ахмет“, дәстанлары орын ийеледи. Қазақбай халық арасына шайыр ҳәм қыссахан сыпатында танылған. Бирақ оның азғана қосықлары бизиң дәўиримизге жетип келген. Қазақбай шайыр ҳаққында Н.Даўқааевтың, Қ.Айымбетовтың айрым мийнетлеринде сөз етилген. Қазақбай шайырдың шығармаларының тематикасы ҳәр қыйлы. Миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебиятында жетекши жанрлардан есапланған тәрийип жанры шайыр дөретиўшилигинде шебер қолланған. „Бир қыз көрдим“ қосығында шайыр қызлардың гөззаллығын былайынша тәрийиплейди.

*Деймен магар он сегизде жаслары,*
*Гүмис тилла* киби таққан таслары,
Ҳинжиден пуў алған оның қаслары,
Инам еткен шайларымды алмады.

Шайырдың лирикларында тарийхый тема тийкарқы орынды ийелейди. Мысалы, „Ашлық“, „Бола баслады“ қосықларында мәрдикарға алыў, ашаршылық темалары сөз етиледи.

Ашлық ҳәммеге тарады,
Атшоқай қайда деп сорады,
Қызыл тары жоңышқаны,
Шийкили, писли жалмады.
Шымбайда бар Халмурат бай,
Кембағал ушын жүда жай,
Пулсыз берип ун ҳәм шай,
Бизди сақлар деп турмыз.

Қазақбай шайырдың „Жәбдиллесиў“, „Таза мектеп“ сыяқлы қосықларында билимлендириў, халықтың мәдениятын көтериў усаған пикирлер көтериледи.

Мәдението алға өрлеп баратыр,
Шөлкемлести драм кружок театр,
Тилсим яңлы кино жүрип баратыр,
Мәдениятлы ойыны бар Шымбайдың.

Солай етип. Қазақбай шайыр өзиниң дөретиўшилиги менен миллий ояныў дәўири қарақалпақ әдебиятында белгили орын ийелейди.

Пайдаланылған әдебиятлар.

1. Айымбетов.Қ. „Халық даналығы“ Нөкис. „Қарақалпақстан“ 1988.
2. Пахратдинов.Ә Х1Х әсирдиң ақыры ХХәсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты. Нөкис. Билим 1996

Сораўлар ҳәм тапсырмалар.

1. Қыссаханлардың ағартыўшылық хызметлери.
2. Қазақбай шайырдың лирикаларының тематикалық мазмуны.